

**KAJIAN FILOLOGI SÂHÂ ANALISIS KAWRUH ANGGAYUH RAOSING
GÊSANG INGKANG SAJATOS WONTÊN SÊRAT WÉDYÂ PRASTÂWÂ**

SKRIPSI

Dipunajêngakên dhatêng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jêjangkêping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



Déning

Ria Nur Hanifah

NIM 10205241051

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2014

PASARUJUKAN

*Skripsi kanthi irah-irahanipun Kajian Filologi sâhâ Analisis Kawruh Anggayuh
Raosing Gêsang ingkang Sajatos wontên Sêrat Wédyâ Prastâwâ mênikâ sampun
angsal palilah saking Pembimbing supados dipunujèkakên ing pandadaran.*



Yogyakarta, 26 Juni 2014

Pembimbing,

Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.

NIP 19610313 198811 2 002

PANGÊSAHAN

*Skripsi kanthi irah-irahan Kajian Filologi Wontên Kajian Filologi sâhâ Analisis
Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos wontên Sêrat Wêdyâ
Prastâwâ mênika sampun dipunandharakên wontên pandadaran sangajênging
Dewan Penguji rikâlâ tanggal 11 Juli 2014 sâhâ dipuntêtêpakên lulus.*

DEWAN PENGUJI


Asmâ	Jabatan	Tapak Tanggal Asmâ
Dr. Suwardi, M.Hum	Ketua Penguji	 15-07-2014
Venny Indria E., S.Pd., M.Litt.	Sekretaris Penguji	 15-07-2014
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.	Penguji Utama	 14-07-2014
Dra. Hesti Mulyani, M.Hum.	Anggota Penguji	 15-07-2014

Yogyakarta, 15 Juli 2014

Fakultas Bahasa Dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,


Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP 19550505 198011 1 001

WÊDHARAN

Ingang *tanda tangan* wontên ing ngandhap mênikå, kulå:

Nåmå : Ria Nur Hanifah

NIM : 10205241051

Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa


Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

ngandharakên bilih *karya ilmiah* mênikå sêratan kulå piyambak. Samangrêtos kulå, *karya ilmiah* mênikå isipun botên dipunsêrat déning tiyang sanès, kajawi bab-bab tartamtu ingkang kulå pêndhêt minangkå *acuan* kanthi adhêdhasar tâtå cârå sâhå *etika* nyêrat *karya ilmiah* ingkang limrah.

Sêratan ing wêdharan mênikå kasêrat kanthi saèstu. Manawi kasunyatanipun kabuktèn bilih wêdharan mênikå botên lêrês, bab mênikå dados tanggêl jawab kulå pribadi.

Yogyakarta, 26 Juni 2014

Panyêrat,



Ria Nur Hanifah
NIM 10205241051

SÊSANTI

“Ngèlmu iku kalakoné kanthi laku” (Sêrat Wédhâtâma, 33: 1)

“Manusia merencanakan, Tuhan yang menentukan” (Panaliti)

“Our life is our responsibility” (Oprah Winfrey)

PISUNGSUNG

Skripsi mênikå kulå pisungsungakên dhumatêng tiyang sêpuh kulå Bapak Basirun
sâhå Ibu Supriyani ingkang sampun paring panyêngkuyung sâhå dongå pangèstu
saénggå *skripsi* mênikå sagêd karampungakên

PRAWACANA

Alhamdulillah rabbil'alamîn, panyêrat ngaturakên raos sokur dhumatêng Gusti Inggang Mâhâ Kuwaos inggang tansah paring rahmat sâhâ hidayahipun dhatêng panyêrat, saénggâ *skripsi* mênikâ sagêd rampung kanthi nir ing sambékâlâ. Panyêrating *skripsi* mênikâ sagêd karampungakên kanthi pambiyantu saking pintên-pintên pihak. Awit saking mênikâ, panaliti ngaturakên agunging panuwun dhumatêng pihak-pihak ing ngandhap mênikâ. Kanthi raos inggang tulus panyêrat ngaturakên agunging panuwun dhatêng:

1. Bapak Prof. Dr. Rochmad Wahab, M.Pd., M.A., minangkâ Rektor Universitas Negeri Yogyakarta inggang sampun paring wêkdal kanggé sinau wontên ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah;
2. Bapak Prof. Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangkâ Dekan Fakultas Bahasa dan Seni inggang sampun paring kalodhangan anggèn kulâ nyêrat *skripsi* mênikâ;
3. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangkâ pangarsâ Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggang sampun paring idi kanggé nglampahi panalitèn mênikâ;
4. Ibu Dra. Hesti Mulyani, M.Hum, minangkâ *dosen pembimbing* inggang sampun kêrsâ paring wêwarah, piwulang, bimbingan, sâhâ wêjangan tumrap panyêrat kanthi sabar;
5. Bapak-Ibu Dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggang sampun paring mawarni-warni kawruh, piwulang, sâhâ wêjangan inggang murakabi dhatêng panyêrat;
6. Staf Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah inggang sampun paring pambiyantu *administrasi perkuliahan* dhatêng panyêrat;
7. *Petugas Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya*, inggang sampun paring pambiyantu dhatêng panaliti kanggé nindakakên *pengamatan langsung naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ*;
8. Bapak Basirun sâhâ Ibu Supriyani minangkâ tiyang sêpuh, panyêrat ngaturakên agunging panuwun awit saking paringipun dongâ pangèstu, sâhâ wêjangan-wêjanganipun, saénggâ panyêrat sagêd mujudakên *skripsi* mênikâ;
9. Sadâyâ kulâwargâ inggih menikâ Mbak Tutik, dhik Èn, Bu Nunuk, Novi, Nilam, Ilmi, Ana, Ayustin sâhâ Mbak Warih inggang sampun paring

panyengkuyung satêmah kulå tansah tatag têtêg satêmah tutug saénggâ *karya ilmiah* mênikå sagêd maujud;


10. Kåncå rakêt kulå Desinta Siwi Yunarwati sâhå Fluorida Riyanti Wardani ingkang sampun paring panyengkuyung, panjurung, sâhå pambiyantu kanggé panyêrat;
11. Måhåsiswå Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah kêlas B *angkatan* 2010 ingkang sampun sukå panjurung anggèn kulå nyêrat *skripsi* mênikå;
12. Sadâyå *pihak* ingkang botên sagêd kulå sêbut, ingkang sampun paring pambiyantu, pandongå, sâhå panjurung dhatêng panyêrat saénggâ *skripsi* mênikå sagêd maujud.

Têmtu kémawon *skripsi* mênikå dèrèng sagêd kawastanan saé, jangkêp, mênåpå déné sampurnå. Pramilå saking mênikå, sadâyå pangandikan mênåpå déné panyaruwé ingkang tumuju murih langkung saé, jangkêp, sâhå sampurnaning *skripsi* mênikå, tansah katampi kanthi bingahing manah sâhå atur agunging panuwun.

Wasånå, kanthi raos andhap asor panyêrat kamipurun ndamêl *karya ilmiah* mênikå sinaoså dèrèng sampurnå. Ananging, panyêrat saèstu angajêng-ajêng mugi-mugi *skripsi* mênikå sagêd murakabi.

Yogyakarta, ²⁶Juni 2014

Panyêrat,



Ria Nur Hanifah
NIM 10205241051

PRATÉLAN ISI

	kâcå
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
WÊDHARAN	iv
SÊSANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRÂWACÂNÂ	vii
PRATÉLAN ISI	ix
PRATÉLAN <i>TABEL</i>	xii
PRATÉLAN <i>BAGAN</i>	xiv
PRATÉLAN CÊKAKAN	xv
<i>LAMPIRAN</i>	xvi
PANDOM <i>EJAAN</i>	xvii
SARINING PANALITÈN	xviii
 BAB I PURWÂKÂ	
A. Dhasaring Panalitèn	1
B. Undêraning Prakawis	6
C. Watêsaning Prakawis	6
D. Wosing Panalitèn	7
E. Ancasing Panalitèn	7
F. Paédahing Panalitèn	8
G. Pangrêtosan ingkang Gayut kaliyan Irah-irahan	8
 BAB II GÊGARAN <i>TEORI</i>	
A. <i>Kajian Filologi</i>	10
1. Pangrêtosan	10
2. <i>Objek</i> Panalitèn Filologi	12
a. <i>Naskah</i>	12
b. <i>Teks</i>	14

3. Ancasing Panalitèn Filologi	15
4. Lampahing Panalitèn Filologi	16
a. <i>Inventarisasi Naskah</i>	17
b. <i>Deskripsi Naskah sâhâ Teks</i>	18
c. <i>Alih Tulis Teks</i>	20
a) <i>Transliterasi Teks</i>	20
b) <i>Suntingan Teks</i>	21
d. <i>Parafrase Teks</i>	23
e. <i>Terjemahan Teks</i>	23
f. <i>Pemaknaan Teks</i>	24
B. <i>Sêkar Mâcâpat wontên ing Naskah Jawi</i>	25
C. <i>Mistik Kajawèn</i>	27
D. <i>Panalitèn Ingkang Jumbuh</i>	30
BAB III CARA PANALITÈN	
A. <i>Jinising Panalitèn</i>	32
B. <i>Sumber Data Panalitèn</i>	32
C. <i>Cârâ Ngêmpalakên Data Panalitèn</i>	33
a. <i>Inventarisasi Naskah</i>	34
b. <i>Deskripsi Naskah sâhâ Teks</i>	34
c. <i>Alih Tulis Teks</i>	34
d. <i>Terjemahan Teks</i>	35
e. <i>Pemaknaan teks</i>	36
D. <i>Pirantos kanggé Ngêmpalakên Data Panalitèn</i>	36
E. <i>Cârâ Analisis Data Panalitèn</i>	39
F. <i>Cârâ Ngêsahakên Data Panalitèn</i>	40
BAB IV ASILING PANALITÈN SÂHÂ PANGRÊMBAGIPUN	
A. <i>Deskripsi Naskah SWP sâhâ Pangrêmbagipun</i>	42
B. <i>Alih Tulis teks SWP sâhâ Pangrêmbagipun</i>	53
a. <i>Pandom Transliterasi Naskah SWP</i>	53
b. <i>Pandom Suntingan teks SWP</i>	68
c. <i>Pirêmbaging Asiling Alih Tulis Teks SWP</i>	68

C. Asiling Terjemahan Teks Sêrat Wédyå Praståwå.....	94
1. Asiling Terjemahan Teks SWP	94
2. Cathêtan Terjemahan Teks SWP	116
D. Pangrêmbaging Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos wontên Teks Sêrat Wédyå Praståwå	118
1. Kawontênanipun Gêsangipun Manungså ingkang Gadhah “Kapénginan” Ngudi Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos.....	119
2. Unggah-Ungguhipun Siswå ingkang Badhé Maguru Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos.....	120
3. Kawontênan Gêsangipun Manungså Guru ingkang Mulangakên Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos	123
4. Wêkdal sâhå Panggènan ingkang Saé kanggé Pamêjangan Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos	124
5. Syarat ingkang Kêdah Dipunlampahi déning Siswa Sadèrèngipun Nampi utawi Nyinau Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos.....	126
6. Paprincèning Tri Sabåwå.....	137
7. Panuntun sâhå Pangayomaning Gêsang	148
8. Kautamaning Manungså ingkang Sampun Paham Tri Sabåwå.....	148
9. Pituwas Tumrap Manungså ingkang Botên Manut Wêwaton Tri Sabåwå.....	150
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	153
B. Pamrayogi	156
C. Implikasi	156
KAPUSTAKAN.....	157
LAMPIRAN	161

PRATÉLAN TABEL

	kâcå
<i>Tabel 1: Urut-urutaning gangsal-wêlas warni Sêkar Måcåpat.....</i>	26
<i>Tabel 2: Guru Gatrå, Guru Lagu, sårå Guru Wilangan Sêkar Måcåpat.....</i>	27
<i>Tabel 3: Kartu Data kanggé Nyêrat Asiling Inventarisasi Naskah</i>	37
<i>Tabel 4: Kartu Data kanggé Nyêrat Asiling Deskripsi Naskah sårå Teks.....</i>	37
<i>Tabel 5: Kartu Data kanggé Nyêrat Asiling Transliterasi Teks sårå Suntingan Teks.....</i>	39
<i>Tabel 6: Kartu Data kanggé Nyêrat Aparat Kritik.....</i>	39
<i>Tabel 7: Asiling Deskripsi Naskah sårå Teks SWP.....</i>	42
<i>Tabel 8: Wujuding Aksårå Jåwå sårå Pasanganipun wontên ing naskah SWP ingkang dipunsêrat mawi Aksårå Latin.....</i>	54
<i>Tabel 9: Wujuding Aksårå Swårå sårå Panyêratipun.....</i>	57
<i>Tabel 10: Wujuding Aksårå Murdå sårå Panyêratipun.....</i>	57
<i>Tabel 11: Wujuding Aksårå Murdå ingkang boten jumbuh sårå Panyêratipun.....</i>	58
<i>Tabel 12: Wujuding Sandhangan sårå Tulådå Panyêratipun.....</i>	59
<i>Tabel 13: Tulådå Panyêrating hå ingkang Cêthå sårå hå ingkang Ampang</i>	62
<i>Tabel 14: Tulådå Panyêratipun (o) mawi Nasal dipunsêrat Dados å.....</i>	63
<i>Tabel 15: Tulådå Panyêratipun e Pepet sårå e Taling.....</i>	63
<i>Tabel 16: Tulådå Panyêrating Têmbung Dwilinggå wontên SWP.....</i>	63
<i>Tabel 17: Tulådå Panyêratipun Dwipurwå wontên SWP.....</i>	64
<i>Tabel 18: Tulådå Panyêratipun Tembung ingkang Dipunsudå Satunggal Aksårå ingkang Sami wontên SWP.....</i>	64
<i>Tabel 19: Tulådå Panyêrating Aksårå kapital kanggé Nyêrat Aksårå Sapisanan Têtêmbungan ingkang Gayut kaliyan Agami sårå Gusti.....</i>	65

<i>Tabel 20: Tulådha Panyêrating Aksara Kapital kanggé Nyêrat Aksara Sapisanan Asmanipun Tiyang utawi Jêjuluk Pakurmatan.....</i>	65
<i>Tabel 21: Tulådha Panyêratipun Aksara Kapital kanggé Nyêrat Aksara Sapisanan Namaning Papan Padunungan.....</i>	65
<i>Tabel 22: Panyêrating Tandha Metra wontên SWP.....</i>	66
<i>Tabel 23: Asiling Transliterasi sâha Suntingan Teks SWP.....</i>	69
<i>Tabel 24: Aparat Kritik wontên teks SWP.....</i>	88
<i>Tabel 25: Asiling Terjemahan Teks SWP.....</i>	95

PRATÉLAN BAGAN

	kåcå
<i>Bagan 1: Pangrêtosaning filologi.....</i>	11
<i>Bagan 2: Objek Panalitèn filologi.....</i>	12
<i>Bagan 3: Lampahing Panalitèn Filologi.....</i>	16
<i>Bagan 4: Pérangan Tri Sabåwå.....</i>	137
<i>Bagan 5: Bab Pralampitå Wadananipun Sabawaning Suksmå.....</i>	143

PRATÉLAN CÊKAKAN

SWP : Sêrat Wédyâ Prastâwâ

LAMPIRAN

kācā

<i>Lampiran 1 : Naskah Sêrat Wédya Prastawa</i>	161
---	-----

PANDOM EJAAN

Pandom *ejaan* ingkang dipunginakakên wontên ing *karya ilmiah* mênika wontên kalih, inggih mênika pandom *ejaan* kanggé sêratan abaså Indonesia sâhå pandom *ejaan* kanggé sêratan abaså Jawi. Pandom *ejaan* baså Indonésia sadayanipun ngginakakên *Ejaan Bahasa Indonesia yang Disempurnakan (EYD)*. Wondéné pandom *ejaan* baså Jawi sakêdhik radi nyêbal saking *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (Anggota IKAPI, 2006), inggih mênika tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / ə / ungêlipun é kados ing têmbung **têngên** ‘*kanan*’; tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / e / ungêlipun é kados ing têmbung **kadosdéné** ‘*sedangkan*’; sâhå tåndhå è kanggé nyêrat *fonem* / æ / ungêlipun è kados ing têmbung **ènthèng** ‘*ringan*’. Sasanèsipun mênika ugi tåndhå å kanggé nyêrat *fonem* / ɔ / ungêlipun å kados ing têmbung **kåcå** ‘*halaman*’.

Tåndhå sambung (-) (Anggota IKAPI, 2006: 29), kaginakakên kanggé nyêrat têmbung andhahan, inggih kanggé milahakên antawisipun têmbung abaså Indonesia ingkang kawuwuhan atêr-atêr **dipun-** sâhå panambang **-akên**. Tuladhanipun, inggih mênika **dipun-sunting** sâhå **dipun-terjemah-akên**.

Irah-irahan *naskah* sâhå pêthikan-pêthikan abaså Jawi ngginakakên *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* kanggé nggampilakên panyêratipun. Ananging, kanggé aksårå e ngginakakên tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / ə /, tåndhå é kanggé nyêrat *fonem* / e /, ugi ngginakakên tåndhå è kanggé nyêrat *fonem* / æ /, sâhå aksårå a (lêgênå) ngginakakên tåndhå å kanggé nyêrat *fonem* / ɔ /.

Sadâyå irah-irahaning buku ingkang kasêrat mawi aksårå Latin ingkang ngginakakên *ejaan* sadèrèngipun *EYD*, têtêp kasêrat mênåpå wontênipun murih têtêp kajagi aslinipun, ugi supados botên nuwuhakên salah tapsir. Kanggé irah-irahaning buku utawi *naskah* sêratan aksårå Jåwå kajumbuhakên kaliyan *EYD*.

KAJIAN FILOLOGI SĀHĀ ANALISIS KAWRUH ANGGAYUH RAOSING GĒSANG INKGANG SAJATOS WONTĒN SĒRAT WĒDYĀ PRASTĀWĀ

Déning: Ria Nur Hanifah
NIM 10205241051

SARINING PANALITĒN

PanalitĒn mĕnikĀ ngĕwrat sakawan warni ancasing panalitĒn. Ancasing panalitĒn mĕnikĀ kanggé: (1) ngandharakĕn *deskripsi naskah sĀhĀ teks SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ*, (2) ndamĕl alih tulis *teks SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ*, (3) ndamĕl *terjemahan teks SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ*, sĀhĀ (4) ngandharakĕn piwulang bab kawruh anggayuh raosing gĕsang ingkang sajatos wontĕn *teks SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ*.

PanalitĒn mĕnikĀ ngginakakĕn *metode panalitĒn filologi modern sĀhĀ metode panalitĒn deskriptif. Metode panalitĒn filologi* dipunginakakĕn kanggé nliti *naskah* kanthi irah-irahan *SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ*. Wondĕné *metode panalitĒn deskriptif* dipunginakakĕn kanggé nggambarakĕn *teks SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ* kanthi *sistematik sĀhĀ objektif. Sumber data* panalitĒn mĕnikĀ *naskah SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ koleksi-nipun Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya. CĀrĀ* anggĕnipun ngĕmpalakĕn *data* panalitĒn mĕnikĀ kanthi ngginakakĕn lampahing panalitĒn *filologi*, inggih mĕnikĀ *inventarisasi naskah, deskripsi naskah sĀhĀ teks, alih tulis teks, damĕl terjemahan teks, kalajĕngakĕn analisis teks. CĀrĀ analisis data* panalitĒn inggih mĕnikĀ kanthi ngginakaken analisis deskriptif. *Validitas ingkang* dipunginakakĕn, inggih mĕnikĀ *validitas semantik. Reliabilitas ingkang* dipunginakakĕn, inggih mĕnikĀ *reliabilitas intrarater sĀhĀ interrater*.

Asiling panalitĒn filologi tumrap *SĒrat WĒdyĀ PrastĀwĀ* mĕnikĀ ngandharakĕn sangang bab. Wondĕné paprincĕn asiling panalitĒn inggih menika (1) kawontĕnanipun manungsĀ ingkang gadhah “kapĕnginan” ngudi kawruh anggayuh raosing gĕsang ingkang sajatos, lajĕng (2) unggah-ungguhipun siswĀ ingkang badhé maguru kawruh anggayuh raosing gĕsang ingkang sajatos, (3) kawontĕnanipun manungsĀ ingkang sagĕd dipundadosakĕn guru ingkang mulangakĕn kawruh anggayuh raosing gĕsang ingkang sajatos, (4) wĕkdal sĀhĀ panggĕnan ingkang saé kanggé pamĕjangan kawruh anggayuh raosing gĕsang ingkang sajatos, (5) *syarat ingkang kĕdah dipunlampahi déning siswa sadĕrĕngipun nampi utawi nyinau kawruh anggayuh raosing gĕsang ingkang sajatos*, (6) paprincĕning tri sabĀwĀ, (7) panuntun sĀhĀ pangayomaning gĕsang, (8) kautamaning manungsĀ ingkang sampun paham tri sabĀwĀ, pungkasan (9) pituwas tumrap manungsĀ ingkang botĕn manut wĕwaton tri sabĀwĀ.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panalitèn

Filologi inggih mênika ngèlmi ingkang *objek* panalitènipun awujud *naskah-naskah* kinà (Djamaris, 2002: 3). Miturut Robson (1994: ix) *filologi* inggih mênika cårå kanggé mbêdhah isining *teks*, kanthi lampahing panalitèn tartamtu. Baroroh-Baried (1985:1) ngandharakên *filologi* inggih mênika satunggaling ngèlmi ingkang gayut kaliyan wohing kasusastran ingkang magêpokan kaliyan bab bâsà, sastrå, sårå budåyå. Ingkang dipunkajêngakên wohing kasusastran minångkå asiling budåyå jaman rumiyin ingkang awujud wohing pamikir, pangraos, kapitadosan, *adat kebiasaan*, sårå *nilai-nilai* pagêsangan ingkang lumampah sårå katindakakên déning masarakat.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *filologi* inggih mênika ngèlmi ingkang ngrêmbag bab *naskah* sårå *teks* kinà. *Naskah* sårå *teks* kinà mênika wontên gêgayutanipun kaliyan wohing kasusastran sårå magêpokan kaliyan *studi* bab bâsà, sastrå, sartå budåyå minångkå asiling budåyå jaman rumiyin.

Sabên ngèlmi mênika wontên *objek* panalitènipun. Makatên ugi ngèlmi panalitèn *filologi*. *Objek* panalitèn ngèlmi *filologi* wontên kalih, inggih mênika *naskah* sårå *teks*. *Naskah* inggih mênika têtilaraning budåyå saking pårå sêsêpuh jaman rumiyin awujud sêratan, ugi awujud *konkret* inggih ingkang ngêwrat *ide*, wohing pamikir, sårå *gagasan* (Baroroh-Baried, 1985: 54). Wondéné *teks* inggih mênika isinipun *naskah* ingkang sagêd dipunwaos déné wujudipun *abstrak*.

Têgêsipun *teks* mênika manéka warni, inggih mênika (1) rêrangkéning têtêmbungan kanthi isi tartamtu, (2) *kandungan naskah*, (3) andharan ingkang gégayutan kaliyan budaya satunggaling bangsa ing jaman rumiyin ingkang dipunandharakên kanthi lésan utawi sinêrat (Mulyani, 2009: 2).

Sabên *naskah* mênika ngêwrat andharan ingkang bédå. Dados, *naskah* mênika isinipun manéka warni. *Naskah* sagêd dipunpânthå-pânthå adhêdhasar andharan isining *teks*. Miturut Behrend (1990: x-xiii), *teks* mênika wontên ingkang ngêwrat jinis (1) *sejarah*, (2) såråsilah, (3) hukum, (4) bab ringgit, (5) sastra ringgit, (6) sastra, (7) piwulang, (8) Islam, (9) primbon, (10) bâså, (11) musik, (12) *tari-tarian*, (13) *adat istiadat*, (14) *lain-lain*.

Naskah-naskah wontên tlatah Jawi mênika jinisipun manéka warni sårå cacahipun kathah. *Naskah-naskah* Jawi ingkang manéka warni jinisipun sårå cacahipun kathah mênika sampun kaimpun ing perpustakaan *permanuskripan* lembaga-lembaga ilmiah, déning bêbadan pamaréntah, swasta, ing Indonesia mênåpå déné ngamåncå (Darusuprpta, 1985: 1). Tuladhanipun papan panyimpêning *naskah* inggih mênika wontên ing Perpustakaan Museum Sånåbudaya, Balai Bahasa Yogyakarta, Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta, sårå ing perpustakaan universitas-universitas tartamtu kadostå ing Fakultas Sastra UI, UGM, sartå UNS.

Salah satunggaling *naskah* Jawi ingkang kasimpên ing *perpustakaan permanuskripan* inggih mênika *naskah Sêrat Wêdyå Praståwå*. *Naskah Sêrat Wêdyå Praståwå* inggih mênika salah satunggalipun *naskah* Jawi kanthi dhapukan sêkar måråpat sårå kalêbêt ing jinis piwulang. Hadiatmaja (2008: 56)

ngandharakên bilih sêrat wulang mênikå ngêwrat *nilai-nilai rohani* sâhå piwulang *moral* ingkang sagêd dipunginakakên déning pamaosipun. Wondéné, miturut Behrend (1990: xi) *naskah* ingkang kalêbêt jinis piwulang limrahipun ngêwrat piwulangipun pârå tiyang salèh, suci, mumpuni sâhå wicaksânå, déné suraosing *teks* wontên ingkang gayut kaliyan agami Islam sâhå gayut kaliyan kajawèn.

Dados, *naskah* piwulang mênikå ngêwrat *nilai-nilai rohani* sâhå piwulang *moral* ingkang jumbuh kaliyan agami Islam sâhå kajawèn. Kajawèn inggih mênikå samukawis ingkang jumbuh kaliyan adat sâhå kapitadosan tiyang Jawi. Adhêdhasar andharan kasebut, *Sêrat Wêdyå Praståwå* salajêngipun dipunsêbut SWP dipundadosakên *sumber data* wontên ing panalitèn mênikå.

Têmbung *sêrat* wontên *Sêrat Wêdyå Praståwå*, asalipun saking bâså Jawi ragam kråmå ingkang têngêsipun layang utawi surat (Poerwadarminta, 1939: 559). Têmbung *wêdyå* dasanamanipun *widyå* asalipun saking bâså Sanskerta têngêsipun inggih mênikå ‘*kawruh*’ (Poerwadarminta, 1939: 662), déné têmbung *praståwå* atêngês ‘*waspadå* utawi *waskithå*’ (Poerwadarminta, 1939: 511). Pramila, têngêsipun têmbung *Sêrat Wêdyå Praståwå* inggih mênikå surat utawi layang minångkå sêratan ingkang ngêwrat ngèlmi kawaspadan tumrap manungså mliginipun tiyang Jawi ing pagêsanipun.

Isining piwulang wontên ing salêbêting *teks* *Sêrat Wêdyå Praståwå* sagêd dipuntingali saking manggalanipun *naskah* ingkang mapan ing samak *dalam naskah*. Isining piwulang wontên ing *Sêrat Wêdyå Praståwå* inggih mênikå piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kêdahipun paham paprincèning tri sabåwå. Bab piwulang mênikå mungguhing gêsang samênikå

wigatos sangêt. Pramila, piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos mênikå prêlu dipuntaliti.

Manawi botên dipunwontênakên panalitèn tumrap *naskah Sêrat Wêdyå Praståwå* danguning dangu *naskah SWP* sagêd risak. Mênawi *naskah*-ipun risak, ndadosakên sarining *teks* botên sagêd dipunwaos malih. Supados *naskah SWP* tansah lêstantun, milå kêdah dipunwontênakên *penyelamatan naskah*. *Penyelamatan naskah* sagêd dipuntindakakên kanthi panalitèn tumrap *naskah SWP* mênikå. Salah satunggaling panalitèn ingkang sagêd dipunginakakên kanggé nлити *naskah* inggih mênikå kanthi cârå panalitèn filologi.

Lampahing panalitèn *filologi* mênikå katindakakên kanthi urut-urutaning panalitèn ingkang tartamtu. Urut-urutaning lampahing panalitèn filologi inggih mênikå: damêl *inventarisasi naskah*, ngandharakên *deskripsi naskah* sâhå *teks*, alih tulis *teks* ingkang ngginakakên transliterasi *teks* sâhå suntingan *teks* kanthi damêl aparat kritik, *parafrase teks*, sâhå damêl *terjemahan*-ipun *teks* kalajêngakên *pemaknaan teks*. Salajêngipun, kanggé damêl *inventarisasi naskah SWP*, dipunlampahi kanthi *studi katalog* sâhå ningali piyambak kawontênanipun *naskah*. *Studi katalog* dipunlampahi kanthi madosi katranganipun *naskah* adhêdhasar *katalog*.

Saking asiling *studi katalog* sâhå ningali piyambak ing papan panyimpêning *naskah*, kapanggihakên kalih *eksemplar naskah SWP*. *Naskah* ingkang sapisanan kasimpên ing Perpustakaan Museum Radyapustaka déné *naskah* ingkang kaping kalih kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya. *Naskah* ingkang dipunginakakên minångkå *sumber data* panalitèn

mênika inggih *Sêrat Wédyå Praståwå* ingkang kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta kanthi nomêr BB. 1. 134. *Naskah* kasêbut kalêbêt *naskah* cithak.

Adhêdhasar katrangan wontên Buku Daftar *Naskah* Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya (2012: 17) *naskah Sêrat Wédyå Praståwå* namung ngêwrat satunggal *teks* kemawon. Pramila, *fokus* panalitèn mênika namung satunggal *teks* inggih mênika *teks Sêrat Wédyå Praståwå*. *Sêrat Wédyå Praståwå* katêmtokakên dados *sumber data* panalitèn adhêdhasar tigang pawadan, kados ingkang kapratêlakakên ing ngandhap mênika.

1. *Naskah* kasêbut ngginakakên aksarå carakan cithak sårå bâså Jåwi gagrag anyar ingkang taksih sagêd dipunmangrêtos, saénggâ langkung gampil anggènipun damêl *analisis* isinipun.
2. Ngéngingi *naskah* mênika isinipun piwulang, inggih mênika bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Prakawis mênika wigatos amargi sagêd dados sêsêrêpan tumrap masarakat ing jaman samênika ingkang sawêg kénging *degradasi moral*.
3. Ngéngingi bab umur *naskah* inggih mênika 89 taun, kasêrat wontên pérangan kolofon *naskah*. Ing pérangan kâcå wontên ingkang bolong dipunpangan rêngêt, saéngga prêlu dipunrimat. Salah satunggaling cârå kanggé ngrimat *naskah* inggih mênika kanthi dipuntliti. Salah satunggaling panalitèn ingkang saged dipunginakakên kanggé nliti *naskah* inggih mênika kanthi cârå panalitèn filologi.

Awit saking mênikå, adhêdhasar katrangan-katrangan ing nginggil isining *Sêrat Wédyå Praståwå* prêlu dipuntliti amargi sagêd kajumbuhakên kaliyan kawontênan gêsang ing samadyaning masarakat. Sasanèsipun mênikå, isinipun *Sêrat Wédyå Praståwå* sagêd dipuncakakên ing pagêsan samênikå.

B. Undêraning Prakawis

Adhêdhasar andharan ing dhasaring panalitèn ing nginggil, nuwuhakên prakawis-prakawis ingkang badhé kaandharakên. Prakawis-prakawis kasêbut kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Inventarisasi naskah Sêrat Wédyå Praståwå.*
2. *Deskripsi naskah sâhå teks Sêrat Wédyå Praståwå.*
3. *Alih tulis teks Sêrat Wédyå Praståwå.*
4. *Parafrase teks Sêrat Wédyå Praståwå.*
5. *Terjemahan teks Sêrat Wédyå Praståwå.*
6. Piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên salêbêting teks *Sêrat Wédyå Praståwå*.

C. Watêsaning Prakawis

Adhêdhasar undêraning prakawis ingkang taksih wiyar, milå prakawis wontên ing panalitèn mênikå dipunwatêsi. Wondéné watêsaning prakawis dipunandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Deskripsi naskah sâhå teks Sêrat Wédyå Praståwå.*
2. *Alih tulis teks Sêrat Wédyå Praståwå.*
3. *Terjemahan teks Sêrat Wédyå Praståwå.*

4. Ngandharakên piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên *teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*.

D. Wosing Panalitèn

Wosing Panalitèn mênikâ adhêdhasar andharan ing undêraning prêkawis sâha watêsaning prêkawis. Wosing panalitèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikâ.

1. Kadospundi *deskripsi naskah sâhâteks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*?
2. Kadospundi alih tulis *teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*?
3. Kadospundi *terjemahan teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*?
4. Kadospundi piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên *teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*?

E. Ancasing Panalitèn

Saking andharan wosing panalitèn sagêd dipunpêndhêt ancasing panalitèn. Wondéné ancasing panalitèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikâ.

1. Ngandharakên *deskripsi naskah sâhâteks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*.
2. Ndamêl alih tulis *teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*.
3. Ndamêl *terjemahan teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*.
4. Ngandharakên piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên *teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*.

F. Paédahing Panalitèn

Sabên panalitèn kaajab sagêd dados kawruh tumrap pârâ pamaos. Kanthi panalitèn mênikâ dipunajab andharan wontên *teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ* sagêdâ

mumpangati mênggahing bêbrayan. Paédahing panalitèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

- 1) Panalitèn mênikå kaangkah sagêdå dados salah satunggaling tulådhå lampahing panalitèn ingkang ngêcakakên *teori* sårå *metode* panalitèn *filologi* tumrap *naskah Sêrat Wêdyå Praståwå*.
- 2) Asiling *transliterasi*, *suntingan*, sårå *terjemahan teks* sagêd nggampilakên pamaos anggènipun maos *teks Sêrat Wêdyå Praståwå* ingkang salajêngipun sagêd dipunpêndhêt piwulangipun.
- 3) Asiling pirêmbagan bab isining *teks* sagêd nambahi sêsêrêpan piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos têmahan sagêd kaginakakên kanggé nambahi wêwaton gêsanging masarakat.

G. Pangrêtosan ingkang Gayut kaliyan Irah-irahan

- 1) *Kajian* inggih mênikå madosi, nlisik, naliti, utawi nguji satunggaling prakawis. *Kajian* limrah dipunginakaken ing karya-karya ilmiah. Wondéné *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang gêgayutan kaliyan *studi* bab bâså, sastrå, sårå budåyå ingkang magêpokan kaliyan asiling budåyå masarakat jaman rumiyin. Dados *kajian filologi* inggih mênikå naliti kanthi caraning panalitèn *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang gêgayutan kaliyan *studi* bab bâså, sastrå, sårå budåyå ingkang magêpokan kaliyan asiling budåyå masarakat jaman rumiyin.
- 2) Analisis kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos inggih mênikå andharan ingkang kawrat ing salêbêting *teks Sêrat Wêdyå Praståwå*. Raosing gesang ingkang sajatos ugi sagêd dipunsêbut sampurnaning agêsang

minangkå salah satunggaling asil kabudayan Jawi inggih mênikå mistik kajawèn.

- 3) *Sêrat Wêdyå Praståwå*, inggih mênikå satunggaling *naskah* kinå ingkang kasimpên ing Perpustakaan Taman Siswa Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta kanthi nomêr *koleksi* BB. 1. 134. *Naskah* mênikå awujud *naskah* cithak déné *teks*-ipun dipunwahyakakên mawi dhapukan sêkar.

BAB II **GÊGARAN TEORI**

Panalitèn kanthi irah-irahan *kajian filologi* sâhå *analisis* kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên *Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* mênikå ngginakakên gêgaran *teori* ingkang gayut kaliyan ngèlmi *filologi*, sêkar mაცპატ, sâhå mistik kajawèn. Wondéné *teori-teori* ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

A. *Kajian Filologi*

Panalitèn mênikå mbêtahakên *kajian teori filologi* kanggé mbêdhah *naskah* sâhå isining *teks SWP*. Wondéné *teori* ingkang gayut kaliyan panalitèn *filologi*, inggih mênikå (1) pangrêtosan *filologi*, (2) objek panalitènipun *filologi*, (3) ancasing panalitèn *filologi*, sâhå (4) lampahing panalitèn *filologi*. *Teori* bab *filologi* kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.


1. Pangrêtosan *Filologi*

Filologi minangkå satunggaling ngèlmi ingkang dipunginakakên kanggé naliti *naskah-naskah* kinå (Djamaris 2002: 3). Têmbung *filologi* asalipun saking bâså Yunani *philologia*, inggih mênikå dumados saking kalih têmbung *philos* ingkang têngêsipun ‘rêmên’ sâhå *logos* ingkang têngêsipun ‘têmbung’. Dados, têngêsipun têmbung *filologi* inggih mênikå ‘rêmên dhatêng têtêmbungan’ utawi ‘rêmên micårå’ (Shipley lumantar Baroroh-Baried, 1985: 1). Salajêngipun, têngêsing *filologi* botên winatês ing têtêmbungan kémawon nanging ugi ‘rêmên sinau’, ‘rêmên ngèlmi’, sâhå ‘rêmên kasusastran’ utawi ‘rêmên kabudayan’.

Filologi inggih mênikå ngèlmi ingkang dipunginakakên kanggé manggihakên *perkembangan kerohanian* satunggaling bangsa utawi manggihakên kabudayanipun adhêdhasar bâså sâhå sastrå saking satunggaling bangsa (Sulastin-Sutrisno, 1981: 7). Wondéné, miturut Baroroh-Baried (1985:1), *filologi* inggih mênikå satunggaling ngèlmi ingkang gayut kaliyan wohing kasusastran ingkang magêpokan kaliyan bab bâså, sastrå, sâhå budâyå.

Wontên ing *Webster's New Collegiate Dictionary* (1997: 861) têngêsipun têngbung *philology*, inggih mênikå ngèlmi bâså sâhå *studi* dhatêng kabudayaning bangsa ingkang kawrat ing bâså, sastrå, sâhå budâyå satunggaling bangsa. Wondéné adhêdhasar *Groot Woordenboek der Nederlandse Taal* (lumantar Sulastin-Sutrisno, 1988: 8), *filologi* inggih mênikå ngèlmi ingkang ngrêmbag bab bâså sâhå sastrå satunggaling bangsa. Salajêngipun, Baroroh-Baried (1994:2) ngandharakên bilih *filologi* inggih mênikå satunggaling ngèlmi ingkang magêpokan kaliyan *studi* bab asiling budâyå jaman rumiyin.

Kanggé nggampilakên anggènipun mangrêtos mangrêtosan *filologi* kadamêl *bagan* kados ing ngandhap mênikå.




Bagan 1: Pangrêtosaning filologi

Bagan 1 ing nginggil ngêwrat pangrêtosaning filologi kanthi ringkês. Filologi inggih mênikå ngèlmi ingkang ngrêmbag bab bâså, sastrå, sâhå budâyå satunggaling bangsa minangkå asiling budâyå pagêsangan masarakat jaman rumiyin ingkang kawrat ing salêbêting *naskah*.

2. *Objek Panalitèn Filologi*

Sabên ngèlmi mênikå wontên *objek* panalitènipun. Makatên ugi ngèlmi *filologi*. *Objek* panalitèn *filologi* inggih mênikå *naskah* sàhå *teks*. Kanggé nggampilakên anggènipun mangrêtos bab *objek* panalitèn *filologi* milå kadamêl bagan kados ing ngandhap mênikå.



Bagan 2: Objek Panalitèn filologi

Bagan 2 ing nginggil ngêwrat *objek* panalitèn *filologi* kanthi ringkês. *Objek* panalitèn *filologi* awujud *naskah* sàhå *teks* pangrêtosanipun kapratêlakakên kados ing ngandhap mênikå.

a. *Naskah*

Têmbung *naskah* wontên bâså Inggris *manuscript*, wontên bâså Walandi têmbung *naskah* dipunsêbut *handschrift*, déné wontên ing bâså Latin, têmbung *naskah* dipunsêbut *codex* utawi *kodeks* têngêsipun ‘buku’ (Mulyani, 2009: 2). *Naskah* inggih mênikå sêratan mawi astå ingkang ngêwrat manéka warni wohing pamikir sàhå pangraos minångkå asiling budâyå jaman rumiyin (Baroroh-Baried, 1985: 54). Miturut Djamaris (2002: 3), têngêsing *naskah* inggih mênikå sadâyå *bahan* têtilaran saking pârå sêpuh jaman rumiyin ingkang sinêrat mawi astå sàhå ngginakakên dlancang.

Naskah inggih mênikå anggitan ingkang sinêrat mawi astå, ingkang taksih asli menåpå déné têdhakanipun, ingkang ngêwrat *teks* utawi rêrangkéning têtêmbungan ingkang sagêd dipunwaos (Onions lumantar Darusuprta, 1984: 1). Salajêngipun, Baroroh-Baried (1985: 55) ngandharakên bilih *naskah* minångkå *objek* panalitèn *filologi* mênikå *konkrit*, têngêsipun wujudipun sagêd dipuntingali.

Saking andharan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih pangrêtosaning *naskah* inggih mênikå sadâyå anggitan ingkang dipusêrat mawi astå utawi sêratan carik, ingkang asli menåpå déné têdhakanipun. *Naskah* mênikå minångkå têtilaraning pårå sêpuh ing jaman rumiyin dumados saking rêrangkéning têtêmbungan ingkang ngêwrat manékå warni wohing pamikir sårå pangraos mujudakên asiling budâyå jaman rumiyin. Danguning dangu *naskah* ugi wontên ingkang dipuncithak ngginakakên mesin ingkang salajêngipun dipunsêbut *naskah* cithak.

Jumbuh kaliyan dudutan ing nginggil, ingkang dados *objek* wontên panaliten mênikå *naskah Sêrat Wêdyå Praståwå*. Wondéné *naskah* kasêbut kalêbêt *naskah* cithak. *Naskah Sêrat Wêdyå Praståwå* mênikå têtilaran saking tiyang jaman rumiyin, dumados saking rêrangkéning têtêmbungan ingkang ngêwrat manékå warni wohing pamikir sårå pangraos minångkå asiling budâyå jaman rumiyin. Asiling budâyå jaman rumiyin ingkang kawrat ing salêbêting *naskah Sêrat Wêdyå Praståwå* inggih mênikå piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

b. Teks

Teks inggih mênikå isi utawi andharan ing salêbêting *naskah*, sipatipun *abstrak* namung sagêd dipunmangrêtosasi sasampunipun dipunwaos (Baroroh-Baried, 1985: 56). Jumbuh kaliyan Baroroh-Baried, Mulyani (2011: 61) ngandharakên bilih *teks* inggih mênikå isining *naskah* utawi mênåpå kémawon ingkang kawrat ing salêbêting *naskah*. Wondéné miturut Onions (lumantar Darusuprpta, 1984: 1), *teks* inggih mênikå rêrangkéning têtêmbungan awujud waosan kanthi isi tartamtu. Isinipun *teks* awujud piwulang utawi *amanat* saking panganggit katujokakên dhatêng pamaos, déné wujuding *teks* inggih mênikå andharan ing salêbêting *teks* ingkang sagêd dipunwaos sårå dipunpahami (Baroroh-Baried, 1985: 56).

Saking andharan ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih *teks* inggih mênikå andharan ingkang dumados saking rêrangkéning têtêmbungan awujud waosan kanthi isi tartamtu sårå kawrat ing satunggaling *naskah* Jawi, dene wujudipun *abstrak*. *Teks* mênikå namung sagêd dipunmangrêtosasi sasampunipun dipunwaos. Makatên ugi *teks SWP* dipunmangêrtosi ngêwrat kawruh anggayuh raosing gesang ingkang sajatos lantaran saking maos *teks*-ipun rumiyin.

Ngèlmi ingkang ngrêmbag *teks* dipunsêbut *tekstologi* ingkang antawisipun naliti *penjelmaan*, têdhakan *teks*, *penafsiran*, sårå *pemahaman* satunggaling karya sastra (Baroroh-Baried, 1985: 57). Salajêngipun, Baroroh-Baried (1994: 58) ugi ngandharakên bilih wontên *proses penurunan teks*. Saking *proses penurunan teks*, *teks* lajêng kapérang dados tigang warni, inggih mênikå (1) *teks lésan*

ingkang kadadosan rikâlâ tradisi masarakat taksih *nir lekha*, (2) *teks naskah* utawi sêratan carik, sâhâ (3) *teks* cithak.

Naskah Sêrat Wédya Prastawa mênika sampun kasêrat kanthi ngginakakên aksârâ Jâwâ cithak. Wondéné isining *naskah* utawi *teks*-ipun kasêrat ngginakakên bâsâ Jawi gagrag anyar, ragam-ipun krâmâ, sâhâ kasêrat kanthi dhapukan sêkar mაცაპა. Isining *teks Sêrat Wédya Prastawa* mênika ngandharakên bab kabudayan, inggih mênika piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

3. Ancasing Panalitèn *Filologi*

Sabên panalitèn mêsthi wontên ancasing panalitènipun. Samantên ugi panalitèn *filologi*. Ancasing panalitèn *filologi* miturut Djamaris (2002: 9) kaandharakên kados ing ngandhap mênika.


- a. Menentukan teks yang asli (autografi), teks yang mendekati teks asli (arkhetip), atau teks yang berwibawa (otoritatif).
- b. Mentransliterasikan teks dengan tugas utama menjaga keaslian/ciri khusus penulisan kata dan menerjemahkan teks yang ditulis dalam bahasa daerah ke bahasa Indonesia.
- c. Menyunting teks dengan sebaik-baiknya dengan memperhatikan pedoman ejaan yang berlaku, penggunaan huruf, tanda-tanda baca, penyusunan, dan bagian-bagian cerita.
- d. Mendeskripsikan kedudukan dan fungsi naskah dan teks yang diteliti supaya dapat diketahui tempat karya sastra itu dalam kelompok atau jenis sastra yang mana dan apa manfaat dan gunanya karya sastra itu.
- e. Sebagai tambahan, tujuan kritik teks adalah membersihkan teks dari kesalahan yang terjadi selaman penyalinan berulang kali itu; merekonstruksi isi naskah, sehingga naskah telah tersusun kembali seperti semula; dan menjelaskan bagian-bagian cerita yang kurang jelas sehingga seluruh teks dapat dipahami.

Adhêdhasar ancasing panalitèn *filologi* ing nginggil, ancasing *filologi* tumrap *teks SWP*, inggih mênika ndadosakên *teks Sêrat Wédya Prastawa* sagêd dipunwaos, dipundamêl *deskripsi naskah SWP*, *transliterasi teks SWP*, ugi damêl

suntingan teks supados sagêd nyawisakên *teks* ingkang sampun rêsik saking sêratan ingkang botên jumbuh, sâhâ asiling *terjemahan teks* sagêd dipunginakakên kanggé mangrêtos *teks* tumrap tiyang ingkang botên mangrêtos bâsâ Jawi. Ingkang pungkasan, *pemaknaan teks* supados sagêd dipunginakakên kanggé ngandharakên wohing kabudayan jaman rumiyin ingkang sinêrat wontên ing salêbêting *teks SWP*.

4. Lampahing Panalitèn *Filologi*

Lampahing panalitèn *filologi* inggih mênika urutaning lampahing panalitèn *filologi* ingkang tansah gayut sabên urutanipun. Miturut Mulyani (2009: 14-35), lampahing panalitèn *filologi*, inggih mênika *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah sâhâ teks*, alih tulis *teks*, damêl *parafrase*, damêl *terjemahan*-ipun, lajêng ingkang pungkasan inggih mênika *pemaknaan teks*. Kanggé nggampilakên anggènipun mangrêtos *lampahing panalitèn filologi* kadamêl *bagan* kados ing ngandhap mênika.



Bagan 3: Lampahing Panalitèn *Filologi*

Bagan 3 ing nginggil ngêwrat lampahing *filologi* kanthi cêkak. Lampahing panalitèn *filologi* ing *bagan* kapratélakakên kados ing ngandhap mênika.

a. Inventarisasi Naskah

Lampahing *filologi* ingkang angka satunggal inggih mênika *inventarisasi naskah*. *Inventarisasi naskah* inggih mênika ngêmpalakên *informasi naskah-naskah* ingkang *sekorpus*. Ingkang dipunkajêngakên *teks sekorpus* inggih mênika *naskah* ingkang mèn sami irah-irahanipun, sagêd katingal saking *cover naskah*-ipun. Sadèrèngipun miwiti ndamel *inventarisasi naskah*, katêmtokakên rumiyin *naskah* mênâpâ ingkang badhé dipunpilih dados *bahan* panalitèn kanthi têtimbangan ingkang mantêb. Miturut Surono (tt: 5), satunggaling *naskah* prêlu dipungarap kanthi anggatosakên *segi ilmiah*-ipun, paédahipun mênggahing bangsa, lsp.

Inventarisasi naskah sagêd kalampahan mawi sapérangan *metode*, ing antawisipun inggih mênika *metode studi pustaka* sâhâ ningali piyambak ing papan panyimpêning *naskah*. *Metode studi pustaka* kalampahan kanthi maos mapintên-pintên katalogus *naskah* saking perpustakaan utawi muséum. Kajawi maos *katalogus* ugi maos buku utawi dhaptar *naskah* ingkang kasimpên ing perpustakaan, muséum, utawi *instansi* ingkang nggatosakên lêstantuning *naskah*.

Katalog inggih mênika buku ingkang ngêwrat dhaptar *naskah* Jawi ingkang carik mênâpâ déné cithak ingkang ngandharakên kanthi ringkês *naskah* utawi *teks*. Miturut Behrend (1990, x-xiii), jinisipun isi *naskah* mênika manéka warni. Wontên ingkang ngêwrat jinis (1) *sejarah*, (2) *sârâsilah*, (3) *hukum*, (4) *bab*

ringgit, (5) sastrå ringgit, (6) sastrå, (7) piwulang, (8) Islam, (9) primbon, (10) bâsâ, (11) musik, (12) *tari-tarian*, (13) *adat istiadat*, (14) *lain-lain*.

Adhêdhasar *inventarisasi naskah* kapanggihakên kalih *eksemplar Sêrat Wêdyâ Prastâwâ*, inggih mênikå *naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* ingkang kasimpên ing Perpustakaan Taman Siswa Museum Dewantara Kirti Griya kanthi nomêr *koleksi* BB. 1. 134 sâhå *naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* ingkang kasimpên ing muséum Radyapustaka kanthi nomêr *koleksi* 338. Ingkang dados *sumber data* panalitèn mênikå *Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* ingkang kasimpên ing Perpustakaan Taman Siswa Museum Dewantara Kirti Griya kanthi nomêr *koleksi* BB. 1. 134.

b. Deskripsi Naskah sâhå Teks

Sasampunipun *inventarisasi naskah*, kalajêngakên *deskripsi naskah*. *Deskripsi naskah* inggih mênikå nggambarakên kawontênaning manuskrip sâhå kadospundi mênggah urutan andharaning *teks*-ipun. Wondéné bab ingkang kêdah dipunadharakên ing *deskripsi naskah* (Darusuprta 1984: 8 lumantar Mulyani 2012: 6) urutanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

- 1) Papan panyimpêning *naskah*, wontên ing pundi, nomor kodeks-ipun pintên.
- 2) Irah-irahanipun mênâpâ, kasêrat wontên ing pundi, kasêrat piyambak déning panyêratipun, mênâpâ kanthi andharan saking tiyang sanès, sêratanipun irah-irahan wontên ing salêbêting *teks* mênâpâ ing sajawining *teks*.
- 3) Sintên ingkang nyêrat, mênâpâ kasêrat déning ingkang kagungan gagasan utawi kasêrat déning tiyang sanès awit nuhoni dhawuh.
- 4) Samak, samak *naskah* mênikå kadamêl saking mênâpâ, kadospundi kawontênan samak pérangan ngajêng sâhå pérangan wingking, mênâpâ taksih wêtah, bolong, gripis, mênâpâ malah sampun rusak, rupining samak mênâpâ, mênâpâ wontên sêratan, gambar utawi rêrêngganipun, mênawi wontên kadospundi wujudipun, mênâpâ isining sêratanipun.
- 5) Jilidan, kadospundi mênggah jilidanipun, dipundondomi mênâpâ botên, wontên pérangan-péranganing jilidan (kuras utawi kateren) mênâpâ botên, kadospundi kawontênaning jilidan taksih kêkah mênâpâ sampun kêndho, mênawi kêndho mênâpâ wontên lêmbar-lêmbar dlancang ingkang pethil utawi ucul saking jilidanipun.

- 6) Ukuraning *naskah* kadospundi, ukuran wiyar sâhâ panjangipun pintên, kandêlipun pintên (ugi sagêd kaukur kanthi *centimeter* utawi kathahipun pupuh sâhâ pada pintên mênawi kasêrat kanthi dhapukan sêkar).
- 7) Ukuraning *teks* kadospundi, ukuran wiyar sâhâ panjangipun pintên, mênâpâ wontên ingkang kasêrat namung sêpalih, sapratigan, saprasakawan raining dlancang, lsp.
- 8) Sêratan, jinising aksârâ ingkang kaginakakên kanggé nyêrat *teks* mênâpâ kémawon, kasêrat miring mênâpâ jêjêg.
- 9) Rêênggan, mênâpâ wontên rêêngganipun, mênawi wontên kasêrat ing pundi kémawon, kadospundi mênggah wujudipun, kasêrat utawi kagambar mawi mangsi mênâpâ kémawon, wontên gayutipun kaliyan andharaning *teks* mênâpâ botên.
- 10) Manggâlâ, mênâpâ wontên manggalanipun (inggih andharan sadèrèngipun *teks* utawi andharan wiwitaning sêratanning *naskah*), mênawi wontên isinipun ngandharakên bab mênâpâ kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênâpâ tiyang sanès.
- 11) Kolofon, mênâpâ wontên kolofon-ipun (inggih andharan sasampunipun *teks* utawi andharan pérangan wingking ing pungkasaning sêratan *teks*), mênawi wontên isinipun ngandharakên bab mênâpâ kémawon, kasêrat déning ingkang kagungan gagasan mênâpâ tiyang sanès.
- 12) Dhapukan, kadospundi mênggah dhapukkaning *teks*, mênâpâ kadhapuk kanthi dhapukan gancaran, sêkar, pawicantênan utawi drama mênâpâ kombinasi, mênawi dhapukaning sêkar, inggih dhapukaning sêkar mაცაპა: pintên cacahing pupuh sâhâ pada ing sabên pupuhipun, mawi jinising sêkar mênâpâ kémawon.
- 13) Tândhâ pamaos, ngginakakên tândhâ pamaos mênâpâ kémawon, wontên ing dhapukan mênâpâ kémawon, kasêrat mawi mangsi mênâpâ kémawon, wujud ing tândhâ kadospundi, mênâpâ wontên panândhâ sanèsipun, sâhâ kaginakakên kanggé mênâpâ kémawon.
- 14) Isi, isining *teks* mênika jangkêp mênâpâ kirang, kapunggêl mênâpâ awujud *fragmen*, kadospundi mênggah andharan isining *teks*.
- 15) Jinis, kalêbêt ing jinis *naskah* mênâpâ, kadospundi mênggah titikanipun.
- 16) Bâsâ, ngginakakên ragam bâsâ mênâpâ kémawon: bâsâ Jawi ragam krama, ngoko, mênâpâ campuran, kadospundi mênggah bâsâ ingkang dipunginakakên: mawi bâsâ baku, enggen-enggenan, mênâpâ campuran, mênâpâ inggih wontên bâsâ sanèsipun sinaosa namung cuplikan (Arab, Melayu manapa sanèsipun).
- 17) Cathêtan, mênâpâ wontên cathêtan ing salêbêting *teks* ingkang wontên gayutipun kaliyan *teks*, mênawi wontên kasêrat ngantos pirang kâcâ, wontên ing kâcâ pundi kémawon, kadospundi mênggah isi andharaning cathêtan; mênâpâ wontên cathêtan ing sawawining *teks* inggih ing pinggiring dlancang (pias/margin): wontên pinten kaca, ing kâcâ pintên kémawon, kadospundi mênggah isi andharaning cathêtan. Mênawi wontên cathêtan ing sawawining *naskah* utawi *witnes*, kaandharakên wontên ing pundi kémawon (*naskah* sanèsipun, katalog, artikel), kadospundi mênggah gêgayutanipun antawisipun satunggal sâhâ satunggalipun, kadospundi mênggah boboting andharan

ingkang langkung murakabi dhatêng sawênèhing ngèlmi utawi panggêsanganing masarakat.

Miturut Saputra (2008: 84), wontên kalih *model* andharan ingkang sagêd dipunginakakên, inggih mênika *model tabel* sâha *model uraian*. Kalih-kalihipun wontên langkung sâha kirangipun. Mênawi kalih *model* mênika dipunginakakên sêsarêngan badhé langkung saé.

Model deskripsi naskah sâha *teks* ingkang kaginakakên ing panalitèn mênika inggih *model tabel* sâha *model uraian*. *Model tabel* dipunginakakên kanthi pangangkah supados *deskripsi naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* langkung cêtha sâha gampang dipunmangrêtos. Salajêngipun, asiling *deskripsi naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* mênika dipundamel *model uraian* saéngga paprincèning *deskripsi naskah* sagêd dipunmangrêtos déning pamaos.

c. Alih Tulis Teks

Salah satunggaling ancasing panalitèn *filologi* inggih mênika *pengalih tulisan* utawi *pengalihaksaraan*. Alih tulis inggih mênika nggantos sêrataning *teks* kanthi aksârâ ingkang sami kaliyan aksârâ sêrataning *teks* utawi mawi aksârâ ingkang béda (Mulyani, 2011: 9). Lampahing alih tulis *teks* wontên ing panaliten mênika kanthi *transliterasi teks*, sâha *suntingan teks* kanthi damêl *aparât kritik*. Lampahing alih tulis *teks* kaandharakên kados ing ngandhap mênika.

a) Transliterasi teks

Transliterasi minangkâ salah satunggaling cârâ *penyuntingan teks* kanthi nggantos bâkâ satunggal aksârâ dhatêng aksârâ sanèsipun saking abjad satunggal dhateng abjad sanèsipun (Djamaris: 2002: 19). Upaminipun *teks* ingkang sinêrat mawi aksârâ Jawa utawi aksârâ Arab Pégon kagantos aksârâ Latin. Mulyani

(2011: 106) ngandharakên bilih *transliterasi* inggih mênikå alih tulis sêrataning *teks* mawi aksårå ingkang botên sami kaliyan aksaraning *teks*. Salajêngipun, Mulyani (2012b: 10) *metode transliterasi* kaperang dados kalih inggih mênikå *transliterasi diplomatik* sårå *transliterasi standar*.

Metode transliterasi diplomatik, inggih mênikå cårå anggènipun damêl alih tulis sêrataning *teks* kanthi mênåpå wontènipun déné namung sêrataning *teks*-ipun ingkang béda. Kanthi *metode transliterasi diplomatik*, kemurnian *teks* boten dipunewahi sårå botên kajumbuhakên kaliyan EYD. Wiryamartana (1990: 30) ngandharaken bilih ancasing *transliterasi* kanthi *metode transliterasi diplomatik*, inggih mênikå supados pårå pamaos sagêd mangrêtos wujud asli bâsåning *teks* kados ing *naskah sumber*. Wondéné *metode transliterasi standar* inggih mênikå alih tulis *teks* kanthi cårå ngéwahi sårå nglêrêsakên kalêpatan kajumbuhakên EYD ingkang dipunginakakên. *Metode transliterasi standar* dipunangkah sagêd nggampilakên para pamaos ingkang botên paham kaliyan aksårå daerah.

Ing panalitèn mênikå, *metode transliterasi* ingkang dipunginakakên kanggé *transliterasi teks Sêrat Wêdyå Praståwå* inggih mênikå *metode transliterasi standar*. *Transliterasi standar* dipunginakakên kanggé alih tulis *teks Sêrat Wêdyå Praståwå* saking aksårå Jawa dhatêng aksårå Latin. Salajêngipun, anggènipun nyêrat nggatosakên EYD ingkang lumampah tanpå ngéwahi têtêngêring bâså *sumber naskah*. Asiling *transliterasi* mênikå ingkang dipundadosakên dhasar kanggé damêl *suntingan teks* supados *teks* ingkang dipunasilakên rêsik saking sêratan ingkang botên jumbuh.

b) *Suntingan teks* kanthi ndamêl aparat *kritik*

Sasampunipun *teks* dipun-*transliterasi*, salajêngipun inggih mênikå ndamêl *suntingan teks*. *Suntingan teks* minångkå satunggaling cårå ingkang kêdah

dipunlampahi ing panalitèn *filologi*, dipundamel kanthi cara nglêrêsakên, ngewahi, nambahi, utawi ngirangi aksârâ, wandâ, mênâpâ déné têtêmbung wontên *teks* kanthi pangangkah supados *teks* sagêd rêsik saking sêratan ingkang botên jumbuh (Darusuprpta: 1984:5).

Miturut Baroroh-Baried (1985: 69), *suntingan teks* kapérang dados kalih jinis, inggih mênikâ *teks edisi diplomatik* sâhâ *suntingan teks edisi standar*. *Suntingan teks edisi diplomatik* kadamêl supados *kemurnian teks* boten ewah (Djamaris, 2002: 25). Wondéné *suntingan teks edisi standar* dipundamêl kanthi mântâ-mântâ têtêmbungan, ukârâ, sartâ *komentar* bab kalêpatan-kalêpatan *teks*. Panalitèn mênikâ ngginakakên *suntingan teks edisi standar* kanthi pangangkah sagêd nggampilakên anggènipun maos sâhâ mangrêtos *teks* (Djamaris, 2002: 24-25).

Panalitèn mênikâ ngandharakên *kritik teks* kanthi ndamêl *aparat kritik* (*apparatus criticus*). Miturut Mulyani (2009: 29), *aparat kritik* inggih mênikâ wujud *pertanggungjawaban ilmiah* saking *kritik teks* ingkang isinipun inggih mênikâ *kelainan bacaan* (*variae lectiones* utawi varian) ing salêbêting *suntingan teks* utawi nyawisakên *teks* ingkang sampun resik saking *korup*.

Pramilâ, *kritik teks* dipunginakakên kanggé ngandharakên sêdâyâ éwah-éwahan, tambahan, *penggantian*, sâhâ *pengurangan* ingkang sampun dipundamêl minangkâ wujud *pertanggungjawaban ilmiah* ing satunggaling panalitèn tumrap *naskah*. Sadaya éwah-éwahan, tambahan, *penggantian*, sâhâ *pengurangan* kasêrat ing *aparat kritik*. *Aparat kritik* ing *suntingan teks* sagêd dipundamêl kanthi kalih cârâ inggih mênikâ (1) dipuncathêt ing sangandhaping *teks* minangkâ *catatan kaki* utawi (2) dipun-lampirakên ing wingkingipun *suntingan teks* minangkâ *catatan halaman* (Mulyani, 2009: 29-30).

d. Parafrase teks

Parafrase inggih mênika nggantos *teks* ingkang dhapukaning sêkar dados dhapukan gancaran (Mulyani, 2011: 113). Kauninganå bilih anggitan kanthi dhapukan sêkar mênika ngginakakên bâså ingkang éndah, pinacak, sâhå rinênggå boten ngginakakên bâså limrah utawi bâså padintênan. Ancasipun damêl *parafrase* inggih mênika ngêwahi bâså rinênggå dados bâså ingkang limrah.

Anggitan mawi dhapukan sêkar mênika dhasaripun klompoking têmbung. Saénggå dèrèng dipunmangrêtos kanthi cêtha jêjêr, waséså, lésan sâhå katranganipun. Dados, kanthi dhapukan gancaran mênika sagêd dipunmangrêtos jêjêr, waséså, lésan sâhå katranganipun. Asiling damêl *parafrase* mênika badhé nggampilakên sâhå njumbuhakên garapan salajêngipun, inggih mênika *terjemahan teks* ingkang dhapukanipun mawi jêjêr, waséså, lésan sâhå katrangan utawi dhapukaning ukårå.

e. Terjemahan Teks

Terjemahan inggih mênika ngêwahi bâså saking bâsåning *teks* utawi bâså *sumber*-ipun dhatêng bâså *sasaran*-ipun utawi bâså ingkang dipunpilih (Mulyani, 2012: 21). Upaminipun, bâsåning *teks* ngginakakên bâså Jawi lajêng dipun-*terjemah*-akên dhateng bâså Indonesia, utawi saking bâså Arab lajêng dipun-*terjemah*-akên dhatêng bâså Indonesia. Ancasing damêl *terjemahan* inggih mênika supados masarakat ingkang botên mangrêtos bâså *naskah* ingkang asli sagêd têtêp mangrêtos isining *naskah*.

Bab ingkang prêlu dipungatosakên kanggé damêl *terjemahan*, inggih mênika wontên tigang bab. Tigang bab kasêbut dados dhasaring damêl

terjemahan (Darusuprpta, 1984: 9). Urut-urutanipun kaandharakên kados ing ngandhap mênika.

- a) Paham saèstu ngéngingi bâsa *sumber*, inggih mênika bâsa ingkang badhé dipun-*terjemah*-akên.
- b) Paham saèstu dhatêng bâsa *sasaran*, inggih mênika bâsa ingkang badhé dipunginakakên kanggé alih bâsa *teks*.
- c) Paham saèstu bab kawontênan pagêsananing masarakat rikala *teks* dipunsêrat.

Metode kanggé ndamel *terjemahan teks* mênika wontên manéka warni *metode*. Miturut Darusprpta (1984: 9), *metode terjemahan teks* mênika wontên warni tigâ. Tigang *metode terjemahan teks* ingkang dipunmaksud kaandharakên kados ing ngandhap mênika.

- 1) *Terjemahan harfiah*, yaitu *terjemahan kata demi kata, dekat dengan aslinya, berguna untuk membandingkan segi-segi ketatabahasaan*.
- 2) *Terjemahan isi atau makna*, yaitu *kata-kata yang diungkapkan dalam bahasa sumber diimbangi salinannya dengan kata-kata bahasa sasaran yang sepadan*.
- 3) *Terjemahan bebas*, yaitu *keseluruhan teks bahasa sumber diganti dengan bahasa sasaran secara bebas*.

Ing panalitèn mênika, *proses terjemahan teks* dipunlampahi kanthi nggatosakên *konteks* sâha ngginakakên tigang *jinis metode terjemahan teks* kados ingkang kaandharakên ing nginggil. Tigang *metode terjemahan teks* ingkang dipunmaksud inggih mênika *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi *makna*, sâha *terjemahan bebas*.

f. Pemaknaan Teks

Kangge mangretosi makna-nipun teks dipunlampahi kanthi *pembacaan heuristik* sâha *hermeneutik*. Kalih *metode* mênika dipunginakakên kanggé

memaknai teks SWP. Metode pembacaan heuristik mênikå pembacaan satunggaling karya sastra mawi sistem semiotik tingkat pertama ingkang awujud pamahaman makna jumbuh kaliyan konvensi basanipun. Pembacaan heuristik ngasilakên pamahaman têngês lumantar kamus (Baoesastra) kados terjemahan harfiah.

Wondéné *pembacaan hermeneutik* inggih mênikå *pembacaan* satunggaling karya sastra kanthi dhasar *konvensi* sastra. *Pembacaan hermeneutik* dipuntindakakên kanggé mangretosi makna ingkang sinêrat ing salêbêting *naskah*. Kanthi makatên, *makna* saking isining *teks* sagêd dipunpêndhêt sâhå dipunginakakên déning pârå pamaosipun.

B. Sêkar Måcåpat wontên ing *Naskah Jawi*

Wontên ing *naskah* Jawi dhapukanipun *teks* wontên tigang warni, inggih mênika dhapukan sêkar, dhapukan gancaran, sâhå dhapukan pawicantênan (*drama*). Ing panalitèn mênikå, dhapukaning *teks* awujud sêkar måcåpat. Miturut Saputra (2010: 95) têngbung måcåpat mênikå cêkakan saking “diwåcå papat-papat”. Têngêsipun inggih mênikå anggènipun maos mawi andhêgan utawi pêdhotan sabên sakawan wandå ing sabên satunggal gatrå.

Sêkar ingkang limrah dipunginakakên kanggé nyêrat bab kasusastran mênikå cacahipun wontên gangsal-wêlas warni. Miturut Padmosoekotjo (1958: 22), urutaning gangsal-wêlas warni sêkar måcåpat kaandharakên ing *tabel* kados ing ngandhap mênikå.

Tabel 1: Urut-urutaning gangsal-wêlas warni Sêkar Mâcâpat

Sêkar Alit	Kinanthi, Pucung, Asmâradânâ, Mijil, Maskumambang, Pangkur, Sinom, Dhandhanggulâ, Durmâ
Sêkar Têngahan	Mêgatrûh (dudukwuluh), Gambuh, Wirangrong, Balabak, Jurudêmung
Sêkar Agêng	Girisâ

Wondéné sêkar mâcâpat ingkang dipunginakakên kanggé mahyakakên *teks Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* kathahipun wontên nêr sêkar mâcâpat. Urut-urutan namaning sêkar mâcâpat ingkang kathahipun nêr mênikâ makatên Kinanthi, Pucung, Mijil, Pangkur, Sinom, sâhâ Dhandhanggulâ. Sêkar mâcâpat mênikâ awujud *puisi* ingkang anggènipun nyêkarakên mawi paugêran ingkang gumathok. Paugêraning sêkar mâcâpat inggih mênikâ guru gatrâ, guru lagu, sâhâ guru wilangan. Miturut Padmosoekotjo (1958: 23-24) andharaning bab paugêraning sêkar mâcâpat kados ing ngandhap mênikâ.

1. Guru gatrâ inggih mênikâ wêwaton gatrâ, wêwaton cacahipun gatrâ sabên satunggal pādâ.
2. Guru lagu inggih mênikâ wêwaton lagu (dhong-dhing), tibaning swantên sabên pungkasaning wandâ.
3. Guru wilangan inggih mênikâ wêwatoning wilangan, cacahipun wandâ sabên satunggal gatrâ.

Sêkar mâcâpat ingkang dipunginakakên kanggé mahyakakên *teks Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* kathahipun namung nêr sêkar, dhapukanipun sami awêwaton guru gatrâ, guru lagu, sâhâ guru wilangan. Mênggah guru gatrâ, guru lagu, sâhâ guru wilanganing sêkar mâcâpat kapratêlakakên ing ngandhap mênikâ.

Tabel 2: Guru Gatrå, Guru Lagu, sårå Guru Wilanganing Sårkar Måråpat

No.	Nåmå tårmbang	GURU GATRÅ									
		I	II	III	IV	V	VI	VII	VIII	IX	X
1.	Kinanthi	8-u	8-i	8-a	8-i	8-a	8-i				
2.	Pucung	12-u	6-a	8-i	12-a						
3.	Mijil	10-i	6-o	10-e	10-i	6-i	6-u				
4.	Pangkur	8-a	11-i	8-u	7-a	12-u	8-a	8-i			
5.	Sinom	8-a	8-i	8-a	8-i	7-i	8-u	7-a	8-i	12-a	
6.	Dhandhanggulå	10-i	10-a	8-e	7-u	9-i	7-a	6-u	8-a	12-i	7-a

C. Mistik Kajawèn

Masarakat Jawi inggih mårnikå kakkårmpakaning tiyang utawi *individu* ingkang bårå *ibu*-nipun bårå Jawi, anggårnipun pasrawungan tansah sinambårtan, dene tumindak ing gårsangipun dipunlampahi kanthi ngårcakakårn *norma*, paugåran, ukum, sårå adat istiadat Jawi (Hadiatmaja, 2008: 34). Kados masarakat Indonesia sanårsipun, masarakat Jawi ugi nganut manårkå warni agami, ing antawisipun inggih mårnikå agami Islam, Katolik, Kristen, Hindu, sårå Buddha. Ing bab agami Islam, masarakat Jawi dipunpårang dados kalih golongan inggih mårnikå santri sårå abangan (jåwå kajawån).

Tiyang ingkang kalårbåt golongan abangan mårnggalih bilih wontån sårambårtan antawisipun *makrokosmos* sårå *mikrokosmos* utawi jagad kaliyan manungså (Muchtarom, 1988: 33). Miturut tiyang abangan, manungså sampun dipun-*atur* kanthi paugåran tartamtu supados tansah såraras kaliyan jagad sårå batosipun. Paugåran mårnikå dipunsårbut mistik kajawån. Miturut Supadjar (Iumantar Endraswara, 2012: 39) mistik Jawi inggih mårnikå *mencakup tahap*

kanoman *berlanjut ke tahap* kasepuhan. *Tahap kasepuhan* maksudipun inggih mênikå kawontênan rikålå satunggaling tiyang sampun paham sangêt dhatêng *kebatinan Jawi*.

Mistik kajawèn inggih mênikå satunggaling sarånå kanggé nunggalakên dhiri manungså kaliyan Gusti-nipun (Endraswara, 2006: 135). Kajawi kanggé nunggalakên antawisipun kawula-Gusti, mistik kajawèn gadhah ancas kanggé nggayuh kasampurnaning agêsang utawi raosing gêsang sajatos. miturut Endraswara (2006: 127) wontên laku utawi olah råså ingkang kedah dipunlampahi jumbuh kaliyan ancasing mistik kajawèn. Laku utawi olah råså mênikå dipunlampahi déning tiyang Jawi minångkå wujud prihatin. Laku utawi olah råså mistik kajawèn kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

- 1) *Dyånå* têngêsipun tékad utawi niat kanthi mantêb lair batos badhé manunggal kaliyan Gusti-nipun.
- 2) *Panekung* têngêsipun sêmèdi kanthi *khusuk*, *khidmat*, botên kagodhå kaliyan prakawis kadonyan.
- 3) *Pencerahan* têngêsipun sumèlèh sårå sumarah dhatêng Gusti.
- 4) *Paramitå* têngêsipun kawontênan solah bårå lair-batosipun tumuju kasampurnan, inggih mênikå lêngåwå, susilå, kêncêng, waspådå, têtå slirå, sårå wicaksånå.
- 5) *Mêsubudi* sårå mêsurågå kanthi ngirangi dhahar, ngunjuk, tilêm, ngêndhakakên hårå nêpsu ing batos, sårå ningkatakên iman lan takwå dhumatêng Gusti.
- 6) *Ndamêl* sêsajèn minångkå sarånå nyêlak dhumatêng Gusti.

Bab laku utawi olah råså ing nginggil minångkå sarånå kanggé nggayuh kasampurnaning gêsang utawi raosing gêsang sajatos. Salajengipun, ngèlmi kasampurnan (mistik kajawèn) mênikå sagêd dipunsinaoni saking guru sajatos. tiyang ingkang sagêd dipundadosakên guru kados ingkang kasêrat ing pupuh dhandhanggulå pådå 4 sêrat Wulang Reh, saking pupuh kasêbut kaandharakên bilih mênawi badhe maguru ngèlmi kasampurnan milå kêdahipun dhatêng guru ingkang inggil martabatipun, ingkang mangrêtos bab ukum, sårå têtun ibadah. Langkung saé bilih maguru kaliyan tiyang tâpå ingkang sampun botên ngajêng-ajêng pamrihing liyan.

Laku-laku mistik kejawèn ing nginggil ngêwrat piwulang ingkang sagêd kajumbuhakên kaliyan agami Islam. Wontên ing sêrat Wulang Reh pupuh dhandhanggulå pådå 3, dipunandharakên bilih Al-Quran minångkå gêgaran tiyang Islam sagêd dipundadosakên *papan* kanggé manggihakên *kebenaran* ingkang sajatos. Dados, piwulang ing *teks SWP* ingkang ngêwrat ngèlmi kasampurnan sagêd ugi kajumbuhakên kaliyan Al-Quran.

Jumbuh kaliyan ancasing panalitèn mênikå inggih ngandharakên piwulang bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos adhêdhasar *teks Sêrat Wêdyå Praståwå*. Anggènipun ngrembag piwulang ingkang sinerat ing teks SWP dipungayutaken kaliyan mistik kajawen sårå Al-Quran. Raosing gêsang ingkang sajatos ugi sagêd dipunsêbut sampurnaning agêsang. Sampurnaning agêsang mênikå adhêdhasar andharaning *teks Sêrat Wêdyå Praståwå* sagêd kagayuh kanthi nglampahi wewaton *tri sabawa*. Tri sabåwå ingkang dipunmaksud salajêngipun kababar ing bab sakawan.

D. Panalitèn Ingkang Jumbuh

Fungsi panalitèn ingkang jumbuh inggih mênika minangka *acuan* ing pérangan *konsep*. Panalitèn ingkang jumbuh kaliyan panalitèn mênika antawisipun panalitèn ingkang dipuntindakakên déning Dewi Istikomah sâha Wulan Ambarwati kaandharakên kados ing ngandhap mênika.

- 1) Dewi Istiqomah (2012) ingkang asêsirah *Tinjauan filologi serat Darmawirayat*. Panalitèn kasêbut jumbuh amargi sami ngginakakên *metode* panalitèn deskriptif sâha *objek* panalitènipun piwulang. Panalitèn ingkang dipuntindakakên déning Dewi Istiqomah sagêd dipundadosakên *acuan* ing pérangan *metode* panalitèn *filologi*, inggih mênika : (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah utawi teks*, (3) *pamilihing naskah*, (4) *transliterasi standar teks*, (5) *suntingan standar teks*, (6) *terjemahan* (harfiah, makna, bebas) *teks*.

Ananging, wontên ugi bab ingkang botên jumbuh inggih panalitènipun Dewi Istiqomah (2012) ngandharakên *nilai-nilai* moral ingkang kawrat wontên *Sêrat Darmawirayat*, déné panalitèn mênika ngandharakên *kawruh anggayuh raosing gesang ingkang sajatos wontên teks SWP*.

- 2) Wulan Ambarwati (2013), kanthi irah-irahanipun *Tinjauan Filologi dan Analisis Ajaran Martabat Tujuh dalam Serat Cecangkriman karya R. Ranggawarsita*. Panalitèn kasêbut jumbuh amargi nлити *naskah* Jawi kanthi cara *filologis*; inggih mênika : (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah sâha teks*, (3) *transliterasi teks*, (4) *suntingan teks*, sâha (5) *terjemahan teks*. Panalitènipun Wulan Ambarwati ugi sami ngginakakên *metode* panalitèn *deskriptif*.

Bédanipun *Tinjauan Filologi dan Analisis Ajaran Martabat Tujuh dalam Serat Cecangkriman karya R. Ranggawarsita* kaliyan *Kajian Filologi sâhâ Analisis Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos wontên Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* wontên ing objek panalitènipun. Objek panalitènipun Wulan Ambarwati mênikâ ajinis wirid, déné objek panalitèn mênikâ awujud piwulang.

Fokus panalitènipun Wulan Ambarwati inggih mênikâ ajaran martabat tujuh, déné *fokus* panalitèn mênikâ ngrembag kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Panalitèn ingkang dipuntindakakên déning Wulan Ambarwati sagêd dipundadosakên *acuan* ing pérangan *metode* panalitèn *filologi*, inggih mênikâ (1) *inventarisasi naskah*, (2) *deskripsi naskah* utawi *teks*, (3) *transliterasi teks standar*, (4) *suntingan teks standar*, (5) *terjemahan (harfiah, makna, bebas) teks*.

Sinaosâ panalitèn mênikâ wontên bédanipun kaliyan panalitènipun Dewi Istikomah (2012) sâhâ Wulan Ambarwati (2013) kasêbut, nanging kalih panalitèn mênikâ sagêd dipundadosakên pathokan sâhâ cârâ panalitènipun sagêd dipunginakakên wontên panalitèn mênikâ. Pramila, bab ingkang jumbuh antawisipun kalih panalitèn kasêbut nyêngkuyung panalitèn mênikâ saking *segi teori* sâhâ cârâ panalitènipun.

BAB III CARANING PANALITÈN

A. Jinising Panalitèn

Panalitèn mênikå ngginakakên jinising panalitèn *metode filologi modern* kanthi *pendekatan metode panalitèn deskriptif*. Pramila, *metode* panalitèn mênikå ugi dipunsêbut *metode panalitèn deskriptif filologis modern*. *Metode deskriptif* inggih mênikå satunggaling cârå kanggé naliti satunggaling *objek* kanthi ancas ndamêl andharan, gêgambaran kanthi *objektif* sâhå *sistematis*, ingkang gayut kaliyan *fakta* sâhå gêgayutanipun antawisipun *unsur-unsur*-ipun (Kaelan, 2005:58). Panalitèn mênikå ngginakakên *metode deskriptif* ingkang ancasipun kanggé *mengkaji* sâhångandharakên isining *teks Sêrat Wêdyå Praståwå* kanthi *objektif* ingkang ngêwrat kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

Wondéné *metode panalitèn filologi* dipunginakakên kanggé naliti *naskah* kanthi irah-irahan *Sêrat Wêdyå Praståwå*, kanthi nomêr koleksi BB. 1. 134, ingkang awujud *naskah* cithak. Panalitèn mênikå katindakakên kanthi lampahing panalitèn *filologi* inggih mênikå *inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah* sâhå *teks*, alih tulis *teks* kanthi cârå *transliterasi metode standar*, sâhå *suntingan edisi standar* kanthi damêl *aparatur kritik*, damêl *parafrase teks*, sâhå ndamêl *terjemahan teks*.

B. Sumbêr Data Panalitèn

Sumber data ing panalitèn mênikå awujud *naskah* kanthi irah-irahan *Sêrat Wêdyå Praståwå*. *Naskah* mênikå kalêbêt ing *naskah* koleksi Perpustakaan

Tamansiswa Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta kasêrat mawi aksâra Jawa cihak. *Naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* mênikâ dipunsêrat ngginakakên bâsa Jawi gagrag anyar sâhâ kalêbêt *naskah* jinis piwulang. *Teks* wontên ing *Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* mênikâ dhapukanipun sekar macapat. *Teks Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* mênikâ wontên gangsal-wêlas kâcâ. Adhêdhasar kâcâ *samak dalam naskah*, isining *teks* inggih mênikâ ngêwrat kawruh wêwatonipun anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kedahipun paham paprincèning tri sabâwâ.

Naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ dipunsêkarakên déning R. Jaya Suharta, atêgês bilih naté wontên dhapukan gancaranipun. Ananging rikala *inventarisasi naskah*, botên kapanggihakên *naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* ingkang dhapukan gancaranipun. *Naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* kacithak sâhâ kawêdalakên ing kantor pangêcapan N.V Mardi Mulya Yogyakarta.

C. Cârâ Ngêmpalakên *Data Panalitèn*

Caranipun ngempalaken data wontên ing panalitèn mênikâ ngginakakên lampahing panalitèn *filologi*. Lampahing panalitèn mênikâ katindakakên makatên 1) *inventarisasi naskah*, 2) *deskripsi naskah sâhâ teks*, 3) alih tulis *teks* kanthi cârâ *transliterasi metode standar*, sâhâ *suntingan edisi standar* kanthi damêl *aparât kritik*, 4) ndamêl *terjemahan teks*, sâhâ 5) *pemaknaan teks*. Lampahing panalitèn *filologi* ingkang dipunginakakên kaandharakên kados ing ngandhap mênikâ.

a. *Inventarisasi Naskah*

Inventarisasi naskah inggih mênikâ ngêmpalakên *data* utawi katrangan bab kawontênaning *naskah* ingkang sajinis. *Inventarisasi naskah* dipunlampahi

kanthi *studi katalog* sâhå ningali piyambak kawontênanipun *naskah*. *Studi katalog* dipunlampahi kanthi madosi katranganipun *naskah* adhêdhasar *katalog*.

Saking asiling *studi katalog* sâhå ningali piyambak ing papan panyimpêning *naskah*, kapanggihakên kalih *eksemplar naskah SWP*. *Naskah* ingkang sapisanan kasimpên ing Perpustakaan Museum Radyapustaka déné *naskah* ingkang kaping kalih kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya. *Naskah* ingkang dipunginakakên minangkå *sumber data* panalitèn mênikå inggih *Sêrat Wêdyå Praståwå* ingkang kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta kanthi nomêr BB. 1. 134. *Naskah* kasêbut kalêbêt *naskah* cithak.

b. Deskripsi Naskah sâhå Teks

Deskripsi naskah inggih mênikå ngandharakên katrangan minangkå gêgambaran kawontênaning *naskah* sâhå *teks* ingkang badhé dipuntliti, inggih mênikå *teks Sêrat Wêdyå Praståwå*. *Naskah sâhå teks Sêrat Wêdyå Praståwå* dipunandharakên mawi *tabel*, lajêng dipunandharakên malih ngginakakên *uraian* utawi *paparan*. Ingkang kawrat ing *deskripsi naskah* ing antawisipun inggih mênikå papan panyimpêning *naskah*, irah-irahanipun *naskah*, panganggitipun, jinis bahan *naskah*, lsp.

c. Alih Tulis Teks

Alih tulis *teks* ing panalitèn mênikå ngginakakên *transliterasi teks* sâhå *suntingan teks* kanthi ndamêl *aparat kritik*. *Teks Sêrat Wêdyå Praståwå* dipundamêl *transliterasi-nipun* mawi *metode transliterasi standar*. *Transliterasi standar* inggih mênikå nggantos sêrataning *teks Sêrat Wêdyå Praståwå* ngginakakên aksara Latin sâhå kajumbuhakên kaliyan EYD ingkang lumampah.

Salajêngipun, supados *teks Sêrat Wédyå Praståwå* ingkang sampun dipun-*transliterasi* mênikå rêsik saking *korup* milå dipunsampurnakakên kanthi ndamêl *suntingan teks*. Ing panalitèn mênikå *suntingan teks* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *suntingan teks edisi standar*. *Suntingan teks edisi standar* dipundamêl kanggé ngandharakên *teks* ingkang resik saking sêratan ingkang lêpat sâhå *ketidakajegan ejaan* satêmah *teks Sêrat Wédyå Praståwå* gampil dipunwaos. *Suntingan teks* dipundamêl kanthi ngleresakên kalêpatan ingkang alit sâhå *ketidakajegan* waosan ing *teks Sêrat Wédyå Praståwå* kajumbuhakên kalihan EYD ingkang lumampah. Gêgaran kanggé damêl *suntingan* inggih mênikå *Baoesastra Djawa* (1939) sâhå *ejaan* basa Jawi ingkang dipun-anggé.

Koreksi ing *suntingan teks* sagêd awujud tambahan, ngirangi, utawi nggantos aksârå, wanda, utawi têtêmbung saking *teks Sêrat Wédyå Praståwå*. Lajêng asiling *koreksi* kasêrat sâhå kaandharakên ing *aparatur kritik*.

d. Terjemahan Teks

Ing panalitèn mênikå *terjemahan teks* dipundamêl kanthi nggatosakên *konteks*-ipun, ngginakakên *metode terjemahan harfiah*, *metode terjemahan isi*, sâhå *metode terjemahan bebas*. Tigang *metode* dipunginakakên kanthi adhedhasar EYD, Baoesastra (Poerwadarminta, 1939), sâhå *kontekstual* jumbuh kaliyan teges sâhå *maknaning teks*.

Terjemahan teks Sêrat Wédyå Praståwå dipunwiwiti kanthi alih basa sabên têtêmbunganipun ingkang cêlak kaliyan maksudipun. Mênawi *terjemahan teks Sêrat Wédyå Praståwå* mênikå botên sagêd kadamêl kanthi *metode terjemahan harfiah*, lajêng têtêmbungan ing *teks Sêrat Wédyå Praståwå* sagêd dipun-*terjemah*-akên ngginakakên *metode terjemahan isi* utawi *makna*. Salajêngipun menawi têtêmbungan ing *teks Sêrat Wédyå Praståwå* botên sagêd

dipun-*terjemah*-akên kanthi cârâ *harfiah* sâhâ *isi*, milâ têtêmbungan ing *teks* mênikâ sagêd dipungantos ngginakakên bâsâ *sasaran* kanthi *bebas*. Asiling *terjemahan teks* mênikâ sagêd nggampilakên anggènipun damêl pirêmbagan ing bab sakawan.

e. Pemaknaan Teks

Kanggé mangrêtosî makna-nipun *teks* dipunlampahi kanthi *pembacaan heuristik* sâhâ *hermeneutik*. Kalih *metode* mênikâ dipunginakakên kanggé *memaknai teks SWP*. *Metode pembacaan heuristik* mênikâ *pembacaan satunggaling karya sastra mawi sistem semiotik tingkat pertama* ingkang awujud pamahaman *makna* jumbuh kaliyan *konvensi* basanipun. *Pembacaan heuristik* ngasilakên pamahaman têngês lumantar kamus (Baoesastra) kados *terjemahan harfiah*.

Wondéné *pembacaan hermeneutik* inggih mênikâ *pembacaan satunggaling karya sastra* kanthi dhasar *konvensi sastra*. *Pembacaan hermeneutik* dipuntindakakên kanggé mangrêtosî makna ingkang sinerat ing salêbêting *naskah*. Kanthi makatên, *makna* saking isining *teks* sagêd dipunpêndhêt sâhâ dipunginakakên déning pârâ pamaosipun.

D. Pirantos kanggé Ngêmpalakên Data Panalitèn

Ing panalitèn mênikâ, pirantos ingkang dipunginakakên kanggé ngêmpalakên *data* inggih mênikâ *kartu data*. *Kartu data* mênikâ pigunanipun kanggé ngempalakên katrangan sâhâ *informasi* ingkang gayut kaliyan *naskah sâhâ teks Sêrat Wêdyâ Prastawa*. Kajawi kanggé ngêmpalakên *data sâhâ informasi*, *data* sagêd dipunpânthâ-pânthâ ngginakakên *kartu data* adhêdhasar *kategori sabên data*.

Lampahing panalitèn ingkang kédah dipunsêrat ngginakakên kartu data inggih mênika: 1) nyêrat asiling *data inventarisasi naskah Sêrat Wédyâ Prastâwâ*, 2) nyêrat asiling *deskripsi naskah sâhâ teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*, 3) nyêrat asiling *transliterasi teks sâhâ suntingan-ipun*, sâhâ 4) nyêrat aparat kritik. Sakawan *kartu data* mênika dipundamêl *tabel* kanthi tulâdhâ kados ing ngandhap mênika.

Tabel 3: Kartu Data kanggé Nyêrat Asiling Inventarisasi Naskah

Katalog ingkang dipunginakakên	Irah-irahan <i>naskah</i> ingkang kapanggihakên	Pelacakan ing papan panyimpèning <i>naskah</i>	katrangan

Tabel 4: Kartu Data kanggé Nyêrat Asiling Deskripsi Naskah sâhâ Teks

No.	Katrangan	Asiling deskripsi <i>naskah sâhâ teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ</i>
1.	Papan panyimpêning <i>naskah</i>	
2.	Panyêratipun	
3.	Nomêr <i>kodeks</i>	
4.	Irah-irahan: a. Kaserat ing pundi kemawon, kâcâ pintên b. Adhêdhasar katrangan saking <i>teks</i> utawi <i>katalog</i> c. Katrangan sêrataning irah-irahaning <i>naskah</i>	
5.	Manggala/andharan ing wiwitan botên gayut kalihan isining <i>teks</i> : a. Wekdal anggenipun nyerat b. Asmanipun panganggit c. Ingkang nyebabakên <i>teks</i> dipunserat d. Ancasing nyerat <i>teks</i> e. Pangajab rikala nyerat <i>teks</i> f. Pepuji	

Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	Asiling deskripsi <i>naskah sâhâ teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ</i>
6.	Kolofon/panutup a. Andharan sajawining isi <i>teks</i> , mapan ing pungkasan b. Wekdal pungkasi pun damel serat c. Papan rikala nyerat d. Asmanipun panganggit e. Ingkang nyebabakên <i>teks</i> dipunserat f. Ancasing nyerat <i>teks</i> g. Pangajab rikala nyerat <i>teks</i>	
	Kawontênaning <i>naskah</i>	
7.	Jinising bahan <i>naskah</i>	
8.	Jinising <i>naskah</i> adhêdhasar <i>katalog</i>	
9.	Cover <i>naskah</i>	
10.	Isinipun <i>naskah</i>	
11.	Cacahing larik sabên sakâcå	
12.	Ukuraning <i>naskah</i> umum (wiyar sâhå panjangipun)	
13.	Kandêling <i>naskah</i> ingkang dipuntliti	
14.	Ukuraning <i>margin naskah</i> khusus	
15.	Dhapukaning <i>teks</i> (gancaran menapa sekar)	
16.	Isining <i>teks</i> (satunggal mênâpå kêmpalan mapintên-pintên <i>teks</i>)	
17.	Dhapukaning <i>teks</i> (gancaran mênâpå sêkar)	
18.	Samaking <i>naskah</i> (warni mênâpå, wujudipun kadospundi, kawontênanipun kadospundi, kadamêl saking mênâpå)	
19.	Jinising aksârå <i>naskah</i>	
20.	Sikaping aksârå (jêjêg, miring manêngên, mênâpå mangiwå)	
21.	Nomêripun kaca <i>naskah</i> (mapan ing pundi, warni mênapa, kalêbêt jinising aksârå mênapa)	
22.	Warninipun mangsi	
23.	Basaning <i>teks</i>	
24.	Cacahipun kâcå <i>naskah</i> ingkang badhé dipuntliti	
25.	Cacahipun pupuh ingkang dipuntliti	
26.	Nâmânipun pupuh	
27.	Cathêtan ing sajawining <i>teks</i> sâhå katrangan sanès	
28.	Wujuding ångkå Jåwå	
29.	Aksârå dêntåwyanjånå carakan	

Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	Asiling deskripsi <i>naskah sâhâ teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ</i>
30.	Pasangan dântâwyanjânâ carakan	
31.	Wujuding aksârâ gantosipun <i>rê sâhâ lê</i>	
32.	Wujuding sandhangan	
33.	Wujuding aksârâ Swârâ	
34.	Wujuding aksârâ Murdâ	
35.	Wujuding mangajapâ	
36.	Tândhâ <i>metra</i>	

Tabel 5: Kartu Data kanggé Nyêrat Asiling Transliterasi Teks, sâhâ Suntingan Teks

Asiling transliterasi standar	Asiling suntingan standar

Tabel 6: Kartu Data kanggé Nyêrat Aparat Kritik

No.	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan</i>	Sasampunipun Dipun-sunting	Katrangan

E. Cârâ Analisis Data Panalitèn

Cârâ *analisis data* ingkang dipunginakakên wontèn panalitèn mênikâ, inggih *analisis deskriptif*. Teknik *analisis* kasêbut dipunpilih amargi njumbuhakên kaliyan ancasing panalitèn mênikâ, inggih kanggé ngandharakên isining *teks Sêrat Wédyâ Prastâwâ*. Caranipun *analisis data* ing panalitèn mênikâ wontèn sakawan, inggih mênikâ 1) *reduksi data*, 2) *klasifikasi data*, 3) *display data*, sâhâ 4) *penafsiran* utawi *interpretasi*.

Lampahing *analisis data* ingkang sapisanan inggih mênikâ *reduksi data*. *Reduksi data* inggih mênikâ ngrangkum *data*, milah *data sâhâ memfokuskan data*

ing piwulang kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos sartå ngicali *data* ingkang botèn ngêwrat kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Lampahing *analisis data* ingkang kaping kalih inggih mênikå *klasifikasi data*. *Klasifikasi data* kalampahan kanthi merangakên *data* ingkang ngêwrat piwulang kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Manawi *data* sampun dipun-*klasifikasi* lajêng dipun-*display data*. *Display data* kadamêl kanthi ngandharakên *data* ingkang sampun dipunpérang ingkang awujud indikator. Lampahing analisis ingkang pungkasan inggih mênikå *penafsiran* utawi *interpretasi* ngéngingi bab ingkang gayut kaliyan piwulang kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kanthi *sistematis* sâhå *objektif*, salajêngipun dipun-*analisis* kanthi *deskriptif*.

F. Cårå Ngêsahakên Data Panalitèn

Ing panalitèn mênikå, botên sadâyå *data* ingkang sampun kapanggihakên dipunsêbut absah (*valid* sâhå *reliabel*). *Data* asiling panalitèn dipunsêbut *absah* mênåpå botên, gumantung saking prêkawis-prêkawis tartamtu, inggih mênikå *subjektivitas* panaliti, cacahing *data* ingkang dipunpanggihakên, *ketepatan referensial*, lsp. Pramilå, supados *data* mênikå *absah*-ipun inggil, *data* kêdah dipun-*reduksi*. *Reduksi data* dipunlampahi kanthi mêndhêt *data* ingkang jumbuh kaliyan panalitèn, déné *data* ingkang botên jumbuh botên dipunginakakên.

Cårå kanggé ningali *absah*-ipun *data* ing panalitèn mênikå ngginakakên *validitas data* sâhå *reliabilitas data*. *Validitas data* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *validitas semantik* amargi *sumber data* panalitèn mênikå awujud

naskah kinå ingkang ngêwrat tåtå bâså inggih mênikå awujud wandå, têtêmbungan, frasa, ukårå, sårå paragraf ingkang maknanipun sami.

Cårå kanggé ngesåhåkên data ingkang sanèsipun inggih mênikå *reliabilitas data*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *reliabilitas intraratter* sårå *interratter*. Cårå *intraratter* inggih mênikå satunggaling cårå kanggé mên dhêt *data* ingkang sami, déné *teks* ingkang dados objek panalitèn dipunwaos makaping-kaping. Cårå *interratter* inggih mênikå cårå ingkang dipunlampahi kanthi nyuwun pambiyantu saking tiyang sanès kanggé têtimbangan rikålå panalitèn dipuntindakakên. Kajawi mênikå, cårå *interratter* kalampahan kanthi nggatosakên *verifikasi* saking *pakar* utawi *ahli*. Upaminipun, kanthi nyuwun pambiyantu dhatêng dosen filologi minangka *pembimbing* sårå *pemberi arahan* rikålå panalitèn dipundamêl.

BAB IV

ASILING PANALITÈN SÀHÀ PANGRÊMBAGIPUN

A. Deskripsi Naskah SWP sàhà Pangrêmbagipun

Sumber data ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênika *naskah Sêrat Wédyà Prastawâ* ingkang kasimpên ing *Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya* kanthi nomêr *kodeks* BB. 1. 134. Salajêngipun, asiling *deskripsi naskah sàhà teks SWP* kaandharakên mawi *tabel* kados ing ngandhap mênika.

Tabel 7: Asiling deskripsi naskah sàhà teks SWP

No.	Katrangan	Asiling deskripsi naskah sàhà teks SWP
1.	Papan panyimpêning <i>naskah</i>	<i>Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta</i>
2.	Panyêratipun	-
3.	Nomêr <i>kodeks</i>	BB. 1. 134
4.	Irah-irahan: a. Kaserat ing pundi kemawon, kâcå pintên b. Adhêdhasar katrangan saking <i>teks</i> utawi <i>katalog</i> c. Katrangan sêrataning irah-irahaning <i>naskah</i>	a. Irah-irahaning <i>naskah</i> kasêrat ing samak <i>dalam naskah</i> . b. Katrangan bab irah-irahanipun <i>naskah</i> adhêdhasar saking <i>teks</i> ingkang kasêrat wontên ing samak <i>dalam naskah</i> ugi saking Buku Daftar <i>naskah</i> saking <i>Perpustakaan Museum Dewantara mênika</i> . c. Katrangan sêratan irah-irahaning <i>naskah</i> kawêdalakên saking kantor pangêcapan N.V Mardi Mulya.
5.	Manggâlå/andharan saderengipun <i>teks</i> : a. Wêkdal anggenipun nyêrat <i>teks</i> b. Asmanipun panganggit	a. 1925 b. Radèn Jåyå Suhartå Asmanipun panganggit kapanggihakên wonten samak <i>dalam sàhà</i> saking sandiasmå wontên kâcå tigå. Kasêrat wontên sabên satunggal wandå ing pådå kaping satunggal sàhà pådå kaping kalih. Sandiasmå ingkang sinêrat wontên <i>teks</i> inggih mênika <i>Radèn Jåyå Suhartå ingkang mangikêt Gitå ing Suråkartå</i> .


Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	Asiling <i>deskripsi naskah sâhâ teks SWP</i>
6.	Kolofon/panutup a. Wêkdal pungkaspun damêl sêrat	Bab panutup <i>teks</i> kasêrat wontên kâcå 18, ingkang kasêrat saking pådå pungkasan wiwit gatrå ingkang kaping kalih, cuplikanipun inggih mênikå ... / <i>paripurnå titining panitrå / anujwari Akad Wage / siyam mångså sapuluh / ping wolu lan jam sângå enjing / wukunirå Kuningan / ringkêlan Mawulu / ing taun Dal sinangkalan / tâtå tâtå ngesthi gusti (1855) mrih lestari / marsudi kautaman //</i> Saking cuplikan panutup ing nginggil kaandharakên bab wêkdal pungkaspun panganggit damêl <i>SWP</i> mênikå. <i>Parafrase</i> saking cuplikan ing ngginggil inggih mênikå sampun paripurnå anggènipun nyêrat ing dintên Ahad Wage, tanggal 8, tabuh 9 énjing, wulan Ramadhan, mångså sadåså. Ing wuku Kuningan, paringkêlanipun Mawulu, taunipun Dal, sagêd dipunmangrêtosî saking sêngkalanipun; <i>tâtå-tâtå ngèsthi Gusti (1855)</i> supados tansah lestantun anggènipun sinau kautamên.
7.	Kawontênaning <i>naskah</i>	Kawontênaning <i>naskah</i> taksih saé, dipunjilid ngginakakên <i>selotip</i> cêmêng ananging lêpas ing kâcå sakawan sâhâ gangsal, lajêng wontên pérangan kâcå ingkang bolong amargi dipunpangan rêngêt
8.	Jinising bahan <i>naskah</i>	Dlancang <i>HVS</i>
9.	Jinising <i>naskah</i> adhêdhasar <i>katalog</i>	Piwulang
10.	Cover <i>naskah</i>	Cover <i>naskah</i> dlancangipun warni <i>merah maroon</i> . Irah-irahanipun <i>naskah</i> kasêrat mawi aksårå mbåtå sarimbag.
11.	Isinipun <i>naskah</i>	a. Samak <i>naskah</i> warni soklat sisih ngajêng b. Lembar satunggal kosong c. Lembar kalih mawi dlancang <i>merah maroon</i> d. Kâcå satunggal taksih gayut kaliyan cover <i>naskah</i> e. Kâcå kaping kalih kosong f. Kâcå tigå dumugi kâcå wolulas ngêwrat <i>teks SWP</i> g. Lembar tiga wingking warni <i>merah maroon</i> h. Samak <i>naskah</i> wingking
12.	Cacahing larik sabên sakåcå	Cacahing larik sabên sakåcå wontên 21 larik.
13.	Ukuraning <i>naskah</i> umum (wiyar sâhâ panjangipun)	14, 3 cm x 21, 5 cm




Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	Asiling <i>deskripsi naskah sâhâ teks SWP</i>
14.	Kandêling <i>naskah</i> ingkang dipuntliti	1 mm
15.	Ukuraning <i>teks</i>	10, 8 cm x 15, 8 cm
16.	Ukuraning margin <i>teks</i> a. nginggil b. ngandhap c. kiwâ d. têngên	a. 2,7 cm b. 2,8 cm c. 1,2 cm d. 2,3 cm
17.	Isining <i>teks</i> (satunggal mênâpâ kêmpanan mapintên-pintên <i>teks</i>)	<i>Teks SWP</i> namung ngêwrat satunggal <i>teks</i> kémawon.
18.	Dhapukaning <i>teks</i> (gancaran mênâpâ sêkar)	<i>Teks SWP</i> kawahyakakên kanthi dhapukan sêkar mაცაპა.
19.	Samaking <i>naskah</i> (warni mênâpâ, wujudipun kadospundi, kawontênanipun kadospundi, kadamêl saking mênâpâ)	Samakipun <i>naskah</i> warni soklat, ngginakakên dlancang karton lajêng dipunjilid ngginakakên selotip cêmêng. Dipunsamaki plastik bening.
20.	Jinising aksârâ <i>naskah</i>	Aksârânipun <i>naskah SWP</i> mênika awujud aksârâ Jâwâ cithak ingkang kaserat jêjêg. Warninipun mangsi ingkang kaginakaken kangge nyerat sadâyâ cêmêng
21.	Nomêripun kaca <i>naskah</i> (mapan ing pundi, warni mênapa, kalêbêt jinising aksârâ mênapa)	Nomêripun <i>naskah</i> mapan wontên ing nginggil sisih têngah, ngginakakên aksârâ ângkâ Jâwâ.
22.	Basaning <i>teks</i>	<i>Teks SWP</i> ngginakakên bâsâ Jawi gagrag anyar.
23.	Cacahipun kaca <i>naskah</i> ingkang badhé dipuntliti	Cacahipun kaca <i>naskah</i> ingkang badhé dipuntliti wontên gangsal wêlas kaca, saking kaca kaping tigâ dumugi kaca kaping wolu-las
24.	Cacahipun pupuh ingkang dipuntliti	7 pupuh
25.	Nâmânipun pupuh	Dhandhanggulâ Pangkur Mijil Kinanthi Sinom Pocung Dhandhanggulâ




Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	Asiling <i>deskripsi naskah sâhâ teks SWP</i>	
26.	Cathêtan ing sawawining <i>teks sâhâ</i> katrangan sanès	Awujud cap <i>stempel</i> kasêrat ing kâcâ1, 3, 7, sâhâ 11 Sewan Kitab “Winyosoeroto” Ledokratmakan Gm 3/72 Djokjakarta	
27.	Wujuding ângkâ Jâwâ	1: 	6: 
		2: 	7: 
		3: 	8: 
		4: 	9: 
		5: 	0: 
28.	Aksârâ dêntâwyanjânâ carakan	hâ: 	pâ: 
		nâ: 	dhâ: 
		câ: 	jâ: 
		râ: 	yâ: 
		kâ: 	nyâ: 
		dâ: 	mâ: 
		tâ: 	gâ: 
		sâ: 	bâ: 
		wâ: 	thâ: 
		lâ: 	ngâ: 
29.	Pasangan dêntâwyanjânâ carakan	hâ: 	pâ: 
		nâ: 	dhâ: 
		câ: 	jâ: 
		râ: 	yâ: 

Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	Asiling <i>deskripsi</i> naskah sâhâ teks SWP		
		kâ: 	nyâ: 	
		dâ: 	mâ: 	
		tâ: 	gâ: 	
		sâ: 	bâ: 	
		wâ: 	thâ: 	
		lâ: 	ngâ: 	
30.	Wujuding aksârâ gantosipun rê sâhâ lê	rê: 	lê: 	
31.	Wujuding sandhangan	pêpêt: 	suku: 	layar: 
		wulu: 	taling: 	taling tarung: 
		wignyan: 	cêcak: 	câkrâ: 
		cakra kêrêt: 	pengkal: 	pangkon: 
32.	Wujuding aksârâ Swârâ	A: 		I: 
33.	Wujuding aksârâ Murdâ	Nâ: 		Tâ: 
		Sâ: 		Gâ: 
34.	Wujuding mangajapâ	Purwâ pādâ: 		


Lajêngipun *tabel*

No.	Katrangan	Asiling <i>deskripsi naskah sâhâ teks SWP</i>	
		Madyâ pādâ: 	
		Wasânâ pādâ: 	
35.	Tândhâ <i>metra</i>	Pādâ lingsâ: 	Pādâ pancak: 
		Pādâ lungsi: 	Pādâ luhur: 

Tabel deskripsi naskah SWP ing nginggil ngandharakên kawontênaning *naskah sâhâ teks SWP* kanthi ringkês. Adhêdhasar *tabel* kasêbut, asiling *deskripsi naskah SWP* kaandharakên kados ngandhap mênikâ.

1. Irah-Irahaning *Naskah*, Papan Panyimpening *Naskah*, sâhâ Nomer Kodeks

Irah-irahaning *naskah* ingkang dipuntêmtokakên dados *sumber data* panalitèn inggih mênikâ *Sêrat Wédyâ Prastâwâ* kados ingkang sinêrat wontên ing cuplikan ngandhap mênikâ.




Irah-irahaning *naskah Sêrat Wédyâ Prastâwâ*

Irah-irahaning *naskah* kasêbut sagêd dipuntingali saking samak *dalam* ingkang dipunsêrat ngginakakên aksârâ Jâwâ sâhâ adhêdhasar Buku Daftar *Naskah Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya* irah-irahaning *naskah* inggih mênikâ *SWP*. *Naskah SWP* ingkang dipundadosakên *sumber data* ing

panalitèn mênikå kalêbêt *koleksi* ing *Perpustakaan* Museum Dewantara Kirti Griya kanthi nomêr *koleksi naskah SWP* inggih mênikå BB. 1. 134.

2. Manggålå sâhå Kolofon

Manggålå utawi andharan sadèrèngipun *teks* kasêrat wontên ing lembar kaping kalih sâhå kâcå satunggal. Manggålå *teks SWP* ngêwrat katrangan bab isinipun *teks*, inggih mênikå bab wêwaton anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kêdahipun paham paprincèning tri sabâwå. Wondéné ukårå saking manggålå *teks SWP* kados ingkang sinêrat wonten ing cuplikan ngandhap mênikå.



Transliterasi standar-ipun :

pêpiridan saking wasitaning pårå sarjånå ing jaman kinå, ngêwrat kawruh bab wêwatonipun anggayuh raosing gêsang sajati, inggih punikå kêdah paham paprincèning tri sabâwå. kados ingkang kasbut ing dalêm sêrat punikå (SWP, lbr 2)

Parafrase-nipun:

Têtuladhan saking wêwarahipun pårå tiyang utami ing jaman rumiyin, ngêwrat kawruh bab wêwatonipun anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos, inggih mênikå kêdah paham dhatêng paprincèning tri sabâwå. Kados ingkang sampun kaandharakên ing salêbêting sêrat mênikå.

Kolofon saking *teks SWP* kasêrat ing kaca 18. Wondéné *kolofon teks SWP* kados ingkang sinêrat ing ngandhap mênika.

... / *paripurnâ titining panitrâ / anujwâri Akad Wage / siyam mangsâ sapuluh / ping wolu lan jam sangâ énjing / wukunirâ Kuningan / ringkêlan Mawulu / ing taun Dal sinêngkalan / tâta tâta ngèsthi gusti (1855) mrih lêstari / marsudi kautaman // (SWP, 18)*

Parafrase-nipun:

... sampun paripurnâ anggènipun nyêrat ing dintên Ahad Wagé, tanggal 8, tabuh 9 énjing, wulan Ramadhan, mangsâ sadâsâ. Ing wuku Kuningan, paringkêlanipun Mawulu, taunipun Dal, sagêd dipunmangrêtosî saking sêngkalanipun; *tâta-tâta ngèsthi gusti* (1855) supados tansah lêstantun anggènipun sinau kautamèn.

Dados, saking *terjemahan* kolofon ing nginggil dipunmangrêtosî bilih isinipun ngêwrat wêkdal pungkasaning nyêrat *teks SWP* inggih mênika rikâlâ dintên Ahad Wage tanggal 8, tabuh 9 énjing ing wulan Ramadhan mangsâ sadâsâ. Wukunipun Kuningan paringkêlanipun Mawulu, sâhâ ing taun Dal 1855.

3. Panganggit, Taunipun *Naskah* dipunsêrat, sâhâ Papan ndamel *SWP*

Katrangan bab sintên panganggitipun *SWP*, taunipun *naskah* dipunsêrat, lajêng papan rikâlâ panganggit damêl *SWP* sagêd dipunpanggihakên ing pérangan *manggala* ing *samak dalam* sâhâ ing kaca tigâ, anggènipun damêl ing wiwitaning wandâ sabên pàdâ sêkar dhandhanggulâ. Têmbung-têmbung ingkang nêdahakên bab katrangan ing nginggil kados ingkang sinêrat ing ngandhap mênika.

1) **Lembar Kaping Kalih**


Kasêkarakên déning

Radèn

Jâyâ Suhartâ

Ing Surâkartâ

1925

2) **Kacă Tigå Pådå Satunggal sâhå Pådå Kalih nanging botên jangkêp**

/o/ râsâ manis yéku kang linuri / dèn ulati pârâ janmâ tâmâ / jaman kunâ praptèng mangké / yayah brêmâra ngidung / surasaning kawruh sajati / hartining sastrâ cêthâ / tatané tan worsuh/ ing kunâ sarânânirâ / kang minangkâ miyak warananing Widi / mangolah rêh kotaman //

/o/ ngipatakên laku ingkang nisthip / kêtarané kridhaning utâmâ / gilâ adoh kanisthané / talatèn têtêp atul / ing pangarah kalawan aris / surâ mring lârâ lâpâ / rasanirâ amung / karyâ nak ing tyas sasâmâ / tatag têtêg tatas sanggêm praptèng pati /...

Adhêdhasar katrangan ingkang nomêr kalih, sabên wandâ wiwitaning gatrâ mujudakên sandiasmanipun *penyalin* inggih mênikâ Radèn Jâyâ Suhartâ *ingkang mangikêt gitâ ing Surâkartâ*. Saking kalih katrangan ing nginggil, sagêd dipunmangrêtos bilih ingkang *penyalin SWP* inggih mênikâ Radèn Jâyâ Suhartâ. Salajêngipun, wêkdal *naskah* dipundamêl inggih mênikâ rikâlâ taun 1925, déné papan rikâlâ panganggit nyêrat *teks SWP* inggih mênikâ ing Surâkartâ.

3) **Kawontênanipun Naskah sâhå Jinising Bahan Naskah**

Naskah SWP kawontênanipun taksih saé, jilidanipun namung lêpas ing kacă sakawan sâhå gangsal nanging botên wontên kacă ingkang ical. Dlancang ingkang kanggé nyêrat *naskah SWP* wontên ingkang bolong amargi dipunpangan rêngêt, ndadosakên wontên aksârâ ingkang risak botên sagêd dipunwaos. Ananging, têmbung-têmbung ingkang aksaranipun risak taksih sagêd dipunwaos

kanthi ndandosi aksâra-aksâra ingkang gayut kaliyan *teks SWP* satêmah têngbung-têngbung ingkang aksaranipun risak sagêd kawaos.

Jinising bahan *naskah* ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *naskah SWP* inggih mênika dlancang HVS. Dlancangipun tipis, warnipun sampun kuning sêmu soklat. Ing pérangan samak *luar naskah*, dipunjilid ngginakakên *selotip* cêmêng sâha dipunsamaki plastik bênging.

4) Ukuraning *Naskah*, Ukuranipun *Teks*, sâha Ukuranipun *Margin*

Samaking *naskah* kadamêl saking dlancang karton kandêl warni soklat dipunsamaki malih ngginakakên plastik bênging. Ukuran *naskah SWP* inggih mênika wiyar sâha panjangipun 14, 3 cm x 21, 5 cm. Kandêling *naskah* ingkang dipuntliti 1 mm. Lajeng isinipun *naskah* inggih mênika wonten satunggal samak luar, samak dalam warnipun *merah maroon*, samak dalam malih mawi kertas HVS, kacâ 3-18 ngewrat *teks SWP*. Kanthahing kacâ ingkang dipuntliti wontên 15 dipuntambah samak dalam ingkang isinipun gayut kaliyan *identitas naskah*.

Botên namung *naskah*-ipun, *teks SWP* ugi dipunukur kanthi mligi. *SWP* mênika awujud *naskah* cithak saénggâ anggènipun ngukur *teks* sagêd langkung gampil. Ukuran wiyaripun *teks SWP* dipunétang saking wiwitanipun aksâra manêngên, déné panjangipun dipunétang saking aksâra mangandhap dumugi larik ingkang pungkasan. Wiyaripun *teks SWP* inggih mênika 10, 8 cm déné panjangipun *teks SWP* inggih mênika 15, 8 cm, sabên kacâ ukuran wiyar sâha panjangipun sami.

Salajêngipun, ukuran margin wontên *teks SWP* dipunétang ing sabên watêsing aksâra ing nginggil, ngandhap, kiwâ, mênâpâ déné têngên. Ananging, ukuraning margin botên sadâyâ sami amargi sêrataning *teks* dipunsêrat *recto-verso*. Wondéné, ukuranipun margin ing nginggil inggih mênika 2,7 cm, sisih

ngandhap 2,8 cm, sisih kiwa 1,2 cm, sâhå sisih têngên 2,3 cm. Cacahing larik ing sabên kâcå sadâyå sami inggih mênikå 21 larik, kajawi ing kâcå wolu-las namun wontên 18 kâcå.

5) Nomêripun Kâcå *Naskah*

Nomêripun kâcå *naskah SWP* dipunsêrat ngginakakên ångkå Jåwå mapan ing sisih nginggil têngah sabên kâcå. Nomêr kâcå ingkang katingal ngginakakên aksårå ångkå Jåwå kawiwitan saking kâcå 3 dumugi kâcå 18.

6) Isining *naskah*

Naskah SWP namung ngêwrat satunggal *teks* kémawon inggih mênikå *teks SWP*. Wondéné jinising *naskah* kalêbêt *naskah* piwulang amargi ngandharakên piwulang kawruh wêwatonipun nggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

7) Sêrataning *Naskah*

Naskah SWP awujud *naskah* cithak, saénggå sêratanipun ugi awujud aksårå carakan cithak. Sikaping aksårå jêjêg, nanging ing lembar kalih wontên ingkang dipunmiringakên, tuladhanipun inggih mênikå asmanipun panganggit sâhå papanipun *naskah* dipuncithak. Warninipun mangsi ingkang dipunginakakên kanggé nyêrat *naskah* sadâyå cêmêng.


8) Basa sâhå Dhapukaning *teks*

Basaning *teks SWP* ngginakakên basa Jawi gagrag anyar, déné *ragam*-ipun krama madya. Wondéné dhapukaning *teks* inggih mênikå dhapukan sêkar mâcåpåt. Sêkar mâcåpåt ingkang dipunginakakên kanggé mahyakakên *teks* inggih mênikå dhandhanggulå, pangkur, mijil, kinanthi, sinom, sâhå pocung.

9) Cathêthan ing sawawining *teks* sâhå katrangan sanès

Cathêthan ing sawawining *teks* kasêrat ing kaca 1,3,7, sâhå 11. Cathêthan awujud stempel kasêrat ngginakakên aksårå Latin. Cathêtanipun inggih mênikå

Sewan Kitab “Wingyosoeroto” Ledokratmakan Gm 3/72 Djokjakarta. Wujudipun kados ingkang sinêrat wontên cuplikan ngandhap mênikå.



Cap stempel minångkå cathêtan sawawining teks SWP

B. Alih Tulis teks SWP sårå Pangrêmbagipun

Alih tulis teks ing panalitèn mênikå ngginakaken transliterasi teks sårå suntungan teks kanthi ndamêl *aparât kritik*. Transliterasi inggih mênikå nggantos sêrataning teks kanthi aksårå ingkang botên sami kaliyan aksårå sêrataning teks utawi mawi aksårå ingkang bédå (Mulyani, 2011: 9). *Metode transliterasi* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar* inggih mênikå nggantos sêrataning teks adhêdhasar *ejaan* ingkang sampun dipunsampurnakakên utawi EYD ingkang dipunginakakên.

a. Pandom Transliterasi Naskah SWP








Pandom transliterasi dipunginakakên kanggé nggampilakên anggènipun damêl alih aksaraning teks SWP. Pandom transliterasi kasêbut inggih mênikå panyêrating aksåra Jåwå sårå pasanganipun, panyêrating aksåra murdå, panyêrating aksåra swårå, panyêrating sandhangan, sårå panyêrating ångkå Jåwå. Pandom transliterasi mênikå dipundamêl kanthi pangangkah kanggé nggampilakên pårå pamaos mangrêtosî asiling transliterasi SWP. Pandom transliterasi SWP ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênikå dipunandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. Sistem Transliterasi Aksara Jawa










a) Wujuding Aksara Jawa sâhâ Pasanganipun

Abjad Aksara Jawa utawi dêntawyanjănâ mênikâ ingkang baku wontên kalih dâsâ. Aksara Jawa ingkang dipunginakakên kanggé nyerat *teks SWP* wontên 20 aksara sâhâ sadâyâ wontên pasanganipun. Wondéné wujuding aksara Jawa sâhâ pasanganipun wontên ing *naskah SWP* dipunsêrat kados ing ngandhap mênikâ.










Tabel 8: Wujuding Aksara Jawa sâhâ Pasanganipun wontên ing *naskah SWP* ingkang dipunsêrat mawi Aksara Latin

Nâmâ Aksara	SWP		Tuladhâ Panyêratipun	Transliterasi Standar
	carakan	pasangan		
hâ				jajahan ardi
nâ				datan niyat nê..
câ				cêthâ umancur
râ				râsâ rurus raras
kâ				kunâ bagaskârâ
dâ				dadyâ pandulu

Lajêngipun *tabel*

Nåmå Aksårå	SWP		Tuladha Panyêratipun	Transliterasi Standar
	carakan	pasangan		
tå				sastrå
så				sajati yèn sinawang
wå				warnå-warnå yun wikan
lå				lårå wikan luhuring
på				praptèng ngrompyoh
dhå				padhang galundhung
jå				anjêjangan
yå				driyå
nyå				sonyå pratignyèng




Lajêngipun *tabel*

Nåmå Aksårå	SWP		Tuladha Panyêratipun	Transliterasi Standar
	carakan	pasangan		
må			 	mawèh Bétal Mukaram
gå				lêgawå
bå			 	nabêt a.. kalbu
thå			 	kathah nisthip
ngå				ngalah

b) Wujuding Aksårå Swårå

Aksårå Swårå dipunginakakên kanggé nyêrat aksårå *vokal* dados wandå, utaminipun kanggé têmbung-têmbung ngamåncå. Kajawi mênika, aksårå swårå botên sagêd dados pasangan, saénggå aksårå ingkang awujud sigêgan ing sangajêngipun aksårå swårå kêdah dipunpatèni ngginakakên pangkon. Ing SWP aksårå swårå dipunginakakên kanggé nyêrat sêsêbutaning Allah, nåmå dintên, sårå têmbung *serapan* saking bâså Arab. Aksårå swårå ingkang dipunginakakên ing panalitèn mênika wontên kalih aksårå.

Tabel 9: Wujuding Aksârâ Swârâ sâhâ Panyêratipun

Nâmâ Aksârâ	Aksârâ Swârâ	Tulâdhâ Panyêratipun	Transliterasi Standar
A			Wallahu'alam Akad Wagé
I			iman




c) Wujuding Aksârâ Murdâ

Aksârâ murda utawi aksârâ mâhâprânâ dipunginakakên kanggé nyêrat asmaning pârâ luhur, nâmâ dhiri, nâmâ bêbadan pamaréntah utawi hukum, jêjuluk, sâhâ padunungan. Panyêrating aksârâ murdâ botên sami kados aksârâ kapital ing bâsâ Indonesia, amargi botên sadâyâ aksârâ carakan wontên aksârâ Murdanipun (Darusuprpta, dkk. 1996: 11-13). Aksârâ carakan ingkang sagêd dipunsêrat ngginakakên aksârâ murdâ cacahipun wontên 7 inggih mênikâ Nâ (𐌺),

Kâ (𐌿), Tâ (𐌰), Sâ (𐌱), Pâ (𐌳), Gâ (𐌴), sâhâ Bâ (𐌶). Ing panalitèn mênikâ,

aksârâ murdâ ingkang dipunginakakên kathahipun wontên 4 aksârâ. Sakawan aksârâ murdâ kasêbut kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikâ.

Tabel 10: Wujuding Aksârâ Murdâ sâhâ Panyêratipun

Nâmâ Aksârâ	Aksârâ Murdâ	Tulâdhâ Panyêratipun	Transliterasi Standar
Nâ		 	pindhané kasandhangan

Nàmå Aksårå	Aksårå Murdå	Tulådha Panyeratipun	Transliterasi Standar
Så			Sang Yogi
Tå			Surakarta
			Jaya Suharta
Gå			Ngayogyakarta

Ing salêbêting teks SWP, wontên têtêmbungan ingkang sêratanipun botên jumbuh kaliyan panyêrating aksårå murdå samênikå amargi tata panyeratipun taksih ngginakaken ejaan Sriwedari (1926). Tuladhanipun têtêmbungan kasêbut kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikå

Tabel 11: Wujuding Aksårå Murdå sårå Panyêratipun
















Têmbung Inkang Botên Jumbuh	Transliterasi Standar
	kasaNdhang dipunsêrat dados kasandhang samênikå kedahipun aksårå Na dipunsêrat mawi aksårå lêngêna.
	piNdhané dipunsêrat dados pindhané ing jaman samênikå kédahipun aksårå Na dipunsêrat mawi aksårå na lêngêna.
	Suksma dipunsêrat dados suksma kédahipun aksårå Sa dipunsêrat mawi aksårå lêngêna kemawon.

d) Sandhangan






Sandhangan inggih mênikå tåndha *diakritik* ingkang dipunginakakên kanggé ngéwahi swantên wontên ing sêratan Jawi (Darusuprta, dkk. 1996: 18). Wontên ing aksårå Jåwå, sandhangan dipunpérang dados tigang klompok inggih mênikå sandhangan swårå, sandhangan wyanjånå, sårå sandhangan panyigêging

wandå (Mulyani, 2011: 10). Wondéné sandhangan ingkang dipunginakakên ing SWP kaandharakên kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênika.










Tabel 12: Wujuding Sandhangan sâhå Tulådhå Panyêratipun

Jinising Sandhangan	Nåmå Sandhangan	Sandhangan	Tulådhå Panyêratipun	Transliterasi Standar
Swårå	wulu (dipunginakakên kanggé mujudakên swantên <i>i</i>)		 	sarananirå amikani
	suku (dipunginakakên kanggé mujudakên swantên <i>u</i>)		 	kapundhi angumpuli
	pêpêt (dipunginakakên kanggé mujudakên swantên <i>ê</i> sâhå sandhangan pepet botên dipunginakakên kanggé nyêrat wandå <i>re</i> utawi <i>le</i>)		 	kêtara angêncêngi
	taling (dipunginakakên kanggé mujudakên swantên <i>é</i> sâhå <i>è</i>)		 	rusaké jalèrèh
	taling tarung (dipunginakakên kanggé mujudakên swanten <i>o</i>)		 	minångkå gonirå
Wyanjånå	cakra (minångkå sêsulihing <i>konsonan</i> <i>rå</i> , inggih mênika sandhangan ingkang		 	praptèng nétrå

Lajêngipun *tabel*

Jinising Sandhangan	Nãmã Sandhangan	Sandhangan	Tulådha Panyêratipun	Transliterasi Standar
	dipunginakakên kanggé mujudakên wandã ingkang ngêwrat konsonan r)			
	kêrêt (dipunginakakên kanggé mujudakên wandã ingkang ngêwrat konsonan rê utawi panggantosing tandha cakra ingkang kasandhangan pêpêt)	 	 	ngrêmbakã pangrêgêmira
	pêngkal (dipunginakakên kanggé mujudakên konsonan y ingkang sumambung kaliyan konsonan sanèsipun wontên satunggal têmbung)	 	 	Hyang Widi gêbyaring
	panjang wã (dipunginakakên kanggé mujudakên konsonan w ingkang sumambung kaliyan konsonan sanèsipun wontên satunggal wandã)	 		dwija

Lajêngipun *tabel*





Jinising Sandhangan	Nåmå Sandhangan	Sandhangan	Tulådha Panyêratipun	Transliterasi Standar
	panjang lå (dipunginakakên kanggé mujudakên konsonan l ingkang sumambung kaliyan konsonan sanèsipun wontên satunggal wandå)	 		bludaging
Panyigêging Wandå	cêcak (dipunginakakên minangkå gantosipun sigêg nga ing pungkasaning wandå)		 	ambranang jejurang
	layar (dipunginakakên minangkå gantosipun sigêg ra ing pungkasaning wandå)		 	nyarkårå pamarsitan
	wignyan (dipunginakakên minangkå gantosipun sigêg ha ing pungkasaning wandå)	 	 	pangarah kawruhånå
	pangkon (minangkå tåndha mênawi aksårå ingkang)	 		kotaman
	dipunpangku ical swantênipun namung kantun aksaranipun)			paningal

e) Wujuding Angka Jåwå

Angka Jåwå dipunginakakên kanggé nyêrat (1) lambang wilangan utawi nomêr sâhå (2) nyêrat ukuran panjang, wêkdal, artå, gunggungipun wilangan, sâhå yuswå. Kanggé nyêrat angka ing salêbêting ukårå kêdahipun ngginakakên pådå pangkat. Angka Jåwå ingkang kasêrat ing *teks SWP* inggih mênika  (1),  (2),  (3),  (4),  (5),  (6),  (7),  (8),  (9),  (0).



2. Panyêrating *ha* kanthi pocapan ingkang cêthå dipundamel *transliterasi*-nipun dados *hå*, déné *hå* kanthi pocapan ingkang ampang botên dipunsêrat *hå* nanging dipundamel *transliterasi*-nipun *dados vokal* a, i, u, è/é, o. Prakawis kados makatên ugi kapanggihakên ing *SWP*. Tuladhanipun panyêrating *hå* ingkang cêthå mênåpå déné *hå* ingkang ampang kasêrat ing *tabel* kados ing ngandhap mênika.

Tabel 13: Tulådha Panyêrating *hå* ingkang cêthå sâhå *hå* ingkang ampang

Tulådha Panyêratipun	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
	abrit	merah
	lahar	lahar
	nabêt anèng	membekas di
	sâhåri	sehari



3. Aksårå (o) mawi *nasal* (n, m, ng, ny) ing sangajênging wandå tanpå sandhangan swårå dipun-*transliterasi* dados å. Tulådha panyêratipun kados ing ngandhap mênika.

Tabel 14: Tuladhå Panyêratipun (o) mawi *nasal* dipunsêrat dados *â*

Tuladhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Terjemahan-ipun
	minangkâ	sebagai
	karêm mêmangsâ	suka memangsa

4. Panyêrating *e pêpêt* ngginakakên tandhå *diakritik* (ê), déné *e taling* dipunsêrat ngginakakên tandhå *diakritik* (é) sâhå (è). Tuladhanipun panyêrating *ê pêpêt* sâhå *é taling* kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikå.



Tabel 15: Tuladhå Panyêratipun *e pepet* sâhå *e taling*

Tuladhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Terjemahan-ipun
	cêthå	jelas
	mawèh	memberi
	miwah luwé	serta lapar

5. Panyêrating Têmbung Dwilinggå

Panyêrating têmbung dwilinggå dipunsambung ngginakakên tandhå sambung (-). Tandhå sambung (-) dipunginakakên kanggé nyêrat têmbung dwilinggå supados sami kaliyan wêwatonipun panyêratipun aksårå Latin. Tuladhå panyêrating têmbung dwilinggå wontên *SWP* kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikå.



Tabel 16: Tuladhå Panyêrating Têmbung Dwilinggå wontên *SWP*

Tuladhå Panyêratipun	Transliterasi Standar	Terjemahan-ipun
	ijo ariyu-riyu	hijau subur
	lêdhung-lêdhung	terlihat subur dan banyak daunnya

6. Panyêrating Têmbung Dwipurwâ




Panyêrating dwipurwâ wontên ejaan aksârâ Jâwâ, wandâ sapisan dipunsêrat ngginakakên *vokal ê* (Padmosoekotjo, 1989: 75). Tulâdhâ panyêratipun dwipurwâ wontên *SWP* kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikâ.

Tabel 17: Tulâdhâ Panyêratipun Dwipurwâ wontên *SWP*

Tulâdhâ Panyêratipun	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
	kêkothakan	petak-petak
	sêsawangané	pandangannya

7. Panyêrating aksârâ ingkang sami sâhâ langkung saking satunggal amargi *proses afiksasi*, *transliterasi-nipun* dipunsêrat satunggal aksârâ kémawon. Tulâdhâ panyêratipun têmbung ingkang dipunsudâ satunggal aksârâ ingkang sami wontên *SWP* kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikâ.

Tabel 18: Tulâdhâ Panyêratipun Têmbung ingkang Dipunsudâ Satunggal Aksârâ ingkang Sami wontên *SWP*




Tulâdhâ Panyêratipun	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
	kêtârâ	terlihat
	rusaké	rusaknya, hancurnya
	sêmêkaning	kembennya

8. Panyêrating aksârâ *kapital* dipuncocogakên kaliyan panyêrating aksârâ Latin

Rikâlâ damêl alih tulis *SWP* panyêrating aksârâ *kapital* dipuncocogakên kaliyan wêwaton panyêrating aksârâ Latin. Tuladhanipun panyêrating aksârâ kapital wontên *SWP* kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikâ.





- 1) Aksâra *kapital* kanggé nyerat aksâra sapisan têtêmbungan ingkang gayut kaliyan agami sâhâ Gusti

Tabel 19: Tulâdhâ Panyêrating Aksâra *kapital* kanggé nyêrat aksâra sapisan têtêmbungan ingkang gayut kaliyan agami sâhâ Gusti

Tulâdhâ Panyeratipun	Transliterasi Standar	Terjemahan-ipun
	Allah	Allah
	Wallahu'alam	Wallahu'alam
	Hyang Agung	Hyang Agung



- 2) Aksâra *kapital* kanggé nyêrat aksâra sapisan asmanipun tiyang utawi jêjuluk pakurmatan

Tabel 20: Tulâdhâ Panyêrating Aksara *Kapital* kanggé Nyêrat Aksara Sapisan Asmanipun Tiyang utawi Jêjuluk Pakurmatan

Tulâdhâ Panyeratipun	Transliterasi Standar	Terjemahan-ipun
	Dyan Susena	Dyan Susena
	Sang Yogi	Sang Pendeta
	Sang Wiku	Sang Pendeta
	Jaya Suharta	Jaya Suharta

- 3) Aksâra *kapital* kanggé nyêrat aksâra sapisan nâma papan padunungan

Tabel 21: Tulâdhâ Panyêratipun Aksâra *Kapital* kanggé Nyêrat Aksâra Sapisan Nâma Papan Padunungan

Tulâdhâ Panyêratipun	Transliterasi Standar	Terjemahan-ipun
	Ngayogyakarta	Yogyakarta
	Surakarta	Surakarta

9. Panyêrating Têmbung Kriyå

Miturut Mulyana (2011: 45-47), têmbung kriyå inggih mênikå têmbung ingkang nêdahakên satunggaling *aktifitas* utawi tumindak. Wontên ing *transliterasi teks SWP* mênikå, têmbung kriyå tanduk (*kata kerja aktif*) panyêratipun kêdah mawi atêr-atêr anuswaranipun (ny-, m-, ng-, n-). Tuladhanipun kados ing ngandhap mênikå.

dhèrèk *transliterasi standar*-ipun ndhèrèk




galundhung *transliterasi standar*-ipun nggalundhung

gonirå dipun-*transliterasi* dados nggonirå



10. Tåndhå metra

Panyêrating tåndhå métrå sampun limrah dipunginakakên ing *teks-teks* mawi aksårå Jåwå ingkang dhapukanipun sêkar mácåpat. Panyêrating tåndhå *metra* wontên *SWP* kaandharakên ing *tabel* ngandhap mênikå.

Tabel 22: Panyêrating Tåndhå Metra Wontên SWP

Nåmå Tåndhå Métrå	Wujuding Tåndhå Métrå	Katrangan	<i>Transliterasi</i>
Purwåpåðå		Wontên <i>SWP</i> purwåpåðå dipunginakakên minångkå tåndhå wiwitaning pupuh.	//o//
Madyåpåðå		Wontên <i>SWP</i> Madyåpåðå dipunginakakên minångkå tåndhå gantosing pupuh.	//m//
Wasånåpåðå		Wontên <i>SWP</i> Wasånåpåðå dipunginakakên kangge tåndhå pungkasing serat.	///i///

Lajêngipun *tabel*

Nâmâ Tândhâ Métrâ	Wujuding Tândhâ Métrâ	Katrangan	Transliterasi
Pådâ Luhur		Wontên <i>SWP</i> pådâ luhur dipunginakakên minangka tândhâ wiwitaning pådâ	/o/
Pådâ Lingsâ		Pådâ lingsâ dipunginakakên kangge tândhâ pamisahing gatrâ	/
Pådâ Lungsi		Wontên <i>SWP</i> pådâ lungsi dipunginakakên minangka tândhâ pungkasing ukârâ wontên manggâlâ mênapa déné wontên <i>teks</i> .	//
Pådâ Pancak		Wontên <i>SWP</i> pådâ pancak dipunginakakên minangka tândhâ gantosing cariyos ing salêbêting <i>teks</i> .	{0}
Pangkon		Pangkon dipunginakakên minangka tândhâ pungkasiipun gatrâ	/
Pangkon dipunsêrat kaliyan pådâ lingsâ		Tândhâ pangkon ingkang dipunsêrat kaliyan pådâ lingsâ nêdahakên pungkasiipun pådâ.	//

11. Sabên wiwitaning pådâ dipunparingi nomer ngginakakên angka Arab dipunsêrat Latin.
12. Nomêripun sabên kâcâ wontên *teks* dipunsêrat ngginakakên angka Arab dipunsêrat Latin dipunapit *kurung siku* [...]. mênawi gantosing kâcâ kadadosan ing satunggal têmbung, milâ tândhâ *kurung siku* dipunsêrat dados

satunggal kaliyan têmbung kasêbut tanpâ lêt. Ananging, mênawi gantos ing kâcâ kadadosan ing antawisipun kalih, milâ tândhâ *kurung siku* dipunsêrat ing antawisipun kalih têmbung dipunlêti satunggal spasi.

Tuladhanipun:

... *ka*[kaca 2]*sorot* ...

... *bocah* [kaca 10] *pating cruwit* ...

b. Pandom Suntingan teks SWP

Pandom *suntingan teks* dipundamêl kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *suntingan teks SWP*. Tândhâ-tândhâ *penyuntingan* ingkang dipunginakakên kanggé ndamêl *suntingan teks SWP* kaandharakên kados ing ngandhap mênikâ.

- a) Tândhâ <...> dipunginakakên kanggé tândhâ panggantosing aksârâ, wandâ, utawi têmbung.
- b) Tândhâ (...) dipunginakakên kanggé nêdahakên mênawi wontên tambahan aksârâ, wandâ, utawi têmbung.
- c) Tândhâ [...] dipunginakakên kanggé nêdahakên mênawi wontên aksârâ, wandâ, têmbung ingkang dipunkirangi utawi botên pêlu dipunwaos.
- d) Nomêripun *aparât kritik* ngginakakên ângkâ Arab dipunsêrat Latin dipunpapanakên ing nginggil sisih têngên.

Tuladhanipun:

... ¹ , ... ² , ... ³ , ... ⁴ ...

c. Pirêmbagan Asiling Alih Tulis Teks SWP

Transliterasi ingkang dipundamêl wontên panalitèn mênikâ ngginakakên *metode transliterasi standar*. *Transliterasi standar* inggih mênikâ alis tulis sêrataning *naskah* saking satunggal aksârâ dhatêng aksârâ sanèsipun kanthi

nggatosakên ejaan ingkang dipunginakakên. *Transliterasi* ingkang dipundamêl wontên panalitèn mênika kanthi nggatos sêrataning *naskah* saking aksârâ Jåwå dhatêng aksârâ Latin sâhå dipunjumbuhakên kaliyan *ejaan* ingkang dipunginakakên. *Transliterasi* dipundamêl kanggé nggampilakên anggènipun ndamêl *penyuntingan teks*.

Penyuntingan teks mênika awujud éwah-éwahan ingkang sagêd ngirangi, nggantos, utawi nambahi aksârâ, wandå, mênåpå déné têmbung wontên *teks SWP*. *Suntingan teks* ingkang dipundamêl wontên panalitèn mênika ngginakakên *metode suntingan edisi standar*. Gêgaran kanggé ndamêl *suntingan teks* dipunjumbuhakên kaliyan *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) sâhå buku saking Balai Bahasa Yogyakarta ingkang asêsirah *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin yang Disempurnakan* (2006). Ananging, rikålå ndamêl *suntingan teks* botên ngéwahi *has-ipun teks*. Asiling *transliterasi* sâhå *suntingan* kados ingkang sinêrat wontên ing *tabel* ngandhap mênika.

Tabel 23: **Asiling Transliterasi sâhå Suntingan Teks SWP**

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
1. (Dhandhanggulå) //o// råså manis yéku kang linuri / <u>dèn</u> ulati pårå jammå tåmå / <u>j</u> aman kunå praptèng mangké / <u>y</u> yah brêmårå ngidung / <u>s</u> urasaning kawruh sajati / <u>h</u> artining sastrå cêthå / <u>t</u> atané tan worsuh/ <u>ing</u> kunå sarananirå <u>k</u> ang minångkå miyak warananing Widi / <u>m</u> angolah rèh kotaman //	1) //o// råså manis yéku kang linuri / <u>dèn</u> ulati pårå ja<n>¹må tåmå / <u>j</u> aman kunå praptèng mangké / <u>y</u> yah brêmårå ngidung / <u>s</u> urasaning kawruh sajati / <u>h</u> artining sastrå cêthå / <u>t</u> atané tan worsuh/ <u>ing</u> kunå sarananirå <u>k</u> ang minångkå miyak warananing Widi / <u>m</u> angolah rèh kotaman //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
2. /o/ ngipatakên laku ingkang nisthip / kêtarané kridhaning utâmâ / gilâ adoh kanisthané / talatèn têtêp atul / ing pangarah kalawan aris / surâ mring lârâ lâpâ / rasanirâ amung / karyâ nak ing tyas sasâmâ / tatag têtêg tatas sanggêm praptèng pati / ngalah sabarang pédah //	2) /o/ ngipatakên laku ingkang nisthip / kêtarané kridhaning utâmâ / gilâ adoh kanisthané / talatèn têtêp atul / ing pangarah kalawan aris / surâ mring lârâ lâpâ / rasanirâ amung / karyâ nak ing tyas sasâmâ / tatag têtêg tatas sanggêm praptèng pati / ngalah sabarang pédah //
3. /o/ angêncengi lêgawaning budi / yèn pinurih ing laku tan arjâ / tinêmah praptèng rusaké / yéku ran sujanma nung / anênung umarang Hyang Widi / ngudi saking tyas martâ / amartani sagung / sagunging sakulâwargâ / rinèh ayêm yèn kataman ing sasêrik / sumèh nétrâ nyarkârâ //	3) /o/ angêncengi lêgawaning budi / yèn pinurih ing laku tan arjâ / tinêmah praptèng rusaké / yéku ran sujanma nung / anênung umarang Hyang Widi / ngudi saking tyas martâ / amartani sagung / sagunging sakulâwargâ / rinèh ayêm yèn kataman ing sasêrik / sumèh nétrâ nyarkârâ //
4. /o/ kâyâ déné rêsi Mâyâsidi / kang asrâmâ wukir Wahyâmâyâ / numunung sêlâ sêlané / lêlêngkèhaning gunung / jurang njarèh pating njalirit / mubêng ngubêngi argâ / dhépoké sang wiku / yèn sinawang sing mandrâwâ / lir rimânging wanodyâ ngawêng sumampir / tumampang anèng jâjâ //	4) /o/ kâyâ déné rêsi Mâyâsidi / kang asrâmâ wukir Wahyâmâyâ / <d> ² umunung sêla-sêlané / lêlêngkèhaning gunung / jurang njarèh pating njalirit / mubêng ngubêngi argâ / dhépoké sang wiku / yèn sinawang sing mandrâwâ / lir rimânging wanodyâ ngawêng sumampir / tumampang anèng jâjâ //
5. /o/ kumalèwèr lir poncoté kèksi / asumilah sêmuné katârâ / kang angongklèh lêlêngkèhé / ijo ariyu- riyu / thêthukulan rumput mêtêki / déning ka[kaca 4]sorot suryâ / yéku yèn dinulu / jalèrèh ingkang aldâkâ / angatirah ambranang soroté abrit / tan ânâ thethukulan //	5) /o/ kumalèwèr lir poncoté kèksi / asumilah sêmuné k<ê> ³ târâ / kang angongklèh lêlêngkèhé / ijo ariyu- riyu / thêthukulan rumput mêtêki / déning ka[kaca 4]sorot suryâ / yéku yèn dinulu / jalèrèh ingkang aldâkâ / angatirah ambranang soroté abrit / tan ânâ thethukulan //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
6. /o/ dadyå amung padhasé kang kèksi / nguni kèlêm kaléban ing lahar / jêjurang iku pindhané/ sumêkaning dyah ayu / ingkang mubêng ngubêngi ardi / nanggul bludaging argå / wèh sêngsêm kayungyun / marang ayuning paningal / muyêg ngrêmpêl thukuling mandirå rêmit / lêdhung-lêdhung ngrêmbåkå //	6) /o/ dadyå amung padhasé kang kèksi / nguni kèlêm kaléban ing lahar / jêjurang iku pindhané/ s<ê> ⁴ mêkaning dyah ayu / ingkang mubêng ngubêngi ardi / nanggul bludaging argå / wèh sêngsêm kayungyun / marang ayuning paningal / muyêg ngrêmpêl thukuling mandirå rêmit / lêdhung-lêdhung ngrêmbåkå //
7. /o/ ngrompyoh kadyå sinoming dyah adi / mring paningaling kèlu-kèluwå / marang wong ayu solahé / nabêt anèng pandulu / kaya ngåpå rasaning ati / wikan luhuring argå / gawé gandrung-gandrung / kumêdah minggah aldåkå / kapiyungyun uning jajahan ardi / mawèh sêngsêming driyå //	7) /o/ ngrompyoh kadyå sinoming dyah adi / mring paningaling kèlu-kèluwå / marang wong ayu solahé / nabêt anèng pandulu / kaya ngåpå rasaning ati / wikan luhuring argå / gawé gandrung-gandrung / kumêdah minggah aldåkå / kapiyungyun uning jajahan ardi / mawèh sêngsêming driyå //
8. /o/ yèn rinåså paboboting ardi / déning dahat kamirahan toyå / ing kanan kéringing kalèn / mili sambung sumambung / pan kumriwik swaraning warih / kang mijil sakil tlågå / wêning toyanipun/ mawèh sukaning wardåyå / sinartanan hawaning argå mring dhiri / gawé sêgêring rågå //	8) /o/ yèn rinåså pa(m)⁵boboting ardi / déning dahat kamirahan toyå / ing kanan kéringing kalèn / mili sambung sumambung / pan kumriwik swaraning warih / kang mijil sakil tlågå / wêning toyanipun/ mawèh sukaning wardåyå / sinartanan hawaning argå mring dhiri / gawé sêgêring rågå //
9. /o/ kiwå têngên pasêtrèn myang sabin / kekothakan tinon sing mandråwå / kacaryan dulu langêné / pasramanirèng gunung / kêmbang abyor amâncå warni / sinêrang ing marutå / marbuk arum arum / sari samyå babar gåndå / amrik ngambar angosikakên ing urip / dadyå	9) /o/ kiwå têngên pasêtrèn myang sabin / kekothakan tinon sing mandråwå / kacaryan dulu langêné / pasramanirèng gunung / kêmbang abyor amâncå warni / sinêrang ing marutå / marbuk arum arum / sari samyå babar gåndå / amrik ngambar angosikakên ing urip /

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
langêning driyâ //	dadyâ langêning driyâ //
10. /o/ ing sajugâ ari sang maharsi / [kaca 5] lênggah munggwing balé pacrabakan / rêspati sêsawangané / bawané wiku luhung/ sanityâsâ sâhâ milangoni / solah bawaning wiprâ / mawèh sêngsêm kalbu / kathah sami anjêjangan / amanguyu nyênyantrik marang sang yogi / supênuh ing pratapan //	10) /o/ ing sajugâ ari sang maharsi / [kaca 5] lênggah munggwing balé pacrabakan / rêspati sêsawangané / bawané wiku luhung/ sanityâsâ sâhâ milangoni / solah bawaning wiprâ / mawèh sêngsêm kalbu / kathah sami anjêjangan / amanguyu nyênyantrik marang sang yogi / supênuh ing pratapan //
11. /o/ siswanirâ sang rêsi winarni / langkung pêkik nâma Dyan Susênâ / trah wityâ radyâ jatiné / sumêngkâ graning gunung / asuméwâ mring mâhârési / kêképon nêng pratapan / cayané umancur / bawané budyâ utâma / ulat sumèh pasang graitâ alantip / sarirâ lurus raras //	11) /o/ siswanirâ sang rêsi winarni / langkung pêkik nâma Dyan Susênâ / trah wityâ radyâ jatiné / sumêngkâ graning gunung / asuméwâ mring mâhârési / kêképon nêng pratapan / cayané umancur / bawané budyâ utâma / ulat sumèh pasang graitâ alantip / sarirâ lurus raras //
12. /o/ wus diwâsâ amêpêk bêrahi / nêdhêngirâ kridhaning asmâra / nanging tâ iku jatiné / mring pâlâkrâma lumuh / rêmên mangun olah sêmadi / ahli marang surâsâ / sampurnaning ngilmu / ngudi amrih datan samar / amikani rasaning urip sajati / adrêng pratignyèng driyâ //	12) /o/ wus diwâsâ amêpêk bêrahi / nêdhêngirâ kridhaning asmâra / nanging tâ iku jatiné / mring pâlâkrâma lumuh / rêmên mangun olah sêmadi / ahli marang surâsâ / sampurnaning ngilmu / ngudi amrih datan samar / amikani rasaning urip sajati / adrêng pratignyèng driyâ //
13. /o/ yèn tan antuk pitutur sajati / sukârilâ palastra nêng argâ / nggalundhung jurang pêpèrèng / dadi mêmangsanipun / sato wânâ kang ambêg julig / galat karêm mêmangsâ / déning sru kayungyun / yun wikan rasaning gêsang / sanityâsâ cêgah dhahar lawan guling / subrâtâ mati râgâ //m//	13) /o/ yèn tan antuk pitutur sajati / sukârilâ palastra nêng argâ / nggalundhung jurang pêpèrèng / dadi mêmangsanipun / sato wânâ kang ambê<k> ⁶ julig / galat karêm mêmangsâ / déning sru kayungyun / yun wikan rasaning gêsang / sanityâsâ cêgah dhahar lawan guling / subrâtâ mati râgâ //m//

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
14. (Pangkur) /o/ dènyå angungkurkên pråjà / praptèng dhépok marêk sang mårhårêsi / kang asråmå anèng gunung / ngabyantårå sang dwijå / dibyå sêkti sidik paningalirå trus / subråtå amati rågå / lènjèh mati jroning urip //	14) /o/ dènyå angungkurkên pråjà / praptèng dhépok marêk sang mårhårêsi / kang asråmå anèng gunung / ngabyantårå sang dwijå / dibyå sêkti sidik paningalirå trus / subråtå amati rågå / lènjèh mati jroning urip //
15. (pangkur) /o/ prasasat sari[kaca 6]rå suksmå / yuswanirå ing wanci pan wus lingsir / sarèh titis wicårå rum / momot lêgawèng driyå / solah bårwå jatmikå / dèdèknya ngrangkung / pantês pandhitå ing pråjà / cahyå wênês anèngsêmi //	15) /o/ prasasat sari[kaca 6]rå suksmå / yuswanirå ing wanci pan wus lingsir / sarèh titis wicårå rum / momot lêgawèng driyå / solah bårwå jatmikå / dèdè<g>⁷nya ngrangkung / pantês pandhitå ing pråjà / cahyå wênês anèngsêmi //
16. /o/ tåtå titi yèn ngandikå / wignyå karya énak tyasing sêsami / Dyan Susénå anèng ngayun / sumungkêm mring sang dwijå / gung manganti wahyaning warsitå hayu / wau tå risang pandhitå / mèsêm sarwi ngandikå ris //	16) /o/ tåtå titi yèn ngandikå / wignyå karya énak tyasing sêsami / Dyan Susénå anèng ngayun / sumungkêm mring sang dwijå / gung manganti wahyaning warsitå hayu / wau tå risang pandhitå / mèsêm sarwi ngandikå ris //
17. /o/ èh tå kulup Dyan Susénå / rèh wus lami anèng pratapan mami / lah tå mårå putraningsun / sirå asajarwåhå / pan wus suwé nggonirå nèng ngarsaningsun / apa tå nggèr kang sinèdyå / ing kéné ênggon ngasêpi //	17) /o/ èh tå kulup Dyan Susénå / rèh wus lami anèng pratapan mami / lah tå mårå putraningsun / sirå åsajarwåhå / pan wus suwé nggonirå nèng ngarsaningsun / apa tå nggèr kang sinèdyå / ing kéné ênggon ngasêpi //
18. /o/ tan åna kang sarwå bogå / busanadi sonyå nora pinanggih / tunå langèning tyas kulup / sêpi kang sarwå éndah / amung godhong kang kumléyang ananipun / déné yèn énjing kapyarså / umyang swaraning paksi //	18) /o/ tan åna kang sarwå bogå / busanadi sonyå nora pinanggih / tunå langèning tyas kulup / sêpi kang sarwå éndah / amung godhong kang kumléyang ananipun / déné yèn énjing kapyarså / umyang swaraning paksi //
19. /o/ mawurahan amêmangan / ing wowohan ingkang nêdhèng andadi / kapyarså ing karså umyang / sabawèng sato wånå / samyå ngudi	19) /o/ mawurahan amêmangan / ing wowohan ingkang nêdhèng andadi / kapyarså ing karså umyang / sabawèng sato wånå / samyå ngudi

Lajêngipun tabel

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
ingkang binukti sadarum / ing rinâ pan suwung sonyâ / datan ânâ kapyarsi //	ingkang binukti sâdârum / ing rinâ pan suwung sonyâ / datan ânâ kapyarsi //
20. /o/ sâyâ ing dalu bâwânyâ / nyênyêt sidhêm tan ânâ walang sisik / âpâ nggèr jênak sirèku / kêképon nèng pratapan / matur aris Dyan Susênâ awotsantun / kasinggihan sang pandhitâ / dènyâ paring dhawuh yêkti //	20) /o/ sâyâ ing dalu bâwânyâ / nyênyêt sidhêm tan ânâ walang sisik / âpâ gèr jênak sirèku / kêképon nèng pratapan / matur aris Dyan Susênâ awotsantun / kasinggihan sang pandhitâ / dènyâ paring dhawuh yêkti //
21. /o/ langkung suwung tanah argâ / datan wontên ka[kaca 7]mélikan sakêdhik / sadâyâ kang wontên gunung / nênarik jroning nâlâ / langên sukâ raras tarunâ pan suwung / sanès tinimbang lan prâjâ / sadâyâ sami mêtêki //	21) /o/ langkung suwung tanah argâ / datan wontên ka[kaca 7]mélikan sakêdhik / sadâyâ kang wontên gunung / nênarik jroning nâlâ / langên sukâ raras tarunâ pan suwung / sanès tinimbang lan prâjâ / sadâyâ sami mêtêki //
22. /o/ nanging sampun ulun jarag / nusup wânâ tumurun jurang trêbis / praptâ sapucaking gunung / nênuwun mring sang tâpâ / sapunikâ ambâ wus sumiwèng ayun / ngabyantârâ ing padukâ / kang kawulâ sêdyâ mangkin //	22) /o/ nanging sampun ulun jarag / nusup wânâ tumurun jurang trêbis / praptâ sapucaking gunung / nênuwun mring sang tâpâ / sapunikâ ambâ wus sumiwèng ayun / ngabyantârâ ing padukâ / kang kawulâ sêdyâ mangkin //
23. /o/ nyuwun barkahing padukâ / mugi paring warsitâ kang sajati / jati jatining pitutur / saking kapéngin dahat / yun uningâ marang prastawaning ngilmu / mângkâ sajatining gêsang / wêwatone kadipundi //	23) /o/ nyuwun barkahing padukâ / mugi paring warsitâ kang sajati / jati jatining pitutur / saking kapéngin dahat / yun uningâ marang prastawaning ngilmu / mângkâ sajatining gêsang / wêwatone kadipundi //
24. /o/ mugi paringâ pitêdah / anggèn- anggèn kang kanggé donyâ ngakir / darapon wikan satuhu / mrih slamêt salaminyâ / anggarjitâ sajroning galih sang wiku / pintêr têtên putraningwang / dhasar warnanirâ pêkik //	24) /o/ mugi paringâ pitêdah / anggèn- anggèn kang kanggé donyâ ngakir / darapon wikan satuhu / mrih slamêt salaminyâ / anggarjitâ sajroning galih sang wiku / pintêr têtên putraningwang / dhasar warnanirâ pêkik //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
25. /o/ wasânâ alon ngandikâ / adhuh babo putraningsun wong sigid / ingkang ambêg swarjânâ nung / lamun sirèku trimâ / kawruh anggêr mantêp pangudimu / nyênyudâ ardaning nâlâ / iyâ ingsun pituruti //	25) /o/ wasânâ alon ngandikâ / adhuh babo putraningsun wong sigi<t>⁸ / ingkang ambêk s[w]⁹arjânâ nung / lamun sirèku trimâ / kawruh anggêr mantêp pangudimu / nyênyudâ ardaning nâlâ / iya ingsun pituruti //
26. /o/ déné pêrluning agêsang / acêgahâ hâwâ napsu sakalir / lakuning ngilmu kang luhung / rilâ têmên myang pasrah / kumandêlâ maring Hyang kang Maha Agung / yèn wus gonah maring Allah / yêkti sirâ andarbèni //	26) /o/ déné pêrluning agêsang / acêgahâ hâwâ napsu sakalir / lakuning ngilmu kang luhung / rilâ têmên myang pasrah / kumandêlâ maring Hyang kang Maha Agung / yèn wus gonah maring Allah / yêkti sirâ andarbèni //
27. /o/ ambêg asih lawan trêsnâ / lan pitulung ngapurâ sagung janmi / marmanirâ sira kulup / kang bêtahâ mêngangkah / lêmbah manah dèn têlatèn ing lakumu / [kaca 8] nékadakên anèng argâ / tumêngâ tumungkul sêpi //	27) /o/ ambêk asih lawan trêsnâ / lan pitulung ngapurâ sagung janmi / marmanirâ sira kulup / kang bêtahâ mêngangkah / lêmbah manah dèn têlatèn ing lakumu / [kaca 8] nékadakên anèng argâ / tumêngâ tumungkul sêpi //
28. /o/ nêmahâ mring lârâ lăpă / lamun bangkat ing kono sidâ bangkit / tâmpă ngilmuning Hyang Agung / kalis sakèhing cobâ / matur nuwun Dyan Susênâ awotsantun / ngaras pananing sang dibyâ / pangèstunirâ kapundhi //m//	28) /o/ nêmahâ mring lârâ lăpă / lamun bangkat ing kono sidâ bangkit / tâmpă ngilmuning Hyang Agung / kalis sakèhing cobâ / matur nuwun Dyan Susênâ awotsantun / ngaras pa<d>¹⁰aning sang dibyâ / pangèstunirâ kapundhi //m//
29. (Mijil) /o/ jatirirâ kawulâ puniki / mapan wus karaos / krasan wontên pratapan dhépoké / sampun angsal supangat sang rêsi / tan wontên sayêkti / ing sangsayanipun //	29) /o/ jatirirâ kawulâ puniki / mapan wus karaos / krasan wontên pratapan dhépoké / sampun angsal supangat sang rêsi / tan wontên sayêkti / ing sangsayanipun //
30. /o/ datan niat nêdhâ miwah guling / botên arip yektos / tan angraos ngêlak miwah luwé / amung écâ sakécâ pinanggih / mupangat sayêkti / nikmat siyang dalu //	30) /o/ datan niat nêdhâ miwah guling / botên arip yektos / tan angraos ngêlak miwah luwé / amung écâ sakécâ pinanggih / mupangat sayêkti / nikmat siyang dalu //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
31. /o/ kang kulèsthi ing sahari ratri / nèng argâ kêképon / kang supadyâ lumunturing sihé / kasumbagan tulus akuwawi / suwitâ nèng ardi / amanganti dhawuh //	31) /o/ kang kul(a) èsthi [ing]¹¹ sahari ratri / nèng argâ kêkepon / kang supadyâ lumunturing sihé / kasumbagan tulus akuwawi / suwitâ nèng ardi / amanganti dhawuh //
32. /o/ rumêntah ing kawilasan jati / tinarbukèng raos / kalungitan warsitâ wahyané / pamingising râsâ mupangati / karaos ing ati / botên nêdyâ mantuk //	32) /o/ rumêntah ing kawilasan jati / tinarbukèng raos / kalungi<d>¹²an warsitâ wahyané / pamingising râsâ mupangati / karaos ing ati / botên nêdyâ mantuk //
33. /o/ maring prâjâ wismambâ ing nguni / anênangi batos / awit prâjâ kathah rêncanané / godhâ gêdhe adhakan dhêdhêmpil / rumakêt nèng budi / pâncâ driyâ kêlun //	33) /o/ maring prâjâ wismambâ ing nguni / anênangi batos / awit prâjâ kathah rêncanané / godhâ gêdhe adhakan dhêdhêmpil / rumakêt nèng budi / pâncâ driyâ kêlun //
34. /o/ siyang dalu pêpénginan mintir / mring driyâ tumêmpoh / karêm marang karêman têtahé / gagar wigar panggusthining budi / bancana nututi / tumêmpuh ing kalbu //	34) /o/ siyang dalu pêpénginan mintir / mring driyâ tumêmpoh / karêm marang karêman têtahé / gagar wigar panggusthining budi / bancana nututi / tumêmpuh ing kalbu //
35. /o/ amrawâsâ mring tinda [kaca 9] k utami / malik tindak awon / kèlu marang ardaning hawané / kang linantur dalarung kapati / apuwârâ pasthi / tumibâ ing dudu //	35) /o/ amrawâsâ mring tinda [kaca 9] k utami / malik tindak awon / kèlu marang ardaning hawané / kang linantur dalarung kapati / apuwârâ pasthi / tumibâ ing dudu //
36. /o/ pilih janmâ nèng prâjâ kang sami / olah ngilmu batos / kang kakawâwâ ambéngkas hawané / nêncang budi mring tindak utami / sang wiprâ nyambungi / bêtêr panêmu //	36) /o/ pilih janmâ nèng prâjâ kang sami / olah ngilmu batos / kang ka<ka>¹³wâwâ ambéngkas hawané / nêncang budi mring tindak utami / sang wiprâ nyambungi / bêtêr panêmu //
37. /o/ luwih abot anggayuh utami / nugrahèng Hyang Manon / awit prâjâ kèh sambékalané / yèn tan awas lawan émut yêkti / samyâ angurêbi budi / budi kang rahayu //	37) /o/ luwih abot anggayuh utami / nugrahèng Hyang Manon / awit prâjâ kèh sambékalané / yèn tan awas lawan émut yêkti / samyâ angurêbi budi / budi kang rahayu //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
38. /o/ kasêngsêm ing kasudarman kaki / ajrih mring Hyang Manon / mring kahardan binédhung yêktiné / yèn kakuwan nêmpuh byat tan yukti / tindaké tan bêcik / praptèng pàpà tuhu //	38) /o/ kasêngsêm ing kasudarman kaki / ajrih mring Hyang Manon / mring kahardan binédhung yêktiné / yèn kakuwan nêmpuh byat tan yukti / tindaké tan bêcik / praptèng pàpà tuhu //
39. /o/ katêlasan tilasing sujanmi / têbih karahayon / misih aji godhong aking anggèr / bènêr ingkang awas éling / mring lèlakon bêcik / nyingkur tindak dudu //	39) /o/ katêlasan tilasing sujanmi / têbih karahayon / misih aji godhong aking anggèr / bènêr ingkang awas éling / mring lèlakon bêcik / nyingkur tindak dudu //
40. /o/ awas dadi mawas sayêkti / bêciking lèlakon / tunå luput ing kaélingané / pan mangkono lakuning wong urip / Susená wotsari / aturé anuwun //	40) /o/ awas dadi mawas sayêkti / bêciking lèlakon / tunå luput ing kaélingané / pan mangkono lakuning wong urip / Susená wotsari / aturé anuwun //
41. /o/ wontên ardi kang kulå rêmêni / miyat sêkar abyor / ting parêlok mawarni-warniné / kang sinobèng brêmårå kuliling / mbrêngêng nêsêpi / sari puspitå rum //	41) /o/ wontên ardi kang kulå rêmêni / miyat sêkar abyor / ting parêlok mawarni-warniné / kang sinobèng brêmårå kuliling / mbrêngêng nêsêpi / sari puspitå rum //
42. /o/ kasilir ing samirånå midid / angosikên batos / mring wardâyå dadyå lèlangêné / pan sinambi amirêngkên paksi / bocah [kaca 10] pating cruwit / wèh sênênging kalbu //	42) /o/ kasilir ing samirånå midid / angosikên batos / mring wardâyå dadyå lèlangêné / pan sinambi amirêngkên paksi / bocah [kaca 10] pating cruwit / wèh sênênging kalbu //
43. /o/ kumriwiking ranu tlågå wêning / mili amangisor / gyå tumêmpuh sélå gêng ing lèpèn / pan sumilah apilah kang warih / yêkti anglam-lami / kèksi saking luhur //	43) /o/ kumriwiking ranu tlågå wêning / mili amangisor / gyå tumêmpuh sélå gêng ing lèpèn / pan sumilah apilah kang warih / yêkti anglam-lami / kèksi saking luhur //
44. /o/ wanci énjing myat sêtrèn / myang sabin bêtèrè tumrontong / kathah pêksi sinêbå ing pasêtrèn / ting parêlok lir puspitå kèksi / wèh sêngsêm pangèksi / lèlangèning gunung //m//	44) /o/ wanci énjing myat sêtrèn / myang sabin bêtèrè tumrontong / kathah pêksi sinêbå ing pasêtrèn / ting parêlok lir puspitå kèksi / wèh sêngsêm pangèksi / lèlangèning gunung //m//

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
45. (Kinanthi) /o/ yâ mangkono ananipun / lêlangên rêsmining ardi / séjé kalawan ing prâjâ / kasênêngan amenuhi / warnâ-warnâ pélak-pélak / bogâ busânâ mêtêki //	45) /o/ yâ mangkono ananipun / lêlangên rêsmining ardi / séjé kalawan ing prâjâ / kasênêngan amenuhi / warnâ-warnâ pélak-pélak / bogâ busânâ mêtêki //
46. /o/ Dyan Susênâ matur nuwun / mugyantuk barkah sang rêsi / supangatirâ sang dwijâ / sagêdâ ulun nglampahi / ambésat ardaning hâwâ / godhâ rêncânâ sumingkir //	46) /o/ Dyan Susênâ matur nuwun / mugyantuk barkah sang rêsi / supangatirâ sang dwijâ / sagêdâ ulun nglampahi / ambésat ardaning hâwâ / godhâ rêncânâ sumingkir //
47. /o/ sang dwijâ ngandikâ rum / èh janggan manguyu cantrik / rèh wus dangu nggon sun lênggah / nèng sanggar planggatan iki / sakancanirâ sadâyâ / wus pâdhâ ngasowâ sami //	47) /o/ sang dwijâ ngandikâ rum / èh janggan manguyu cantrik / rèh wus dangu nggon sun lênggah / nèng sanggar planggatan iki / sakancanirâ sadâyâ / wus pâdhâ ngasowâ sami //
48. /o/ déné Dyan Susênâ iku / atêrnâ mring wismâ wingking / dimen lêrêm sawatârâ / samânâ wus wayah lingsir / mèh surup hyang bakaskârâ / sigrâ jêngkar sang maharsi //	48) /o/ déné Dyan Susênâ iku / atêrnâ mring wismâ wingking / dimen lêrêm sawatârâ / samânâ wus wayah lingsir / mèh surup hyang ba<g>¹⁴askârâ / sigrâ jêngkar sang maharsi //
49. /o/ sadâyâ wus bibar sampun / sang bagawan gyâ umanjing / ing wismâ pinanggih kalawan / nyi mêntrik ingkang tinuding / kinèd mrantèni dhaharan / tur sandikâ pârâ èstri //	49) /o/ sadâyâ wus bibar sampun / sang bagawan gyâ umanjing / ing wismâ pinanggih kalawan / nyi mêntrik ingkang tinuding / kinè<n>¹⁵ mrantèni dhaharan / tur sandikâ pârâ èstri //
50. /o/ gitâ gyâ nyukupkên sampun / sêsaji pêpak miranti / labêtirèng kasutapa[kaca 11]n / kathah kang misungsung sami / mawarnâ ulam dhaharan / lumintu katur sang rêsi //	50) /o/ gitâ gyâ nyukupkên sampun / sêsaji pêpak miranti / labêtirèng kasutapa[kaca 11]n / kathah kang misungsung sami / mawarnâ ulam dhaharan / lumintu katur sang rêsi //
51. /o/ botên wontên pêdhotipun / sêkul tumpêng bêras abrit / lawuhan gudhang kuluban / lalabané kârâ putih / wus sampat pangruktinirâ / satâtâ sarwâ miranti //	51) /o/ botên wontên pêdhotipun / sêkul tumpêng bêras abrit / lawuhan gudhang kuluban / lalabané kârâ putih / wus sampat pangruktinirâ / satâtâ sarwâ miranti //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
52. /o/ ing sawusé wanci surup / sang pandhitâ gyâ nimbali / siswâ cantrik myang jêjanggan / pârâ manguyu sakalir / ing sawusing ngaso samyâ / ingajak sarêng abukti //	52) /o/ ing sawusé wanci surup / sang pandhitâ gyâ nimbali / siswâ cantrik myang jêjanggan / pârâ manguyu sakalir / ing sawusing ngaso samyâ / ingajak sarêng abukti //
53. /o/ siswâ Dyan Susénâ sampun / ndhèrèk bujânâ sang rêsi / langkung sukaning wardâyâ / déné écâ dènyâ bukti / sang tâpâ sangêt karênan / awit sami sêtyèng ati //	53) /o/ siswâ Dyan Susénâ sampun / ndhèrèk bujânâ sang rêsi / langkung sukaning wardâyâ / déné écâ dènyâ bukti / sang tâpâ sangêt karênan / awit sami sêtyèng ati //
54. /o/ sang pandhitâ ngandikâ rum / lah cantrik jêjanggan sami / prâ manguyu sirâ pâdhâ / sêsuciyâ lan nak mami / liré suci iku aji / kaworan hawaning ati //	54) /o/ sang pandhitâ ngandikâ rum / lah cantrik jêjanggan sami / prâ manguyu sirâ pâdhâ / sêsuciyâ lan nak mami / liré suci iku aji / kaworan hawaning ati //
55. /o/ déné patrapé tâ kulup / angênêngênâ kariyin / kang pangrâsâ dèn arahâ / dimène wêning sathithik / iku sukci têngêsirâ / mulané kabeh prâ cantrik //	55) /o/ déné patrapé tâ kulup / angênêngênâ kariyin / kang pangrâsâ dèn arahâ / dimène wêning sathithik / iku sukci têngêsirâ / mulané kabeh prâ cantrik //
56. /o/ jêjanggan lawan manguyu / sadâyâ pan ingsun pardi / angênêngênâ pânçâ driyâ / wit bakal sun kon nêksèni / gonku marsitâ Susénâ / mêngko yèn wus madyèng ratri //	56) /o/ jêjanggan lawan manguyu / sadâyâ pan ingsun pardi / angênêngênâ pânçâ driyâ / wit bakal sun kon nêksèni / gonku marsitâ Susénâ / mêngko yèn wus madyèng ratri //
57. /o/ kang ingagnyâ matur nuwun / saking dhawuhnyâ sang rêsi / nulyâ sami anênâtâ / pamêjangan dèn rêsiki / myang dinupan sinêbaran / ing sêkar kang wangi-wangi //	57) /o/ kang ingagnyâ matur nuwun / saking dhawuhnyâ sang rêsi / nulyâ sami anênâtâ / pamêjangan dèn rêsiki / myang dinupan sinêbaran / ing sêkar kang wangi-wangi //
58. /o/ wus ing wanci tengah dalu / alênggah sang mâhâ rêsi / mungging balé [kaca 12] pamarsitan / ing ngadhêp manguyu cantrik / prâ jêjanggan jèjèr lênggah / umarêk kapârâ têbih //	58) /o/ wus ing wanci têngah dalu / alênggah sang mâhâ rêsi / mungging balé [kaca 12] pamarsitan / ing ngadhêp manguyu cantrik / prâ jêjanggan jèjèr lênggah / umarêk kapârâ têbih //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
59. /o/ kang ngadhêp kapårå ngayun / siswå Dyan Susénå pêkik / sêmu dêkung atrapsilå / antêng tan amobah mosik / tumiling ing karna kanan / wau ta sang mårå rêsi //	59) /o/ kang ngadhêp kapårå ngayun / siswå Dyan Susénå pêkik / sêmu dêkung atrapsilå / antêng tan amobah mosik / tumiling ing karna kanan / wau ta sang mårå rêsi //
60. /o/ èh tå kulup bocah bagus / rungoknå sorahngong dhihin / lamun sirå amangolah / ngilmuning Hyang kang sajati / kang rapêt pangrêgêmirå / åjå dhêmên amaoni //	60) /o/ èh tå kulup bocah bagus / rungoknå sorahngong dhihin / lamun sirå amangolah / ngilmuning Hyang kang sajati / kang rapêt pangrêgêmirå / åjå dhêmên amaoni //
61. /o/ ngéwanni samining manus / jêr tékading præ sujanmi / asnapun ingaranirå / bédå ing antêpan sami / mawarnå ngilmuning suksmå / utamané angumpuli //	61) /o/ ngéwanni samining manus / jêr tékading præ sujanmi / asnapun ingaranirå / bédå ing antêpan sami / mawarnå ngilmuning suksmå / utamané angumpuli //
62. /o/ yèn pinêngkok sakèh wuwus / kumambang ingkang bangkit / aywa kêncêng tyasirå / sanadyan wruhmu murni / kang ngalah ngénaki manah / ing lair têrusing batin //	62) /o/ yèn pinêngkok sakèh wuwus / kumambang ingkang bangkit / aywa kêncêng tyasirå / sanadyan wruhmu murni / kang ngalah ngénaki manah / ing lair têrusing batin //
63. tarimå têrus ing kalbu / pasrahå marang Hyang Widi / kalamun wignyå mangkånå / iku janmå dibyå sêkti / slamêt tunå dukå ciptå / kinamulèn ing sêsami // {0}	63) tarimå têrus ing kalbu / pasrahå marang Hyang Widi / kalamun wignyå mangkånå / iku janmå dibyå sêkti / slamêt tunå dukå ciptå / kinamulèn ing sêsami // {0} //m//
64. (Sinom) /o/ surasaning sorahingwang / lah iku rasaknå sami / lawan sirå nggèr Susénå / dèn pådå biså nglakoni / nulat laku utami / Dyan Susénå nêmbah matur / sarwi angaras pådå / kula nuwun sang mårå rêsi / mugi angsal pangèstu tuwan //	64) /o/ surasaning sorahingwang / lah iku rasaknå sami / lawan sirå nggèr Susénå / dèn pådå biså nglakoni / nula<d> ¹⁶ laku utami / Dyan Susénå nêmbah matur / sarwi angaras pådå / kula nuwun sang mårå rêsi / mugi angsal pangèstu tuwan //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
65. /o/ dadosâ pêpêngêt ambâ / ingkang kawulâ pundhi / ing mastâkâ mamrih dadyâ / jêjimat kang anartani / tumrah ra[kaca 13]hayu ngudi / raharjâ tumitah idhup / mèsêm sang wiku dibyâ / ngungun salêbêting galih / luwih pinter bocah iki tan katârâ //	65) /o/ dadosâ pêpêngêt ambâ / ingkang kawulâ pundhi / ing mastâkâ mamrih dadyâ / jêjimat kang anartani / tumrah ra[kaca 13]hayu ngudi / raharjâ tumitah idhup / mèsêm sang wiku dibyâ / ngungun salêbêting galih / luwih pinter bocah iki tan katârâ //
66. /o/ patitising pamicârâ / tândhâ limparing pambudi / lah ta kaki estokênâ / panggayuhmu kawruh gaib / Susênâ matur aris / kawulâ nuwun sang wiku / ing mangké karilanâ / padukâ marsitâ ngelmi / kaparêngan anggêlar dalu punikâ //	66) /o/ patitising pamicârâ / tândhâ limpa<d>¹⁷ing pambudi / lah ta kaki estokênâ / panggayuhmu kawruh gaib / Susênâ matur aris / kawulâ nuwun sang wiku / ing mangké karilanâ / padukâ marsitâ ngèlmi / kaparêngan anggêlar dalu punikâ //
67. /o/ sang rêsi alon ngandikâ / dhuh putraningsun wong pêkik / râtâ nggèr wus nyêdhâkâ / lan sirâ manguyu cantrik / jêjanggan aywâ kari / kabèh pêrakâ maring sun / samya mèlu ngrunguwâ / krasané pamêjang mami / matur nuwun sandikâ samyâ anyêlak //	67) /o/ sang rêsi alon ngandikâ / dhuh putraningsun wong pêkik / râtâ nggèr wus nyêdhâkâ / lan sirâ manguyu cantrik / jêjanggan aywâ kari / kabèh pêrakâ maring sun / samya mèlu ngrunguwâ / krasané pamêjang mami / matur nuwun sandikâ samyâ anyêlak //
68. /o/ nèng kanan kéringing wiprâ / lênggah trapsilâ sang rêsi / mantêsi majêng mangétan / yèn ginagas duk ing nguni / lir Déwâ Suranadi / angudanakên rum-arum / yéku Hyang Kâmâjâyâ / aparing pitutur jati / mring Arjunâ sampurnanirâ ngagêsang //	68) /o/ nèng kanan kéringing wiprâ / lênggah trapsilâ sang rêsi / mantêsi majêng mangétan / yèn ginagas duk ing nguni / lir Déwâ Suranadi / angudanakên rum-arum / yéku Hyang Kâmâjâyâ / aparing pitutur jati / mring Arjunâ sampurnanirâ ngagêsang //
69. /o/ èh tâ anggèr putraningwang / tampanên warsitâ mami / kanthi bêninging pangrâsâ / lawan âjâ obah osik / manêmbah kang sinungling / maksih antêng lênggahipun / sang wiprâ angandikâ / manâwâ kitâ punikâ / ayun nêdyâ nyatitèkked	69) /o/ èh tâ anggèr putraningwang / tampanên warsitâ mami / kanthi bêninging pangrâsâ / lawan âjâ obah osik / manêmbah kang sinungling / maksih antêng lênggahipun / sang wiprâ angandikâ / manâwâ kitâ punikâ /

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
rasèng gêsang //	ayun nêdyâ nyatitèkke<n> ¹⁸ rasèng gêsang //
70. /o/ dé rasaning gêsang kitâ / angudiné kudu saking / awêwaton tri sabâwâ / têrangé mangkéné kaki / sapisan dèn arani / sabâwâ bawanéku / kalih sabawèng driyâ / katri sabawaning [kaca 14] widi / sabawané bawânâ iku mangkânâ //	70) /o/ dé rasaning gêsang kitâ / angudiné kudu saking / awêwaton tri sabâwâ / têrangé mangkéné kaki / sapisan dèn arani / sabâwâ bawanéku / kalih sabawèng driyâ / katri sabawaning [kaca 14] widi / sabawané bawânâ iku mangkânâ //
71. /o/ sabarang kang kasatmâtâ / kalawan ingkang kapyarsi / kamirêngan déning karnâ / barang kang ginândâ sami / barang pangan sakalir / kang tinâmpâ nèng rasamu / iku klêbu pérangan / sabawèng rat dèn arani / nyatitèknâ pan ing wuri maksih dâwâ //	71) /o/ sabarang kang kasatmâtâ / kalawan ingkang kapyarsi / kamirêngan déning karnâ / barang kang ginândâ sami / barang pangan sakalir / kang tinâmpâ nèng rasamu / iku klêbu pérangan / sabawèng rat dèn arani / nyatitèknâ pan ing wuri maksih dâwâ //
72. /o/ déné kaping kalihirâ / têrangé sabawèng ati / yéku rāsâ kang karāsâ / ciptâ pangrasanirèki / budi budâyâ kaki / krêkatking karsâ puniku / pérangan sabawèng tyas / sabawèng suksmâ ping katri / lah têrangé karasaning kasabaran //	72) /o/ déné kaping kalihirâ / têrangé sabawèng ati / yéku rāsâ kang karāsâ / ciptâ pangrasanirèki / budi budâyâ kaki / krêkating karsâ puniku / pérangan sabawèng tyas / sabawèng suksmâ ping katri / lah têrangé karasaning kasabaran //
73. /o/ lawan rasaning karilan / karasèng kasêtyan tuwin / kalayan karāsâ pasrah / sabawané suksmâ iki / mangkéné trangirèki / sapisan kaélingamu / padhang rahsèng pramânâ / pralampitané kinardi / wadananing kasabaranirâ samyâ //	73) /o/ lawan rasaning karilan / karasèng kasêtyan tuwin / kalayan karāsâ pasrah / sabawané suksmâ iki / mangkéné trangirèki / sapisan kaélingamu / padhang rahsèng pramânâ / pralampitané kinardi / wadananing kasabaranirâ samyâ //
74. /o/ ping kalih rasaning iman / lir péndah gêbyaring rawi / yéku pralampitanirâ / wadananing rilâ yekti / ping katri rasèng ngurip / mligi tan ânâ rêgêdipun / mângkâ wadananirâ / kasêtyan ping catur nênggih / rahsèng iman langkung mulyâ kang minângkâ //	74) /o/ ping kalih rasaning iman / lir péndah gêbyaring rawi / yéku pralampitanirâ / wadananing rilâ yekti / ping katri rasèng ngurip / mligi tan ânâ rêgêdipun / mângkâ wadananirâ / kasêtyan ping catur nênggih / rahsèng iman langkung mulyâ kang minângkâ //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
75. /o/ wadanané pasrah samyå / paprincèn kasêbut ing nginggil / sakawan bab têtêp dadyå / nayakaning rasèng ngurip / uripirå pribadi / déné pangayomanipun / wadånå catur warnå / minångkå pêpatih Jawi / kang murbanirå hayuning gêsang kitå //	75) /o/ wadanané pasrah samyå / paprincèn kasêbut ing nginggil / sakawan bab têtêp dadyå / nayakaning rasèng ngurip / uripirå pribadi / déné pangayomanipun / wadånå catur warnå / minångkå pêpatih Jawi / kang murbanirå hayuning gêsang kitå //
76. /o/ ingkang wênang amaséså / [kaca 15] obah osiking rat kaki / têtêg rasaning kang iman / lah iku pomå dèn éling / têtêpé dèn arani / sangsâyå kawrêdå kulup / iya sang mantri mukå / ing mêngko wasitå mami / nyaritakkên ingkang dadyå pangayoman //	76) /o/ ingkang wênang amaséså / [kaca 15] obah osiking rat kaki / têtêg rasaning kang iman / lah iku pomå dèn éling / têtêpé dèn arani / sangsâyå kawrêdå kulup / iya sang mantri mukå / ing mêngko wasitå mami / nyaritakkên ingkang dadyå pangayoman //
77. /o/ wadånå patang prakårå / minångkå sang nindyå mantri / pêpatih sajroning purå / kang sinupêkêt ing Gusti / mårwå prabåwå luwih / dibyå pamunahing satru / kawåså amangrurah / parang mukaning nagari / iya iku kråså lir lali kèlingan //	77) /o/ wadånå patang prakårå / minångkå sang nindyå mantri / pêpatih sajroning purå / kang sinupêkêt ing Gusti / mårwå prabåwå luwih / dibyå pamunahing satru / kawåså amangrurah / parang mukaning nagari / iya iku kråså lir lali kèlingan //
78. /o/ pan iyå têtêp ingaran / nayåkå waktrå sinêlir / ing mêngko gantya kacritå / ing Téjåmåyå nagari / kang jumênêng narpati / risang wirotamèng kéwuh / darbyambêg sadu budyå / mångkå ingkang dèn pêpundhi / linuhurkên ing atasing gêsang kitå //	78) /o/ pan iyå têtêp ingaran / nayåkå waktrå sinêlir / ing mêngko gantya kacritå / ing Téjåmåyå nagari / kang jumênêng narpati / risang wirotamèng kéwuh / darbyambêg sadu budyå / mångkå ingkang dèn pêpundhi / linuhurkên ing atasing gêsang kitå //
79. /o/ ing dunyå praptèng dêlahan / nora lilå muhung saking / ing sirat soroting iman / kang tan klayan roh sayêkti / padhangé anêlahi / wus tanpå karånå kulup / maharjånå pribadyå / têtêp risang narapati / sri naréndrå pinandhi kawirotamå //m//	79) /o/ ing dunyå praptèng dêlahan / nora lilå muhung saking / ing sirat soroting iman / kang tan klayan roh sayêkti / padhangé anêlahi / wus tanpå karånå kulup / maharjånå pribadyå / têtêp risang narapati / sri naréndrå pinandhi kawirotamå //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
80. (Pocung) /o/ artinipun lir salokå putraningsun / rångkå manjing crigå / rupå karo katon siki / sipat gusti kawulå botên katingal //	80) /o/ artinipun lir salokå putraningsun / rångkå manjing crigå / rupå karo katon siki / sipat gusti kawulå botên katingal //
81. /o/ critanipun sang naréndrå sudibyå nung / ingkang pinasthikå / jêmbar wêwêngkoning nagri / wråtå rêsik datan kêna yèn canêngkal //	81) /o/ critanipun sang naréndrå sudibyå nung / ingkang pinasthikå / jêmbar wêwêngkoning nagri / wråtå rêsik datan kêna yèn c<i>¹⁹nêngkal //
82. /o/ êndi lamun kang katujwèng ing sakayun / ti[kaca 16]non wus sarwéndah / déné hawaning nagri / Téjåmåyå mawèh ayêming dumadyå //	82) /o/ êndi lamun kang katujwèng ing sakayun / ti[kaca 16]non wus sarwéndah / déné hawaning nagri / Téjåmåyå mawèh ayêming dumadyå //
83. /o/ prabanipun wêning wênês angênguwung / ing dunyå tan samar / tan ånå mångkå upami / wityå radyå winastanan Téjåmåyå //	83) /o/ prabanipun wêning wênês angênguwung / ing dunyå tan samar / tan ånå mångkå upami / wityå radyå winastanan Téjåmåyå //
84. /o/ puranipun kang rinênggå sêsotyå byur / ingkang sarwå rêtnå / dêdhatulayaning nagri / Måyåsidi iku anggèr aranirå //	84) /o/ puranipun kang rinênggå sêsotyå byur / ingkang sarwå rêtnå / dêdhatulayaning nagri / Måyåsidi iku anggèr aranirå //
85. /o/ têngêsipun Téjåmåyå putraningsun / mångkå pralampitå / pasêmon araning nagri / iya iku rasaning Bétal Mukaram //	85) /o/ têngêsipun Téjåmåyå putraningsun / mångkå pralampitå / pasêmon araning nagri / iya iku rasaning Bétal Mukaram //
86. /o/ déné kulup Måyåsidi kratonipun / têtêp ingaran / måyåsidi trangirèki / têngbung Arab rasaning Bétal Mukayat //	86) /o/ déné kulup Måyåsidi kratonipun / têtêp ingaran / måyåsidi trangirèki / têngbung Arab rasaning Bétal Mukayat //
87. /o/ dhuh putraningsun manåwå kitå puniku / andarbèni kodrat / tumibå janmå utami / kang rumiyin paham mring paprincènirå //	87) /o/ dhuh putraningsun manåwå kitå puniku / andarbèni kodrat / tumibå janmå utami / kang rumiyin paham mring paprincènirå //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
88. /o/ iya iku tri sabâwâ kasbut ndhuwur / kang wus kawarsitâ / murih gêsang kitâ kaki / wignyâ mlêbu ing nagârâ Tejâmâyâ //	88) /o/ iya iku tri sabâwâ kasbut ndhuwur / kang wus kawarsitâ / murih gêsang kitâ kaki / wignyâ mlêbu ing nagârâ Tejâmâyâ //
89. /o/ nuksmèng têrus mring Mâyâsidi kadhatun / mangrèh mantri-mukâ / myang nayâkâ sadayèki / sarwâ-sarwi bau dhêndhâ nyakrâ watyâ //	89) /o/ nuksmèng têrus mring Mâyâsidi kadhatun / mangrèh mantri-mukâ / myang nayâkâ sadayèki / sarwâ-sarwi bau dhêndhâ nyakrâ watyâ //
90. /o/ dadi ratu nèng téjâmâyâ linuhung / sayêkti kawulâ / kumambang purbaning gusti / iya kaki mung kari Wallahu'alam //m//	90) /o/ dadi ratu nèng téjâmâyâ linuhung / sayêkti kawulâ / kumambang purbaning gusti / iya kaki mung kari Wallahu'alam //m//
91. (Dhandhanggula) /o/ talitinên aywâ mêdal sumbi / dèn satiti anampi wiyâtâ / purwâ praptèng wêkasané / kang bisâ krasèng kalbu / wignyâ bukâ warsitâ lungit / [kaca 17] nganti bisâ sampurnâ lair batinipun / pangudi saking tyas martâ / élingâ yèn kataman ing sasêrik / dèn ayêm jroning nâlâ //	91) /o/ têtitinên aywâ mêdal sumbi / dèn satiti anampi wiyâtâ / purwâ praptèng wêkasané / kang bisâ krasèng kalbu / wignyâ bukâ warsitâ lungit / [kaca 17] nganti bisâ sampurnâ lair batinipun / pangudi saking tyas martâ / élingâ yèn kataman ing sasêrik / dèn ayêm jroning nâlâ //
92. /o/ pangudiné wis tinamtu saking / ing makarti manâwâ tan sagah / sanggêm kasandhangan anggèr / pâncâ baya ranipun / iku dudu janmâ utami / wujuding pancâ bayâ / mangkéné liris / sapisané asanggêmâ / yèn kataman sangsarardâ ranirèki / wardiné pan mangkânâ //	92) /o/ pangudiné wis tinamtu saking / ing makarti manâwâ tan sagah / sanggêm kasandhangan anggèr / pâncâ baya ranipun / iku dudu janmâ utami / wujuding pancâ bayâ / mangkéné liris / sapisané asanggêmâ / yèn kataman sangsarardâ ranirèki / wardiné pan mangkânâ //
93. /o/ yèn kataman rêkasaning dhiri / lah dèn éling kaki angèsthiyâ / kang bêtah mêngangkah balé / lawan santosèng kalbu / lêmbah manah sâhâri ratri / kapindho ran cuwardâ / kaki tégêsipun / rêkasanirèng wardâyâ / kang ngèsthiyâ ênêng êning awas éling / ngaliling sabên dinâ //	93) /o/ yèn kataman rêkasaning dhiri / lah dèn éling kaki angèsthiyâ / kang bêtah mêngangkah balé / lawan santosèng kalbu / lêmbah manah sâhâri ratri / kapindho ran cuwardâ / kaki tégêsipun / rêkasanirèng wardâyâ / kang ngèsthiyâ ênêng êning awas éling / ngaliling sabên dinâ //

Lajêngipun tabel

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
94. /o/ kang ingaran rāgardā katri / lah tērangé sēsakiting badan / lamun nandhang mangkono nggèr / ngèsthiyā jroning kalbu / dèn arilā lēgawèng budi / tēmên narimā ing tyas / ing salaminipun / kaping paté wirang ardā / wardinirā sēsakiting ati budi / yèn nadhang kang mangkânā //	/o/ kang ingaran rāgardā katri / lah tērangé sēsakiting badan / lamun nandhang mangkono nggèr / ngèsthiyā jroning kalbu / dèn arilā lēgawèng budi / tēmên narimā ing tyas / ing salaminipun / kaping paté wirang ardā / wardinirā sēsakiting 94) ati budi / yèn nadhang kang mangkânā //
95. /o/ pomā kaki dèn agé angèsthi / tātā titi têtêg lan wéwékā / kalimā durgarda rané / pan pakéwuhing kalbu / lah bukanên sukcinig bēbudi / dadiné nora ardā / bératen dèn kusus / lamun sinandhang mangkânā / angèsthiyā kang kandêl nêtêl ing ati / ngandêl kumandêl ing Hyang //	95) /o/ pomā kaki dèn agé angèsthi / tātā titi têtêg lan wéwékā / kalimā durgarda rané / pan pakéwuhing kalbu / lah bukanên sukcinig bēbudi / dadiné nora ardā / bératen dèn kusus / lamun sinandhang mangkânā / angèsthiyā kang kandêl nêtêl ing ati / ngandêl kumandêl ing Hyang //
96. /o/ sang palinggih angandikā aris / dhuh nak anggèr sirā [kâcā 18] Dyan Susénā / pamarsitan sajatiné / ing mêngko pan wus cukup / lah rasaknā pitutur mami / nanging tā kawruhānā / wêdharan sun mau / yèn sirā ayun uningā / amarsudi mēloking urip / sayogyā pruwitāhā //	96) /o/ sang palinggih angandikā aris / dhuh nak anggèr sirā [kâcā 18] Dyan Susénā / pamarsitan sajatiné / ing mêngko pan wus cukup / lah rasaknā pitutur mami / nanging tā kawruhānā / wêdharan sun mau / yèn sirā ayun uningā / amarsudi mēloking urip / sayogyā pruwitāhā //
97. /o/ marang pārā sarjānā dimurti / kang wus gambuh olèh kawruh rāsā / amarsitā samêloké / nanging pamā tyasing sun / nora wani amiyak gaib / awit iku larangan / ajrih mring Hyang Agung / manāwā manggih dēdukā / ing satēmah karo pisan norā bēcik / Dyan Susénā tur sēmbah //	97) /o/ marang pārā sarjānā dimurti / kang wus gambuh olèh kawruh rāsā / amarsitā samêloké / nanging pamā tyasing sun / nora wani amiyak gaib / awit iku larangan / ajrih mring Hyang Agung / manāwā manggih dēdukā / ing satēmah karo pisan norā bēcik / Dyan Susénā tur sēmbah //

Lajêngipun *tabel*

<i>Transliterasi Standar</i>	<i>Suntingan Standar</i>
98. /o/ matur nuwun mring maharêsi / yèn sinawang sumèh ing ngujuwâlâ / pâmâ puspitâ pindhané / kang ambabar gândâ rum / mawèh langên asmarèng ati / tândhâ lamun wus tâmpâ / tèsing warsitâ yu / sang wiku nulyâ ajêngkar / sing paoman anganthi marang sang pêkik / cantrik lawan jêjanggan //	98) /o/ matur nuwun mring maharêsi / yèn sinawang sumèh ing ngujuwâlâ / pâmâ puspitâ pindhané / kang ambabar gândâ rum / mawèh langên asmarèng ati / tândhâ lamun wus tâmpâ / tèsing warsitâ yu / sang wiku nulyâ ajêngkar / sing paoman anganthi marang sang pêkik / cantrik lawan jêjanggan //
99. /o/ myang manguyu wus bibaran sami / paripurnâ titining panitrâ / anujwâri Akad Wagé / Siyam mângsâ sapuluh / ping wolu lan jam sangâ énjing / wukunira Kuningan / ringkêlan Mawulu / ing taun Dal sinêngkalan / tâtâ tâtâ ngèsthi Gusti (1855) mrih lêstari / marsudi kautaman //i//	99) /o/ myang manguyu wus bibaran sami / paripurnâ titining panitrâ / anujwâri Akad Wagé / Siyam mângsâ sapuluh / ping wolu lan jam sangâ énjing / wukunira Kuningan / ringkêlan Mawulu / ing taun Dal sinêngkalan / tâtâ tâtâ ngèsthi Gusti (1855) mrih lêstari / marsudi kautaman //i//
-tamat-	

Aparat kritik inggih mênikâ wujud tanggêl jawab ilmiah tumrap panaliti teks SWP. *Aparat kritik* ngêwrat andharan bab *penyuntingan* tumrap teks SWP. *Penyuntingan* tumrap teks SWP awujud éwah-éwahan ingkang sagêd nambahi, ngirangi, utawi nggantos wiwit saking aksârâ, wandâ, utawi têmbung wontên teks SWP. Dhasaripun ndamêl *aparat kritik* dipunjumbuhakên kaliyan *Baoesastra Djâwâ* (Poerwadarminta, 1939), *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* (Mardiarsito, 1981), EYD ingkang dipunginakaken, sâhâ kontekstual.

Wondéné gêgaran kanggé nyêrat têmbung wontên *aparat kritik* inggih mênikâ: (1) ngginakakên ângkâ 1-10 kanggé nyêrat urutanipun pādâ sâhâ (2) ngginakakên aksârâ *a* dumugi *l* kanggé nyêrat gatraniipun sêkar. *Aparat kritik*

wontên *suntingan teks SWP* kados ingkang sinêrat wontên ing tabel ngandhap mênika.

Tabel 24: Aparat Kritik wontên teks SWP

No.	<i>Transliterasi Standar</i>	<i>suntingan</i>	Sasampunipun dipun- <i>sunting</i>	katrangan
1.	jammå	ja<n>må	janmå	1. b
2.	numunung	<d>umunung	dumunung	4. c
3.	katårå	k<ê>tara	kêtårå	5. b
4.	sumêkaning	s<ê>mêkaning	sêmêkaning	6. d
5.	paboboting	pa(m)boboting	pamboboting	8. a
6.	ambêg	ambê<k>	ambêk	13. e
7.	dêdêknya	dêdê<g>nya	dêdêgnya	15. e
8.	sigid	sigi<t>	sigit	25. b
9.	swarjånå	s[w]arjånå	sarjånå	25. c
10.	pananing	pa<d>aning	padaning	28. f
11.	kulèsthi ing	kul(å) èsthi [ing]	kulå èsthi	31. a
12.	kalungitan	kalungi<d>an	kalungidan	32. c
13.	kakawåwå	k<u>[ka]wåwå	kuwåwå	36. c
14.	bakaskårå	ba<g>askårå	bagaskårå	48. e
15.	kinèd	kinè<n>	kinèn	49. e
16.	nulat	nula<d>	nulad	64. d
17.	limpating	limpa<d>ing	limpading	66. b
18.	nyatitèkkêd	nyatitèkkê<n>	nyatitèkkên	69. h
19.	canêngkal	c<i>nêngkal	cinêngkal	81. d

Tabel ing nginggil ngêwrat *aparat kritik* kanthi ringkês. *Aparat kritik* ingkang sinêrat ing tabel lajêng dipunpérang dados sakawan jinis inggih mênika *suntingan* ingkang awujud *penggantian*, *suntingan* ingkang awujud *tambahan*, *suntingan* ingkang awujud *pengurangan*, sàhå *suntingan campur*. Pangrêmbagipun *aparat kritik* dipunandharakên kados ing ngandhap mênika.

1) ja<n>må

Ing prakawis 1, têmbung *jammå* botên kapanggihakên (Poerwadarminta, 1929). Kanthi nggatosakên *konteks* sâhå têngêsipun tumrap ukårå, têmbung *jammå* dipunsêrat dados *janmå* têngêsipun *manungså*, *wong* ‘orang atau manusia’ (Poerwadarminta, 1939: 80). Têmbung *jammå* wontên *teks SWP* têtêp dipunsêrat *jamma* amargi njumbuhakên kaliyan purwakanthi guru swårå. Têmbung-têmbung ingkang kagandhèng kaliyan têmbung *jammå* wontên *teks SWP* inggih mênikå *...jammå tåmå / jaman...* saking tigang têmbung kasêbut, sabên wiwitaning wandå wontên purwakanthi guru swårå ingkang awujud **am**. Purwakanthi guru swårå inggih mênikå purwakanthi ingkang awêwaton swantên, amargi ingkang dipunkanthi utawi dipungandhèng swaranipun (Padmosoekotjo, 1958: 118).

2) <d>umunung

Ing *aparât kritik* ångkå 4, têmbung *numunung* botên dipunpanggihakên (Poerwadarminta, 1929). Ananging, adhêdhasar *konteks*-ipun kaliyan têmbung candhakupun, konsonan *n* dipungantos *d*, satêmah dados têmbung *dumunung*. Têmbung *dumunung* mênikå asalipun saking têmbung *dunung* têngêsipun *ênggon*, *panggonan* ‘tempat atau lokasi’ (Poerwadarminta, 1939: 72), lajêng kasêsêlan *-um-* dados *dumunung* ‘bertempat atau berada’.

3) k<ê>tårå

Aparât kritik ingkang ångkå 3 inggih mênikå têmbung *katårå*. Têmbung Têmbung *kêtårå* kasêbut ugi dipunginakakên kanggé sandiasmå wontên ing pådå kalih gatrå kalih. Pramila *vokal a* lajeng dipungantos *ê* satêmah dados têmbung *kêtårå* ingkang têngêsipun *katon* ‘terlihat atau dilihat’ (Poerwadarminta, 1939: 217).

4) *s<ê>mêkaning*

Aparat kritik ingkang angka 4 inggih mênika têngbung *sumêkaning*. Têngbung mênika botên kapanggihakên (Poerwadarminta, 1929). Salajêngipun supados jumbuh kaliyan têngês *kontekstual*-ipun *vokal u* dipungantos *vokal ê* saénggâ dados têngbung *sêmêkaning*. Têngbung *sêmêkaning* mênika dâsâmanipun ‘kêmbên’ (Poerwadarminta, 1939: 555).

5) *pa(m)boboting*

Ing prakawis 5, têngbung *paboboting* dipuntambah atêr-atêr *nasal {N-}* dados *{paN-}bobot{-ing}*. Atêr-atêr *nasal* ingkang dipuntambahakên wujudipun *{m-}*. Atêr-atêr mênika dipuntambahakên amargi têngbung *paboboting* mênika panyêratipun botên jumbuh kaliyan EYD ingkang lumampah.

6) *ambê<k>*

Ing prakawis 6, têngbung *ambêg* botên dipunpanggihakên (Poerwadarminta, 1929), ingkang ndadosakên têngbung mênika botên lêrês kadosipun amargi rumiyin anggènipun nyêrat taksih nggatosakên pocapanipun. Salajêngipun *konsonan g* dipungantos *k* saénggâ dados *ambêk* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*-ipun dados ‘watak’ (Poerwadarminta, 1939: 8).

7) *dêdê<g>nyâ*

Adhêdhasar Baoesastra, prakawis 7 botên wontên têngêsipun. Kadosipun ing wêkdal kapêngkêr anggènipun nyêrat taksih nggatosakên pocapanipun. Salajêngipun *konsonan k* dipungantos *g* satêmah dados têngbung *dêdêgnya* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*-ipun dados ‘perawakan’ (Poerwadarminta, 1939: 66).

8) *sigi<t>*

Ing prakawis 8, têngêsipun têngbung sigid (Poerwadarminta, 1929) botên jumbuh kaliyan *konteks* têngbung candhakistan. Saénggâ *konsonan d* dipungantos *t* inggih mênikâ dados têngbung *sigit* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*-ipun dados ‘bagus atau tampan’ (Poerwadarminta, 1939: 562). Têngbung *sigit* langkung jumbuh kaliyan têngbung candhakistan inggih mênikâ ... / ***adhuh babo putraningsun wong sigit*** / ... ingkang têngêsipun ‘*aduh duh anaku yang tampan*’.

9) *s[w]arjânâ*

Ing prakawis 9, *suntingan*-ipun inggih mênikâ ngicali *konsonan w* saénggâ dados têngbung *sarjânâ*. Têngêsipun têngbung *sarjânâ* supados sagêd *kontekstual* dados *tiyang utami* ‘orang pandai’ (Poerwadarminta, 1939: 546).

10) *pa<d>aning*

Ing prakawis 10, sasampunipun dipunpadosi (Poerwadarminta, 1929), têngbung *pananing* têngêsipun botên jumbuh kaliyan *konteks*-ipun. Têngbung *pana* têngêsipun *uwal saka bêbandaning badan* ‘berlepas dari raga’ (Poerwadarminta, 1939: 462), amargi botên jumbuh kaliyan têngbung candhakistan, lajêng *konsonan n* dipungantos *d* saénggâ dados têngbung *pådâ* ingkang tegesipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks*-ipun dados ‘kaki’ (Poerwadarminta, 1939: 454). Têngbung *pådâ* langkung jumbuh kaliyan têngbung candhakistan inggih mênikâ ... / ***ngaras padaning sang dibiya*** / ... têngêsipun ‘*mencium kaki sang guru*’.

11) *kul(â) èsthi [ing]*

Ing prakawis 11, têngbung *kulèsthi* mênikå botên limrah. Têngbung *kulèsthi* mênikå gabungan saking têngbung *kula* sâhå *èsthi*. Salajêngipun têngbung *kul* dipuntambah *a* dados *kula*, déné têngbung *ing* dipunicali supados cacahipun guru wilangan sagêd pas.

12) *kalungi*<*d*>*an*

Ing prakawis 12, têngbung *lungit* botên dipunpangghakên. Salajêngipun konsonan *t* dipungantos *d* saénggâ dados têngbung *lungid* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan konteks-ipun dados *landhep*, *muluk kawruhe*, *mangerti kang gaib* ‘tajam, ilmunya telah tinggi, mengerti tentang hal gaib’ (Poerwadarminta, 1939: 279).

13) *k*<*u*>[*ka*]wåwå

Ing prakawis 13, têngbung *kakawåwå* kasêrat wontên pada 36 gatra 3 têngbang mijil ingkang guru wilanganipun kedah 10-e. Ananging, wontênipun têngbung *kakawawa* mênikå ndadosakên cacahipun guru wilangan langkung saking wêwatonipun. Salajêngipun wandå *ka* ingkang kaping kalih dipunicali dados têngbung *kawåwå* sâhå vokal *a* dipungantos *u* amargi têngbung *kawåwå* botên kapanggihakên (Poerwadarminta, 1929). Dados, asiling *suntingan*-ipun inggih mênikå têngbung *kuwåwå* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan konteks-ipun dados ‘kuat’ (Poerwadarminta, 1939: 241).

14) *ba*<*g*>*askårå*

Ing prakawis 14, kadosipun anggènipun nyêrat klèntu, kêdahipun *bagaskårå* nanging kasêrat *bakaskårå*. Têngbung *bakaskårå* (Poerwadarminta, 1929) botên kapanggihakên, lajeng konsonan *k* dipungantos konsonan *g* satêmah

dados têngbung bagaskârâ ingkang têngêsipun *srêngéngé* ‘matahari’ (Poerwadarminta, 1939: 25).

15) *kinè<n>*

Ing prakawis 15, têngbung *kinèd* botên kapanggihakên (Poerwadarminta, 1929). Salajêngipun *konsonan d* dipungantos *konsonan n* saénggâ dados têngbung *kinen* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks-ipun* dados *dikon* ‘disuruh atau diperintah’ (Poerwadarminta, 1939: 224). Têngbung *kinèn* langkung jumbuh kaliyan têngbung *candhakipun* inggih mênikâ ... / ***kinèn mrantèni dhaharan*** /... ingkang tegesipun ‘*diperintah menyiapkan makanan*’.

16) *nula<d>*

Ing prakawis 16, têngbung *nulat* têngêsipun botên jumbuh kaliyan *konteks-ipun* (Poerwadarminta, 1929). Kadosipun anggènipun nyêrat klèntu amargi taksih nggatosakên pocapanipun. Salajêngipun *konsonan t* dipungantos *d* saénggâ dados têngbung *nulad* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks-ipun* dados ‘*nulâdhâ*’ (Poerwadarminta, 1939: 611).

17) *limpa<d>*

Ing prakawis 17, têngbung *limpat* botên kapanggihakên (Poerwadarminta, 1929). Kadosipun anggènipun nyêrat klèntu amargi nggatosakên pocapanipun. Salajêngipun *konsonan t* dipungantos *d* saénggâ dados têngbung *limpad* ingkang têngêsipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks-ipun* dados *putus amumpuni ing kawruh* ‘mahir dalam ilmu’ (Poerwadarminta, 1939: 274).

18) *nyatitèkkê<n>*

Ing prakawis 18, panambang *-akêd* mênika botên dipunpanggihakên wontên pandom EYD ingkang lumampah. Wondéné panambang ingkang lèrês inggih mênika *-akên*, dados *konsonan d* dipungantos *n* saéngga dados têngbung *nyatitèkkên*.

19) *c<i>nêngkal*

Ing prakawis 19, sêsêlan *-an-* mênika botên kapanggihakên wontên wêwatonipun panyêrating basa Jawa. Kanthi nggatosakên *konteks-ipun* lajêng sêsêlan *-an-* dipungantos sêsêlan *-in-* dados têngbung *cinêngkal* ingkang têngsipun dipunjumbuhaken kaliyan *konteks-ipun* dados ‘diukur panjang dan lebarnya’ (Poerwadarminta, 1939: 634).

C. Terjemahan sâhâ Cathêtan Terjemahan Teks Sêrat Wêdyâ Prastâwâ

1. Asiling Terjemahan Teks SWP

Ing panalitèn mênika *terjemahan teks SWP* ngginakakên *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi *makna*, sâhâ *terjemahan bebas*. *Terjemahan harfiah* inggih mênika alih bâsâ sabên têngbung saking bâsâ Jâwi dhateng bâsâ Indonesia. Ananging, mênawi boten *sagêd* dipun-*terjemah*-akên ngginakakên *terjemahan harfiah*, lajêng ngginakakên *terjemahan isi* utawi *makna*, mênawi botên *sagêd* dipun-*terjemah*-akên ngginakakên *terjemahan isi* utawi *makna* lajêng ngginakakên *terjemahan bebas kontekstual*. Kajawi ngginakakên *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi *makna*, sâhâ *terjemahan bebas*, anggènipun ndamêl *terjemahan teks* adhêdhasar maos *teks* kanthi *heuristik* sâhâ *hermeneutik*.

Alih bâsâ utawi *terjemahan* mênika sami kaliyan *transmisi*, sadâyâ suraosing *teks* ingkang abâsâ Jâwi *sagêd* têtêp kawaos utawi têtêp wêtah kanthi

ngginakakên *terjemahan harfiah, terjemahan isi utawi makna, sâhâ terjemahan bebas* wontên bâsâ Indonesia. Wontên ing panalitèn mênikâ, absahing *terjemahan* adhedhasar *Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) sâhâ *Kamus Jawa Kuna-Indonesia* (Mardiwarsito, 1981).

Tândhâ *metrum (/)* kanggé pamisahing *gatrâ*, sâhâ *tândhâ metra (//)* kanggé pamisahing *pådâ têtêp* dipunginakakên supados sagêd langkung gampil menawi madosi *terjemahan*-ing *gatrâ*, *pådâ*, sâhâ pupuh *teks SWP*. Salajêngipun, supados langkung cêthâ bab *makna* sâhâ ukârâ wontên *terjemahan* dipunginakakên tândhâ-tândhâ pamaos ingkang dipunjumbuhakên kaliyan EYD bâsâ Indonesia.

Anggènipun ndamel *terjemahan teks SWP* wontên têmbung-têmbung tartamtu ingkang angêl dipunalih-basakakên, supados nggampilakên pamaos anggènipun mangêrtosi isining *teks SWP*, salajêngipun kaandharakên wontên cathêtan *terjemahan*. Asiling *terjemahan teks SWP* kados ingkang sinêrat ing *tabel* ngandhap mênikâ.

Tabel 25: Asiling Terjemahan Teks SWP

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
1) (Dhandhanggulâ) //o// răsâ manis yéku kang linuri / <u>dèn</u> ulati pârâ ja<n>¹ma tāmâ / <u>jaman</u> kunâ praptèng mangké / <u>yayah</u> brêmârâ ngidung / <u>surasaning</u> kawruh sajati / <u>hartining</u> sastrâ cêthâ / <u>tatané</u> tan worsuh / <u>ing</u> kunâ sarananirâ / <u>kang</u> minângkâ miyak warananing Widhi / <u>mangolah</u> rèh kotaman //	Kenikmatan hidup ialah hal yang selalu dilestarikan, / diperhatikan oleh para manusia yang berwatak utama, / dari zaman dulu hingga nanti. / Seperti suara kumbang yang bernyanyi. / Makna dari ajaran hidup yang sejati / itu yang ditulis dengan urutan yang jelas, / aturannya tidak tumpang tindih. / Pada zaman dahulu caranya / untuk membuka tabir Tuhan / dengan menjalani laku kautaman, //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
2) /o/ <u>ng</u> ipatakên laku ingkang nisthip / <u>kê</u> tarané kridhaning utâmâ / <u>g</u> ilâ adoh kanisthané / <u>talatèn</u> têtêp atul / <u>ing</u> pangarah kalawan aris / <u>surâ</u> mring lârâ lâpâ / <u>rasanirâ</u> amung / <u>karyâ</u> nak ing tyas sasâmâ / <u>tatag</u> têtêg tatas sanggêm praptèng pati / ngalah sabarang pédah //	yakni dengan membuang jauh perilaku yang buruk, / hingga terlihat kepribadian hidup yang baik, / takut dan menjauhi perilaku yang buruk. / Dalam kehidupannya selalu bersungguh-sungguh / dengan niat dan sabar, / berani bertapa menahan lapar, / dan yang dilakukan hanyalah / selalu menyenangkan hati orang lain. / Juga tidak mudah goyah, teguh, bertanggung jawab, selalu bersungguh-sungguh, hal itu dijalani hingga akhir hayat / dan juga selalu mengalah dalam segala hal. //
3) /o/ angêncêngi lêgawaning budi / yèn pinurih ing laku tan arjâ / tinêmah praptèng rusaké / yéku ran sujanma nung / anênung umarang Hyang Widi / ngudi saking tyas martâ / amartani sagung / sagunging sakulâwargâ / rinèh ayêm yèn kataman ing sasêrik / sumèh nétrâ nyarkârâ //	Selain itu bersungguh-sungguh dalam mempertahankan kebajikan, / jika disuruh melakukan hal buruk, / hingga merusak segala hal, itu tidak akan bersedia melakukannya. / Hal itu dilakukan oleh manusia utama / yang taat terhadap perintah Tuhan, / belajar dari kesabaran, / tindak-tanduk yang baik. / Hal itu disebarkan pada keluarga / supaya tetap merasa tenang jika merasa sakit hatinya, / tetaplah tersenyum dan diterima dengan lapang dada.
4) /o/ kâyâ déné rêsi mâyâsidi / kang asrâmâ wukir wahyâ mâyâ / <d> ² umunung sêla sêlané / lêlêngkèhaning gunung / jurang jarèh pating jalirit / mubêng ngubêngi argâ / dhépoké sang wiku / yèn sinawang sing mandrâwâ / lir rimânging wanodyâ ngawêng sumampir / tumampang anèng jâjâ //	Seperti halnya Resi Mayasidi / yang tinggal di gunung Wahyu Maya / berada di sela-sela gunung, / tepatnya di lereng-lereng, / jurang-jurang yang curam mengelilingi gunung tersebut. / Padepokan milik sang wiku itu / bila dilihat dari kejauhan, / seperti selendang perempuan yang dilingkarkan / dan ditaruh di depan dada. //
5) /o/ kumalèwèr lir poncoté kèksi / asumilah sêmuné k<ê> ³ târâ / kang angongklèh lêlêngkèhé / ijo ariyu-riyu / thêthukulan rumput	Yang menjuntai mirip ujung selendang jika dipandang. / Walau hanya samar tetapi terlihat. / Yang mencolok dari sela-sela gunung tersebut / ialah hijau

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
mêpêki / déning ka[kaca 4]sorot suryâ / yêku yèn dinulu / jalèrèh ingkang aldâkâ / angatirah ambranang soroté abrit / tan ânâ thethukulan //	suburnya / tumbuhan rumput / yang terkena sinar matahari. / Yaitu jika dilihat / apabila gunungnya meletus, / warnanya menjadi merah menyala, / tidak akan ada tumbuh-tumbuhan yang hidup. //
6) /o/ dadyâ amung padhasé kang kèksi / nguni kêlêm kaléban ing lahar / jêjurang iku pindhané/ s<ê> ⁴ mêkaning dyah ayu / ingkang mubêng ngubêngi ardi / nanggul bludaging argâ / wèh sêngsêm kayungyun / marang ayuning paningal / muyêg ngrêmpêl thukuling mandirâ rêmit / lêdhung-lêdhung ngrêmbâkâ //	Jadi, hanya tanah terjal yang terlihat, / tenggelam dalam lahar panas. / Jurang-jurang tersebut ibarat / kembennya perempuan cantik, / yang melingkari gunung, / membendung lahar dari letusan gunung itu. // Hal itu menciptakan keindahan / bagi yang melihatnya, / pohon-pohon beringin tumbuh rimbun di sekelilingnya, / dengan begitu suburnya. //
7) /o/ ngrompyoh kadyâ sinoming dyah adi / mring paningaling kèlu-kèluwâ / marang wong ayu solahé / nabêt anèng pandulu / kaya ngâpâ rasaning ati / wikan luhuring argâ / gawé gandrung-gandrung / kumêdah minggah aldâkâ / kapiungyun uning jajahan ardi / mawèh sêngsêming driyâ //	Lebatnya seperti rambut di dahi perempuan cantik, / membuat yang melihat terbayang-bayang / pada tingkah laku perempuan yang cantik / hingga membekas di hati. Seperti apa rasa di hati / begitu melihat agungnya gunung ini, / membuat hati tergila-gila / ingin mendakinya. / Takjub akan pemandangan keindahan pemandangan yang ada di gunung, / membuat jatuh hati. //
8) /o/ yèn rinâsâ pa(m)⁵boboting ardi / déning dahat kamirahan toyâ / ing kanan kéringing kalèn / mili sambung sumambung / pan kumriwik swaraning warih / kang mijil sakil tlâgâ / wèning toyanipun / mawèh sukaning wardâyâ / sinartanan hawaning argâ mring dhiri / gawé sêgêring râgâ //	Jika dirasakan kekayaan alam di gunung itu, / dimana airnya sangat berlimpahan, / di kanan kiri sungai, / mengalir sambung-menyambung. / Gemericik suara air yang berasal dari telaga, / jernih airnya / membuat hati siapapun senang, / disertai udara pegunungan yang berhembus ke badan, / membuat raga menjadi segar. //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
9) /o/ kiwâ têngên pasêtrên myang sabin / kêkothakan tinon sing mandrâwâ / kacaryan dulu langêné / pasramanirèng gunung / kêmbang abyor amâncâ warni / sinêrang ing marutâ / marbuk arum arum / sari samyâ babar gândâ / amrik ngambar angosikakên ing urip / dadyâ langêning driyâ //	Di kanan kiri padepokan terdapat persawahan, / berpetak-petak jika dilihat dari kejauhan, / mempesona bagi siapapun yang melihat / padepokan di gunung. / Bunga yang mekar berwarna-warni, / tertiup oleh angin, / semerbak harumnya. / Bunga-bunga itu menyebarkan wewangian, / wangi yang semerbak membangkitkan semangat hidup, / dan menenangkan hati. //
10) /o/ ing sajugâ ari sang maharsi / [kaca 5] lênggah mungwing balé pacrabakan / rêspati sêsawangané / bawané wiku luhung / sanityâsâ sâhâ milangoni / solah bawaning wiprâ / mawèh sêngsêm kalbu / kathah sami anjêjangan / amanguyu nyênyantrik marang sang yogi / supênuh ing pratapan //	Di suatu hari Sang Maha Guru / duduk di ruang pembelajaran, / pandangannya penuh arti, / dan berwibawa / senantiasa seperti itu serta menyenangkan / tingkah laku Sang Resi, / membuat hati menjadi kagum. / Banyak yang ingin berguru, / para abdi-abdi resi juga berguru padanya / dan tinggal di pertapaan. //
11) /o/ siswanirâ sang rêsi winarni / langkung pêkik nâma Dyan Susênâ / trah wityâ radyâ jatiné / sumêngkâ graning gunung / asuméwâ mring maharêsi / kêképon nêng pratapan / cayané umancur / bawané budyâ utâmâ / ulat sumèh pasang graitâ alantip / sarirâ lurus raras //	Murid Sang Resi banyak dan bermacam-macam, / yang paling menonjol bernama Dyan Susena, / sebenarnya ia masih keturunan darah biru. / Tibalah ia di lereng gunung itu, / kemudian menghadap kepada Sang Maha Guru, / merasa kebingungan di pertapaan tersebut. / Raut mukanya bersinar, / tingkah lakunya yang utama, / wajahnya murah senyum dan tajam pendengarannya, / selalu laras dalam hidupnya. //

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
12) /o/ wus diwâsâ amêpêk bêrahi / nêdhêngirâ kridhaning asmârâ / nanging tâ iku jatiné / mring pâlâkrâmâ lumuh / rêmên mangun olah sêmadei / ahli marang surâsâ / sampurnaning ngilmu / ngudi amrih datan samar / amikani rasaning urip sajati / adrêng pratignyèng driyâ //	Ia sudah dewasa, dapat menahan hawa napsu, / sebenarnya pada umurnya sedang masanya jatuh cinta, / tapi sejatinya / ia belum berani mênikâh, / ia suka bertapa, / pandai dalam memaknai / ilmu, / ia belajar hal itu supaya kelak tidak salah / dalam menghadapi hidup yang sebenarnya. / Itulah keinginannya dalam hati. //
13) /o/ yèn tan antuk pitutur sajati / sukârilâ palastrâ nèng argâ / galundhung jurang pêpèrèng / dadi mêmangsani pun / sato wânâ kang ambê<k> ⁶ julig / galat karêm mêmangsâ / déning sru kayungyun / yun wikan rasaning gêsang / sanityâsâ cêgah dhahar lawan guling / subrâtâ mati râgâ //m//	Bila ia tak mendapat <i>pitutur</i> yang sejati, / ia rela dengan senang hati mati di gunung, / menjatuhkan diri ke tebing jurang, / menjadi mangsa / binatang yang buas / suka memangsa. / Dengan niat yang keras, / ingin belajar tentang rasa hidup yang sebenarnya, / dengan selalu menahan makan dan tidur / dan bertapa mati raga. //m//
14) (Pangkur) /o/ dènyâ angungkurkên prâjâ / praptèng dhépok marêk sang maharêsi / kang asrâmâ anèng gunung / ngabyantârâ sang dwijâ / dibyâ sêkti sidik paningalirâ trus / subrâtâ amati râgâ / lènjèh mati jroning urip //	Dirinya pergi meninggalkan kerajaan, / untuk menimba ilmu pada Sang Maha Guru, / yang bertempat tinggal di gunung. / Ia menghadap kepada sang resi, / sang resi yang sakti penglihatannya / sering bertapa mati raga, / atau mati dalam hidup. /
15) /o/ prasasat sari [kaca 6] râ suksmâ / yuswanirâ ing wanci pan wus lingsir / sarèh titis wicârâ rum / momot lêgawèng driyâ / solah bâwâ jatmikâ / dêdê<g> ⁷ nyâ ngrangkung / pantês pandhitâ ing prâjâ / cahyâ wênês anêngsêmi //	Seperti halnya jiwanya, / umurnya sudah senja, / tenang dalam bertutur halus, / dan sepenuh hati, / santun tingkah lakunya, perwakannya tinggi, / pantas menjadi Guru di kerajaan, / wajahnya tenang dan menyenangkan. //
16) /o/ tâtâ titi yèn ngandikâ / wignyâ karya énak tyasing sêsami / Dyan Susênâ anèng ngayun / sumungkêm mring sang dwijâ / gung manganti wahyaning warsitâ hayu / wau tâ risang pandhitâ / mèsêm sarwi ngandikâ ris //	Berhati-hati bila berbicara, / pandai dalam menyenangkan hati sesamanya, / Dyan Susena beranjak menghadap, / menyembah kepada Sang Guru, / menanti diberikan pitutur tentang keselamatan oleh Sang Guru. / Diceritakan Sang Guru / tersenyum sambil berbicara halus. //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
17) /o/ éh tå kulup Dyan Susénå / rèh wus lami anèng pratapan mami / lah tå mårå putraningsun / sirå asa jarwåå / pan wus suwé gonirå nèng ngarsaningsun / apa tå gèr kang sinêdyå / ing kéné ènggon ngasêpi //	“Wahai muridku Dyan Susena, / karena sudah lama kau berada di pertapaanku, / kemarilah anakku, / terangkanlah apa yang menjadi kesusâhânmu, / telah lama kamu berada di hadapanku, / apakah yang terjadi nak? / disini tempat untuk menyepi. //
18) /o/ tan åna kang sarwå bogå / busånå di sonyå nora pinanggih / tunå langêning tyas kulup / sêpi kang sarwå éndah / amung godhong kang kumléyang ananipun / déné yèn énjing kapyarså / umyang swaraning paksi //	Tak ada banyak makanan, / pakaian bagus pun tak akan diketemukan, / kurang mengenakkan hati nak, / yang ada hanya kesunyian yang indah, / hanya ada daun yang terbang berjatuhan, / sedangkan jika pagi hari, / terdengar ramai suara burung. //
19) /o/ mawurahan amêmangan / ing wowohan ingkang nêdhêng andadi / kapyarså ing karså umyang / sabawèng sato wånå / samyå ngudi ingkang binukti sadarum / ing rinå pan suwung sonyå / datan ånå kapyarsi //	Beterbangan mencari makan, / pada buah- buah yang sudah matang. / Terdengar sangat ramai, / suara hewan hutan, / sedang mencari makan, / bila siang hari keadaan sangat sunyi, / tidak terdengar apa-apa. //
20) /o/ sâyå ing dalu bâwånyå / nyênyêt sidhêm tan ånå walang sisik / apa gèr jênak sirèku / kêképon nèng pratapan / matur aris Dyan Susénå awotsantun / kasinggihan sang pandhitå / dènyå paring dhawuh yêkti //	Terlebih di malam hari, / suasanaanya sepi sunyi tak ada suara belalang berbunyi. / Apa kamu merasa betah nak?, / mengapa kamu merasa kebingungan di pertapaan ini?”, / Dyan Susena menjawab dengan halus, / “Benar Sang Resi, / maka dari itu saya menunggu diperintah olehmu. //
21) /o/ langkung suwung tanah argå / datan wontên ka[kåçå 7]mélikan sakêdhik / sadâyå kang wontên gunung / nênarik jroning nålå / langên sukå raras tarunå pan suwung / sanès tinimbang lan præjå / sadâyå sami mêpêki //	Lebih sunyi di gunung ini, / tak ada gemerlap dunia sedikitpun, / semua yang ada di gunung, / menarik di dalam hati, / menyenangkan hati serba indah juga banyak anak-anak muda. / Berbeda dengan di keraton, / semua serba bermacam- macam. //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
22) /o/ nanging sampun ulun jarag / nusup wânâ tumurun jurang trêbis / praptâ sapucaking gunung / nênuwun mring sang tâpâ / sapunikâ hamba wus sumiwèng ayun / ngabyantârâ ing padukâ / kang kawulâ sêdyâ mangkin //	Tetapi sudah saya sengaja, / masuk ke hutan menyusuri tebing jurang, / sampailah di puncak gunung ini”, / Dyan Susena memohon kepada Sang Resi, / “Sekarang hamba sudah menghadap di depan anda, / menghadap kepada Tuan, / yang saya inginkan nanti, //
23) /o/ nyuwun barkahing padukâ / mugi paring warsitâ kang sajati / jati jatining pitutur / saking kapéngin dahat / yun uningâ marang prastawaning ngilmu / mângkâ sajatining gêsang / wêwatoné kadipundi //	adalah meminta restunya Guru, / semoga diberi ajaran yang sejati, / yaitu ajaran yang sebenar-benarnya, / dari keinginan saya yang teramat sangat, / ingin belajar kebijaksanaan ilmu, / yang mana sejatinya hidup itu, / bagaimanakah cara untuk mencapainya. //
24) /o/ mugi paringâ pitêdah / anggèn-anggèn kang kanggé donyâ ngakir / darapon wikan satuhu / mrih slamêt salaminyâ / anggarjitâ sajroning galih sang wiku / pintêr têmên putraningwang / dhasar warnanirâ pêkik //	Semoga diberikan petunjuk, / aturan- aturan untuk di alam dunia dan alam akhirat, / agar dapat aku pelajari dengan sungguh-sungguh, / supaya selamat selamanya”, / senang sekali batin Sang Guru, / pandai sekali muridku ini, / memang ia sangat menonjol. //
25) /o/ wasânâ alon ngandikâ / adhu babo putraningsun wong sigi<t> ⁸ / ingkang ambêk s[w] ⁹ arjânâ nung / lamun sirèku trimâ / kawruh anggêr mantêp pangudimu / nyênyudâ ardaning nâlâ / iya ingsun pituruti //	Akhirnya Sang Resi berbicara dengan halus, / “Adhuh duh iya anakku yang tampan, / yang pandai. / Nak, jika kamu ingin menerima / <i>kawruh</i> , mantapkanlah niat di dalam hatimu, / kurangilah hawa napsu, / nanti aku turuti. //

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
26) /o/ déné pêrluning agêsang / acêgahå håwå napsu sakalir / lakuning ngilmu kang luhung / rila têmên myang pasrah / kumandêlå myang Hyang Maha Agung / yèn wus gonah maring Allah / yêkti sirå andarbèni //	Sedangkan yang diperlukan dalam kehidupan / adalah menahan semua bentuk hawa napsu. / Langkah dalam mempelajari ilmu yang baik / ialah dengan ikhlas bersungguh-sungguh serta pasrah, / percayalah kepada Tuhan Yang Maha Agung, / jika sudah mengerti siapa Allah, / pasti kamu dapat menguasai ilmu itu. //
27) /o/ ambêk asih lawan trêsnå / lan pitulung ngapurå sagung janmi / marmanirå sira kulup / kang bêtahå mêngangkah / lêmbah manah dèn têlatèn ing lakumu / [kåcå 8] nékadakên anèng argå / tumêngå tumungkul sêpi //	Bersikaplah kasih dan sayang, / serta suka membantu, mudah memaafkan terhadap sesama manusia. / Karena itu lah nak, / yang kuatlah dalam menjalaninya, / selalu berendah hati dan sungguh-sungguh dalam langkahmu, / bulatkanlah tekadmu di gunung ini, / seringlah menyepi. //
28) /o/ nêmaha mring lårå lårå / lamun bangkat ing kono sidå bangkit / tâmpå ngilmuning Hyang Agung / kalis sakèhing cobå / matur nuwun Dyan Susená awotsantun / ngaras pa<d> ¹⁰ aning sang dibyå / pangèstunirå kapundhi //m//	Bertapa dan berpuasalah, / jika kamu kuat pastilah kamu dapat / menerima ilmu dari Tuhan Yang Maha Agung, / dijauhkan dari segala cobaan”, / Dyan Susena berterima kasih dengan sopan, / kemudian mencium kaki Sang Guru, / restunya telah didapatkan. //
29) (Mijil) /o/ jatnirå kawulå puniki / mapan wus karaos / krasan wontên pratapan dhépoké / sampun angsal supangat sang rêsi / tan wontên sayêkti / ing sangsayanipun //	“Sebenarnya saya ini / sudah merasa / betah di pertapaan padepokan ini, / telah mendapat doa restu dari Sang Resi, / sudah benar-benar hilang / kesedihan yang aku rasakan. //
30) /o/ datan niat nêdha miwah guling / botên arip yektos / tan angraos ngêlak miwah luwé / amung écå sakecå pinaggih / mupangat sayêkti / nikmat siyang dalu //	Saya tidak akan berniat makan dan tidur, / sungguh-sungguh tidak akan mengantuk, / tidak merasakan haus juga lapar, / hanya nikmat yang dirasakan, / bermanfaat sekali, / nikmat dirasakan siang dan malam. //

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
31) /o/ kang kul(a) èsthi [ing] ¹¹ sâhâri ratri / nèng argâ kêkepon / kang supadyâ lumunturing sihé / kasumbagan tulus akuwawi / suwita nèng ardi / amanganti dhawuh //	Yang saya lakukan siang dan malam, / di gunung merasa kebingungan / adalah supaya dikasihi / dan dikabulkan permintaannya, sekuat tenaga / akan mengabdikan di gunung ini, / selalu menantikan perintah Guru. //
32) /o/ rumêntah ing kawilasan jati / tinarbukèng raos / kalungi<d> ¹² an warsitâ wahyané / pamingising râsâ mupangati / karaos ing ati / botên nêdya mantuk //	Jatuh dalam kasih yang sebenarnya, / dibuka perasaannya, / diberi ketajaman dalam menerima pitutur, / tajamnya rasa bermanfaat hingga terasa di hati. / Saya tidak ingin segera pulang, //
33) /o/ maring prâjâ wismâmbâ ing nguni / anênangi batos / awit prâjâ kathah rêncanané / godhâ gêdhé adhakan dhêdhêmpil / rumakêt nèng budi / pâncâ driyâ kêlun //	ke kerajaan kampung halaman saya. / Saya ingin menenangkan hati, / karena di kerajaan banyak rencananya, / godaan besar akan mendekat, / melekat di pikiran, / juga di panca indra. //
34) /o/ siyang dalu pêpénginan mintir / mring driyâ tumêmpoh / karêm marang karêman têtahé / gagar wigar panggusthining budi / bancânâ nututi / tumêmpuh ing kalbu //	Siang maupun malam keinginan tak dapat ditahan, / dalam hati selalu ingin melakukannya, / suka pada kesenangan, / hati tak mau diajak kompromi lagi, / bencana selalu mengikuti, / hingga di hati. //
35) /o/ amrawâsâ mring tinda [kâcâ 9]k utami / malik tindak awon / kèlu marang ardaning hawané / kang linantur dalarung kapati / apuwârâ pasthi / tumibâ ing dudu //	Merusak amalan kebaikan, / kemudian berubah menjadi amalan keburukan, / tenggelam dalam arus hawa napsunya, / yang terlena akan terbawa arus, / pada akhirnya jatuh tenggelam dalam tindakan yang buruk. //
36) /o/ pilih janmâ nèng prâjâ kang sami / olah ngilmu batos / kang ka<ka> ¹³ wâwâ ambéngkas hawané / nêncang budi mring tindak utami / sang wiprâ nyambung / bêtên panêmumu //	Memilih orang di kerajaan yang sama- sama / yang belajar ilmu kebatinan, / yang kuat menyingkirkan hawa napsunya, / menahan diri agar dapat berperilaku baik”, / Sang Guru menanggapi, / “Benar apa katamu. //

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
37) /o/ luwih abot anggayuh utami / nugrahèng Hyang Manon / awit prajā keh sambékalané / yèn tan awas lawan émut yêkti / samyâ angurêbi budi / budi kang rahayu //	Lebih sulit untuk mencapai keutamaan, / mendapat pahala dari Tuhan Yang Maha Agung, / karena di kerajaan banyak godaannya, / jika tidak waspada dan benar-benar ingat, / dengan selalu menjaga pikiran, pikiran yang selamat, //
38) /o/ kasêngsêm ing kasudarman kaki / ajrih mring Hyang Manon / mring kahardan binédhung yêktine / yèn kacuwan nêmpuh byat tan yukti / tindaké tan bêcik / praptèng pâpâ tuhu //	Perbanyaklah berbuat kebajikan, / takutlah kepada kuasa Tuhan, / kepada godaan hawa napsunya. / Jika merasa kecewa lalu merasa keberatan itu tidak baik, / perilaku tersebut tidak baik, / maka akan jatuh dalam kenistaan. //
39) /o/ katêlasan tilasing sujanmi / têbih karahayon / misih aji godhong aking anggèr / bènêr ing kang awas éling / mring lêlakon bêcik / nyingkur tindak dudu //	Sehina-hinanya manusia, / jauh dari kebahagiaan, / masih lebih berharga dedaunan yang kering nak, / memang benar yang waspada dan ingat, / terhadap perbuatan yang baik, / menghindari perilaku yang buruk. //
40) /o/ awas dadi mawas sayêkti / bêciking lêlakon / tunâ luput ing kaélingané / pan mangkono lakuning wong urip / Susênâ wotsari / aturé anuwun //	Jika kita benar-benar waspada / terhadap tindakan yang baik / merugi dan luput dari ingatannya. / Seperti itulah jalannya kehidupan”, / dengan halus Susena berkata terima kasih. //
41) /o/ wontên ardi kang kulâ rêmêni / miyat sêkar abyor / ting parêlok mawarni-warniné / kang sinobèng brêmâra kuliling / mbrêngêng nêsêpi / sari puspitâ rum //	“Yang saya sukai di gunung / adalah melihat bunga yang bermekaran, / indah berwarna-warni, / yang dihisap oleh kumbang yang mengitarinya, / sambil berdengung menghisapi / sari bunga yang wangi. //
42) /o/ kasilir ing samirânâ midid / angosikên batos / mring wardâyâ dadyâ lêlangêné / pan sinambi amirêngkên paksi / bocah [kâcâ 10] pating cruwit / wèh sênênging kalbu //	Tertiup oleh angin yang semilir, / mengusik hati, / menjadi idaman dihati. / Sambil mendengarkan kicauan burung, / juga anak-anak kecil yang ramai, / membuat hati senang. //

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
43) /o/ kumriwiking ranu tlâgâ wêning / mili amangisor / gyâ tumêmpuh sêlâ gêng ing lèpèn / pan sumilah apilah kang warih / yêkti anglam-lami / kèksi saking luhur //	Gemicik air telaga yang jernih, / mengalir ke bawah, / segera melewati bebatuan di sungai, / airnya terbelah-belah, / benar-benar membuat terpesona jika dilihat dari atas. //
44) /o/ wanci énjing myat sêtrèn / myang sabin bêtèrè tumrontong / kathah pêksi sinêbâ ing pasêtrèn / ting parêlok lir puspita kèksi / wèh sêngsêm pangèksi / lêlangêning gunung //m//	Di waktu pagi dari padepokan memandang / sawah terlihat panas sekali, / banyak burung yang mencari makan di padepokan, / berwarna-warni terlihat seperti bunga, / membuat mata terpesona, / itulah keindahan gunung”. //
45) (Kinanthi) /o/ yâ mangkono ananipun / lêlangên rêsmine ardi / séjé kalawan ing prâjâ / kasênêngan amênuhi / warnâ-warnâ pêlak-pêlak / bogâ busânâ mêtêki //	“Ya seperti itulah adanya, / kesenangan yang ada di gunung, / berbeda dengan di kerajaan, / terlalu banyak kesenangan, / bermacam-macam beranekaragam, / makanan busana serba ada”. //
46) /o/ Dyan Susênâ matur nuwun / mugyantuk barkah sang rêsi / supangatirâ sang dwijâ / sagêdâ ulun nglampahi / ambêsat ardaning hâwâ / godhâ rêncânâ sumingkir //	Dyan Susena berterima kasih, / “Semoga saya mendapat doa dari Sang Guru, / doa yang bermanfaat dari Sang Guru, / semoga saya dapat menjalaninya, / melepaskan diri dari hawa napsu, / supaya terhindar dari godaan”. //
47) /o/ sang dwijâ ngandikâ rum / éh janggan manguyu cantrik / rêh wus dangu nggon sun lênggah / nèng sanggar planggatan iki / sakancanirâ sadâyâ / wus pâdhâ ngasowâ sami //	Sang Guru berkata dengan halus, / “Wahai abdi-abdiku, / karena telah lama aku duduk, / di tempat pemujaan ini, / ajaklah teman-temanmu semua, / beristirahat. //
48) /o/ déné Dyan Susênâ iku / atêrnâ mring wismâ wingking / dimèn lêrêm sawatârâ / samânâ wus wayah lingsir / mèn surup hyang ba<g>¹⁴askârâ / sigrâ jêngkar sang maharsi //	Sedangkan Dyan Susena, / antarkan ke rumah belakang, / supaya dapat beristirahat sebentar, / sekarang sudah mulai senja, / hampir tenggelam Dewa Matahari”, / segera bergegas Sang Mahaguru. //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
49) /o/ sadâyâ wus bibar sampun / sang bagawan gyâ umanjing / ing wismâ panggih kalawan / nyi mêntrik ingkang tinuding / kinè<n> ¹⁵ mrantèni dhaharan / tur sandikâ pârâ èstri //	Semua sudah bubar, / Sang Guru segera masuk, / ke dalam rumah menemui, / abdi wanita. Yang ditunjuk / diperintah segera menyiapkan makanan, / para abdi wanita mengiyakan perintah tersebut. //
50) /o/ gitâ gyâ nyukupkên sampun / sêsaji pêpak miranti / labêtirèng kasutapa[kâcâ 11]n / kathah kang misungsung sami / mawarnâ ulam dhaharan / lumintu katur sang rêsi //	Sara abdi wanita segera bersamaan menyiapkan silih ganti mencukupkan, / sesaji beraneka macam telah siap. / Tidak ada yang ketinggalan, / banyak yang membawa / bermacam-macam lauk pauk makanan / diantarkan kepada sang Resi. //
51) /o/ botên wontên pedhotipun / sêkul tumpêng bêras abrit / lawuhan gudhang kuluban / lalabané karo putih / wus sampat pangruktinirâ / satâtâ sarwâ miranti //	Tak ada putusnya, / nasi tumpeng beras merah, / lauknya beragam, adapula <i>urap</i> / <i>lalapannya</i> kacang <i>kara</i> putih, / sudah lengkap dalam penyajiannya, / kemudian ditata serba rapi. //
52) /o/ ing sawusé wanci surup / sang pandhitâ gyâ nimbali / siswâ cantrik myang jêjanggan / pârâ manguyu sakalir / ing sawusing ngaso samyâ / ingajak sarêng abukti //	Setelah menjelang malam, Sang Guru segera memanggil / siswa dan abdi-abdinya, / semua abdinya, / setelah semuanya beristirahat, / kemudian diajak makan bersama. //
53) /o/ siswâ Dyan Susénâ sampun / ndhèrèk bujânâ sang rêsi / langkung sukaning wardâyâ / déné écâ dènyâ bukti / sang tâpâ sangêt karênan / awit sami sêtyeng ati //	Siswa yang bernama Dyan Susena sudah / ikut makan bersama Sang Resi, / lebih bahagia di hatinya, / sedangkan makanannya semakin enak dirasakan, / Sang Guru sangat senang hatinya, / karena melihat muridnya merasakan gembira. //
54) /o/ sang pandhitâ ngandikâ rum / lah cantrik jêjanggan sami / prâ manguyu sirâ pâdhâ / sêsuciyâ lan nak mami / liré suci iku aji / kaworan hawaning ati //	Sang Resi berkata halus, / “Wahai murid-muridku semua, / semua abdi, / bersucilah dan juga anakku / seperti halnya suci itu berharga, / yang bercampur dengan hawa napsu di hati. //

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
55) /o/ déné patrapé tå kulup / angênêngênå kariyin / kang pangráså dèn arahå / dimèné wêning sathithik / iku sukci têngesirå / mulané kabeh præ cantrik //	Sedang aturan dalam bersuci itu nak, / tenangkanlah dulu pikiranmu, / niatkan dalam perasaanmu, / supaya hening sejenak, / itulah maknanya kesucian. / Maka dari itu semua siswa, //
56) /o/ jêjanggan lawan manguyu / sadåyå pan ingsun pardi / angêningkên pâncå driyå / wit bakal sun kon nêksèni / nggonku marsitå Susénå / mêngko yèn wus madyèng ratri //	serta abdi-abdiku, / semua yang aku ajari, / aku minta heningkanlah panca indra, / karena akan aku suruh untuk menyaksikan, / saat aku memberikan nasihat kepada Susena, / nanti jika sudah pada waktu tengah malam”. //
57) /o/ kang ingagnyå maturnuwun / saking dhawuhnyå sang rêsi / nulyå sami anênåtå / pamêjangan dèn rêsiki / myang dinupan sinêbaran / ing sêkar kang wangi-wangi //	Yang diperintah berterimakasih. / Dari perintah Sang Guru itu, / segeralah semua berbenah, / segera mempersiapkan dan membersihkan tempat pembelajaran, / lalu diberi dupa, kemudian disebari / bunga yang harum-harum. //
58) /o/ wus ing wanci têngah dalu / alênggah sang mâhå rêsi / munggwing balé [kåcå 12] pamarsitan / ingadhêp manguyu cantrik / præ jêjanggan jèjèr lênggah / umarêk kapårå têbih //	Sudah tiba waktu tengah malam, / duduklah sang Maha Guru diruang pembelajaran, / berhadapan dengan para siswa / dan abdi-abdinya yang duduk berjejeran, / yang berjauhan disuruh mendekat. //
59) /o/ kang ngadhêp kapårå ngayun / siswå Dyan Susénå pêkik / sêmu dêkung atrapsilå / antêng tan amobah mosik / tumiling ing karna kanan / wau ta sang mâhå rêsi //	Semua dipersilahkan maju ke depan. / Siswa bernama Dyan Susena yang menonjol itu, / dengan sopan dan santun membenahi duduknya, / diam dan tidak bergerak, / mendengarkan dengan seksama lewat telinga kanannya. / Diceritakanlah sang Maha resi: //
60) /o/ èh tå kulup bocah bagus / rungoknå sorahngong dhihin / lamun sirå amangolah / ngilmuning Hyang kang sajati / kang rapêt pangrêgêmira / åjå dhêmên amaoni //	“Hai anakku yang tampan, / dengarkanlah pelajaran ku dulu, / jika kamu akan belajar / ilmunya Tuhan yang sebenarnya, / resapilah dengan sungguh-sungguh. / Jangan suka mencela. //

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
61) /o/ ngéwani samining manus / jêr tékading præ sujanmi / asnapun ingaranirå / bédå ingantêpan sami / mawarnå ngilmuning suksmå / utamané angumpuli //	Jangan suka merendahkan sesama manusia. / Karena itu tekad dari para manusia, / menurutku berbeda-beda, / berbeda tetapi bobotnya sama. / Ada bermacam-macam ilmu suksma, / yang utama ialah ilmu pergaulan. //
62) /o/ yèn pinêngkok sakèh wuwus / kumambang ingkang bangkit / aywa kêncêng tyasirå / sanadyan wruhmu murni / kang ngalah ngénaki manah / ing lair têrus ing batin //	Apabila dihalangi oleh omongan orang lain, / sehingga menimbulkan keraguan, yang menyebabkan tidak kuat hatinya / meskipun kamu telah paham terhadap ilmu tersebut, / tetapi mengalahlah agar dapat membuat enak hati orang lain / dari lahir sampai batin, /
63) tarimå têrus ing kalbu / pasrahå marang Hyang Widhi / kalamun wignyå mangkånå / iku janmå dibyå sêkti / slamêt tunå dukå ciptå / kinamulèn ing sêsami // {0} //m//	Ilmu suksma tersebut diresapi hingga hati yang terdalam, / berserah dirilah kepada Tuhan Yang Maha Agung. / Jika cukup pandai dapat bertindak seperti itu, / itulah manusia yang diberi kelebihan, / selamat dari kedukaan, / dan dimuliakan oleh sesamanya. //
64) (Sinom) /o/ surasaning sorahingwang / lah iku rasaknå sami / lawan sirå gèr Susénå / den pådha biså nglakoni / nula<d> ¹⁶ laku utami / Dyan Susénå nêmbah matur / sarwi angaras pådå / kula nuwun sang mådå rêsi / mugi angsal pangèstu tuwan //	Makna dari perkataanku tadi, / rasakanlah dengan seksama, / dan terutama bagi kamu nak Susena, / supaya dapat melaksanakan. / Meneladani perilaku yang utama. / Dyan Susena menyembah sambil berkata, / serta mencium kaki Sang Guru: / “Aku berterima kasih kepada engkau sang Maha Guru, / semoga aku dapat mendapatkan restu dari Guru. //
65) /o/ dadoså pêpêngêt hambå / ingkang kawulå pundhi / ing maståkå māmrih dadyå / jêjimat kang anartani / tumrah ra [kåcå 13] hayu ngudi / raharjå tumitah idhup / mèsêm sang wiku dibyå / ngungun salêbêting galih / luwih pinter bocah iki tan katårå //	Agar menjadi pengingat-ingat bagi hamba, / yang selalu saya junjung / di atas kepala saya supaya menjadi / <i>jejimat</i> yang berguna / untuk mewujudkan keselamatan. / Keselamatan bagi umat manusia”. / Tersenyumlah sang Guru yang <i>linuwih</i> itu. / Ia merasa kagum di dalam hati, / tidak disangka anak ini lebih pintar

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
	dan tidak memperlihatkannya. //
66) /o/ patitising pamicârâ / tândhâ limpa<d>¹⁷ing pambudi / lah tâ kaki estokênâ / panggayuhmu kawruh gaib / Susênâ matur aris / kawulâ nuwun sang wiku / ing mangké karilanâ / padukâ marsitâ ngèlmi / kaparêngan anggêlar dalunipun //	Pembicaraannya yang benar dan tepat, / itu menjadi pertanda kecerdasan di dalam hati dan perasaannya. / “Dhuh nak lakukanlah dengan sungguh-sungguh, / untuk mempelajari <i>kawruh gaib</i> ”. / Susena berkata dengan halus: / “Aku berterima kasih padamu Sang Guru. / Tolong nanti relakanlah, / anda mengajarkan ilmu itu padaku, / kalau boleh diberikan malam ini juga. //
67) /o/ sang rêsi alon ngandikâ / dhuh putraningsun wong pêkik / râta gèr wus nyêdhâkâ / lan sirâ manguyu cantrik / jêjanggan aywâ kari / kabèh pêrakâ maring sun / samyâ mèlu ngrunguwâ / krasané pamêjang mami / matur nuwun sandikâ samyâ anyêlak //	Sang Guru berkata perlahan: / “Dhuh anakku yang pandai, / kemari nak mendekatlah, / dan kalian abdi-abdi / siswaku jangan sampai ketinggalan, / semuanya mendekatlah padaku, / ikutlah mendengarkan dengan seksama, / ajaranku”. / Semuanya berterimakasih, mengiyakan, kemudian semua bergegas mendekat, //
68) /o/ nèng kanan kéringing wiprâ / lênggah trapsilâ sang rêsi / mantêsi majêng mangétan / yen ginagas duk ing nguni / lir Déwâ Suranadi / angudanakên rum- arum / yéku Hyang Kâmâjâya / aparing pitutur jati / mring Arjunâ sampurnanirâ ngagêsang //	Di kanan dan kiri Sang Guru. / Sang Guru duduk bersila, / menghadap ke timur, / jika diingat-ingat pada zaman dahulu, / seperti Dewa Suranadi, / yang menghujankan wewangian, / yaitu Hyang Kamajaya / yang sedang memberikan ajaran hidup yang sejati / kepada Arjuna tentang bagaimanakah mencapai kesempurnaan hidup. //
69) /o/ éh tâ anggèr putraningwang / tampanên warsitâ mami / kanthi bêninging pangrâsâ / lawan âjâ obah osik / manêmbah kang sinungling / maksih antêng lênggahipun / sang wiprâ angandikâ / manâwâ kitâ punikâ /	“Wahai nak putraku, / terimalah ajaran dari ku ini, / dengan beningnya perasaan, / serta jangan bergerak”. / menyembah yang diberi perintah. / duduknya masih dalam keadaan diam memperhatikan. / Sang Guru berbicara, / “Jika kita mempunyai keinginan, / untuk

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
ayun nêdyâ nyatitèkke<n>¹⁸ rasèng gêsang //	memahami arti kehidupan. //
70) /o/ dé rasaning gêsang kitâ / angudiné kudu saking / awêwaton tri sabâwâ / têrangé mangkéné kaki / sapisan dèn arani / sabâwâ bawanèku / kalih sabawèng driyâ / katri sabawaning [kâcâ 14] Widi / sabawané bawânâ iku mangkânâ //	Rasa hidup kita, / dalam mempelajarinya harus berdasarkan / <i>tri</i> <i>sabawa</i> (tiga suara). / Jelasnya begini nak. / Pertama yang dinamakan / <i>sabawa bawana</i> (suara dunia), / yang kedua <i>sabawa ing driya</i> (suara hati), / yang ketiga <i>sabawaning Widi</i> (suara Tuhan). / Yang dimaksud <i>sabawa</i> <i>bawana</i> adalah, //
71) /o/ sabarang kang kasatmâtâ / kalawan ingkang kapyarsi / kamirêngan déning karnâ / barang kang ginândâ sami / barang pangan sakalir / kang tinâmpâ nèng rasamu / iku klêbu pérangan / sabawèng rat dèn arani / nyatitèknâ pan ing wuri maksih dâwâ //	Segala hal yang dapat dilihat, / dan yang dapat didengar, / terdengar oleh telinga, / segala hal yang dapat tercium baunya, / segala bentuk makanan / yang dapat diterima di lidahmu, / semua itu termasuk ke dalam bagian / yang dinamakan <i>sabawa bawana</i> . / Perhatikanlah yang sejenis dengan ini masih banyak. //
72) /o/ déné kaping kalihirâ / têrangé sabawèng ati / yéku râsâ kang karâsâ / ciptâ pangrasanirèki / budi budâyâ kaki / krêkating karsâ puniku / pérangan sabawèng tyas / sabawèng suksmâ ping katri / lah têrangé karasaning kasabaran //	Sedangkan yang kedua, / jelasnya adalah <i>sabawa ing driya</i> , / yaitu rasa yang dapat dirasakan, / cara berpikir dan perasaanmu / nalar dan angan- anganmu / kehendak yang sangat kuat itu / termasuk dalam bagian suara hati (<i>sabawa ing tyas</i>). / Yang ketiga suara Tuhan (<i>sabawa ing suksma</i>), / jelasnya adalah berupa kesabaran, //
73) /o/ lawan rasaning karilan / karasèng kasêtyan tuwin / kalayan karâsâ pasrah / sabawané suksmâ iki / mangkéné trangirèki / sapisan kaélingamu / padhang rahsèng pramânâ / pralampitané kinardi / wadananing kasabaranirâ samyâ //	dan rasa keihklasan, / rasa kesetiaan, / juga rasa berserah diri. / Suara Tuhan (<i>sabawa suksma</i>) ini, / begini jelasnya, / Pertama, sifat ingatmu, / jelasnya adalah terasanya detak jantung, / sebagai perumpamaan dari / munculnya rasa kesabaranmu semua. //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
74) /o/ ping kalih rasaning Iman / lir péndah gêbyaring rawi / yéku pralampitanirå / wadananing rilå yekti / ping katri rasèng ngurip / mligi tan ånå rêgêdipun / mångkå wadananirå / kasêtyan ping catur nênggih / rahsèng iman langkung mulyå kang minångkå //	Yang kedua rasa iman, / seperti pancaran sinar matahari / yaitu perumpamaan / munculnya keikhlasan. / Yang ketiga rasa hidup, / khususnya yang bersih tidak ada dosanya / sebagai perumpamaan munculnya / kesetiaan. Yang keempat ialah / terasnya iman yang lebih tinggi sebagai //
75) /o/ wadanané pasrah samyå / paprincèn kasêbut ing nginggil / sakawan bab têtêp dadyå / nayakaning rasèng ngurip / uripirå pribadi / déné pangayomanipun / wadånå catur warnå / minångkå pêpatih Jawi / kang murbanirå hayuning gêsang kitå //	perumpamaan rasa berserah diri. / Rincian yang disebutkan di atas, / empat hal tersebut tetap menjadi, / petunjuk dalam menjalani kehidupan, / hidupmu sendiri. / Adapun yang menjadi pelindung / ialah perumpamaan empat hal tersebut, / sebagai wujud ajaran kehidupan bagi masyarakat Jawa, / yang menuntunmu untuk mencapai keselamatan hidup kita. //
76) /o/ ingkang wênang amaséså / [kåcå 15] obah osiking rat kaki / têtêg rasaning kang iman / lah iku pomå dèn éling / têtêpé dèn arani / sangsåyå kawrêdå kulup / iya sang mantri mukå / ing mêngko wasitå mami / nyaritakkên ingkang dadyå pangayoman /	Yang berhak dan berkuasa / atas bergeraknya dunia / ialah keteguhan rasa iman / hal itulah selalu diingat, / yang dinamakan / semakin dewasa nak, / yaitu ibarat <i>mantri-muka</i> . / Yang nanti dalam ajaranku, / menceritakan tentang yang menjadi pelindung. /
77) /o/ wadånå patang prakårå / minångkå sang nindyå mantri / pêpatih sajroning purå / kang sinupêkêt ing Gusti / mårå prabåwå luwih / dibyå pamunahing satu / kawåså amangrurah / parangmukaning nagari / iya iku kråså lir lali kèlingan //	Adanya perumpamaan empat hal / sebagai sang mentri, / patih di dalam keraton, / yang dekat dengan Tuhan, / dengan kekuatan lebih, / sakti mampu mengalahkan musuh. / Berkuasa merusak / musuh-musuh negara, / yaitu terasa seperti lupa-lupa ingat. //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
78) /o/ pan iyâ têtêp ingaran / nayâkâ waktrâ sinêlir / ing mêngko ganyâ kacritâ / ing Téjâmâyâ nagari / kang jumênêng narpati / risang wirotamêng kewuh / darbyambêg sadu budyâ / mângkâ ingkang dèn pêpundhi / linuhurkên ing atasing gêsang kitâ //	Akan tetapi, tetap disebut / pemimpin. / Selanjutnya berganti cerita, / di negara Tejamaya, / yang bertahta sebagai raja / ialah sang prajurit pemberani, / yang punya watak hati yang suci. / Raja itulah yang disanjung / diutamakan dalam hidup kita //
79) /o/ ing dunyâ praptêng dêlahan / nora lilâ muhung saking / ing sirat soroting iman / kang tan klayan roh sayêkti / padhangé anêlahi / wus tanpâ karânâ kulup / maharjânâ pribadyâ / têtêp risang narapati / Sri Naréndrâ pinandhi kawirotamâ //	di dunia sampai akhirat. / Tidak rela sekalipun dari / pancaran cahaya keimanan, / yang tidak ada rohnya / terangnya menerangi, / yang tiada taranya nak. / Kepribadiannya menjadikan keselamatan bagi orang lain. / Tetaplah sang raja, / sri narendra dijunjung oleh prajurit pemberani. //
80) (Pocung) /o/ artinipun lir salokâ putraningsun / rângkâ manjing crigâ / rupâ karo katon siki / sipat Gusti kawulâ botên katingal //	Artinya seperti sebuah <i>saloka</i> nak, / <i>rângkâ manjing crigâ</i> / keduanya kelihatannya satu, / sifat Tuhan-hamba tidak terlihat. //
81) /o/ critanipun sang naréndrâ sudibyâ nung / ingkang pinasthikâ / jêmbar wêwêngkoning nagri / wrâtâ rêsik datan kêna yèn c <i><i>¹⁹nêngkal</i> //	Ceritanya Sang Raja yang <i>linuwih</i> , / yang sakti mandaguna, / luas wilayah kerajaannya, / rata bersih tidak dapat diukur. //
82) /o/ êndi lamun kang katujwèng ing sakayun / ti[kâcâ 16]non wus sarwéndah / déné hawaning nagri / Téjâmâyâ mawèh ayêming dumadyâ //	Dimanapun yang menjadi tujuan keinginan, / yang terlihat hanyalah serba indah. / Keadaan udara di kerajaan / Tejamaya memberikan ketenangan bagi masyarakatnya. //
83) /o/ prabanipun wêning wênês angênguwung / ing dunyâ tan samar / tan ânâ mângkâ upami / wityârdyâ winastanan Téjâmâyâ //	Cahayanya terang cerah bentuknya melengkung. / Di dunia tidak terlihat samar-samar / tidak ada perumpamaannya. / Nak itulah yang disebut Tejamaya. //

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
84) /o/ puranipun kang rinênggâ sêsotyâ byur / ingkang sarwâ rêtnâ / dêdhatulayaning nagri / Mâyasidi iku anggèr aranirâ //	Keratonnya berhiaskan intan permata, / yang serba indah. / Tahta raja di negara itu / disebut Mayasidi nak. //
85) /o/ têngesipun Téjâmâyâ putraningsun / mângkâ pralampitâ / pasêmon araning nagri / iya iku rasaning Bétal Mukaram //	Arti Teja Maya itu nak, / sebagai pertanda, / perumpamaan sebutan negara, / yaitu rasanya Baitul Mukaram. //
86) /o/ déné kulup Mâyâsidi kratonipun / têtêp ingaran / mâyâ siddhi trangirèki / têngbung Arab rasaning Bétal Mukayat //	Sedangkan Mayasidi keratonnya itu nak, / tetap disebut / Mayasidi. Jelasnya dalam / bahasa Arab yaitu rasanya Baitul Mukayat. //
87) /o/ dhuh putraningsun manâwâ kitâ puniku / andarbèni kodrat / tumibâ janmâ utami / kang rumiyin paham mring paprincènirâ //	Dhuh anakku kalau kita ini, / memiliki kodrat, / menjadi manusia yang utama, / yang dahulu paham pada rinciannya. //
88) /o/ iya iku tri sabâwâ kasbut dhuwur / kang wus kawarsitâ / murih gêsang kitâ kaki / wignyâ mlêbu ing nagârâ tejâmâyâ //	Ya rincian tiga hal yang telah disebutkan diatas, / yang sudah diajarkan, / supaya hidup kita ini nak, / mudah masuk ke dalam negara Tejamaya, //
89) /o/ nuksmèng têrus mring Mâyâsidi kadhatun / mangrèh mantri-mukâ / myang nayâkâ sadayèki / sarwâ-sarwi bau dhêndhâ nyakrâwatya //	Merasuk terus hingga keraton Mayasidi, dapat memerintah perdana mentri, / juga para mentri semuanya, / bahu-membahu mengatur negara bersama. //
90) /o/ dadi ratu nêng Téjâmâyâ linuhung / sayêkti kawulâ / kumambang purbaning Gusti / iya kaki mung kari Wallahu'alam //m//	Menjadi Raja di negara Tejamaya yang agung, / sesungguhnya aku, / mengikuti kuasa Tuhan, / aku cukup melafalkan Wallahu'alam.
91) (Dhandhanggula) /o/ têtitinên aywâ mêdal sumbi / dèn satiti anampi wiyâtâ / purwâ praptèng wêkasané / kang bisâ krasèng kalbu / wignyâ bukâ warsitâ lungit /	Diperiksa lagi jangan sampai keluar dari ranah. / Yang hati-hati dalam menerima ajaranku. / Dari awal hingga akhir, / resapkanlah hingga ke dalam batin, / pandai dan pekalah dalam mempelajari sebuah ajaran, /

Lajêngipun tabel

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
[kâcâ 17] nganti bisâ sampurnâ lair batinipun / pangudi saking tyas martâ / élingâ yèn kataman ing saksêrik / dèn ayêm jroning nâlâ //	hingga dapat mencapai kesempurnaan di lahir maupun di batin. / Belajar dari kesabaran, / ingatlah bila mengalami sakit hati, / yang tenang di dalam hati. //
92) /o/ pangudiné wis tinamtu saking / ing makarti manâwâ tan sagah / sanggêm kasandhangan anggèr / pâncâ baya ranipun / iku dudu janmâ utami / wujuding pancâ bayâ / mangkéné lripun / sapisané asanggêmâ / yèn kataman sangsarardâ ranirèki / wardiné pan mangkânâ //	Dalam belajar sudah ditentukan, / dengan aturan yang tidak tumpang tindih. Apabila merasa tidak sanggup / menjalaninya nak, / akan mendapatkan rintangan. / Bila seperti itu namanya bukan manusia utama. / Bentuk bahaya bermacam-macam, / begini jelasnya, / pertama sangguplah dalam menjalani, / bila mengalami yang disebut <i>sangsarardâ</i> , / artinya yaitu, //
93) /o/ yèn kataman rêkasaning dhiri / lah dèn éling kaki angèsthiyâ / kang bêtah mêngangkah balé / lawan santosèng kalbu / lêmbah manah sâhâri ratri / kapindho ran cuwardâ / kaki têngêsipun / rêkasanirèng wardâya / kang ngèsthiâ ênêng êning awas éling / ngaliling sabên dinâ //	Bila diri mengalami kesusâhân, / ya ingatlah nak laksanakanlah, dengan kuat melangkah menuju rumah, / dan kukuhkanlah hati, / sabar di waktu siang maupun malam. / Yang kedua disebut <i>cuwardâ</i> , / artinya itu nak, / kesusâhân di hati, / lakukanlah <i>ênêng êning awas éling</i> , itu dilakukan setiap hari. //
94) /o/ kang ingaran râgardâ katri / lah têrangé sêsakiting badan / lamun nandhang mangkono gèr / ngèsthiyâ jroning kalbu / dèn arilâ lêgawèng budi / têngên narimâ ing tyas / ing salaminipun / kaping paté wirang ardâ / wardinira sasakiting ati budi / yèn nadhang kang mangkânâ	Yang ketiga disebut <i>râgardâ</i> , / yang jelasnya ialah penyakit yang ada di badan, / namun jika mengalami hal seperti itu nak, / lakukanlah dalam hati, / yang ikhlas dalam melakukan kebajikan, / bersungguh-sungguh, menerima dengan lapang hati, / selamanya. / Yang keempat adalah wirang ardâ, / artinya adalah penyakit hati dan pikiran, / bila mengalami yang seperti itu, /
95) /o/ pomâ kaki dèn agé angèsthi / tâtâ titi têtêg lan wéwékâ / kalimâ durgardâ rané / pan pakéwuhing kalbu / lah bukanên sukcinig	Ingatlah segera lakukan, / taat pada aturan, teguh, dan berhati-hati, / yang kelima adalah <i>durgardâ</i> . / artinya ketidaknyamanan hati, /

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
bêbudi / dadiné nora ardå / bératên dèn kusus / lamun sinandhang mangkånå / angèsthiyå kang kandêl nêtêl ing ati / ngandêl kumandêl ing Hyang //	ya bukalah kesucian pikiran, / hingga tidak berlebihan, / bersihkanlah hatimu. / Bila mengalami hal itu, / lakukanlah dengan kemantapan di hati, / percaya kepada Tuhan. //
96) /o/ sang palinggih angandikå aris / dhuh nak anggèr sirå [kaca 18] Dyan Susená / pamarsitan sajatiné / ing mêngko pan wus cukup / lah rasakånå pitutur mami nanging tå kawruhånå / wêdharan sun mau / yèn sirå ayun uningå / amarsudi mêloking urip / sayogyå pruwitåhå //	Sang Guru yang sedang duduk berbicara lembut, / dhuh anakku Dyan Susena, / pengajaran yang sebenarnya, / telah usai, / renungkanlah ajaranku, / tetapi pelajarilah, / penjelasanku tadi. / Bila kamu ingin, / mempelajari jelasnya kehidupan itu, / sebaiknya bergurulah. //
97) /o/ marang pårå sarjånå dimurti / kang wus gambuh olèh kawruh råså / amarsitå samêloké / nanging pamå tyasing sun / nora wani amiyak gaib / awit iku larangan / ajrih mring Hyang Agung / manåwå manggih dêdukå / ing satêmah karo pisan norå bêcik / Dyan Susená tur sêmbah //	Kepada para <i>manusia utama</i> , / yang sudah sering mendapatkan <i>kawruh rasa</i> , / belajarlah sejelas-jelasnya. / Akan tetapi bila hatimu, / tidak berani membuka gaib, / karena itu sebuah larangan, / juga takut terhadap kuasa Tuhan Yang Maha Agung. / Bilamana menemui kesialan, / sekali waktu hingga tidak baik sama sekali. Dyan Susena menyembah sambil berkata. //
98) /o/ matur nuwun mring maharêsi / yèn sinawang sumèh ing ngujuwålå / pāmå puspitå pindhané / kang ambabar gåndå rum / mawèh langên asmarèng ati / tondhå lamun wus tompå / tèsing warsitå yu / sang wiku nulyå ajêngkar / sing paoman anganthi marang sang pêkik / cantrik lawan jêjanggan /	Berterima kasih kepada Sang Maha Guru, / bila dipandang wajahnya murah senyum, / diumpamakan seperti bunga, / yang menyebarkan wewangian, / membuat hati senang, / tak ada yang dapat mengimbangi. Telah menerima / ajaran tentang keselamatan. / Sang Guru segera pergi. / Yang telah mendapatkan ajaran tersebut menggandheng sang siswa yang menonjol, murid lain dan abdi-abdi.

Lajêngipun *tabel*

<i>Suntingan Standar</i>	<i>Terjemahan-ipun</i>
99) /o/ myang manguyu wus bibaran sami / paripurnâ titining panitrâ / anujwâri Akad Wage / siyam mângsâ sapuluh / ping wolu lan jam sangâ énjing / wukunira Kuningan / ringkêlan Mawulu / ing taun Dal sinêngkalan / tâtâ tâtâ ngèsthi Gusti (1855) mrih lêstari / marsudi kautaman //i//	Semuanya sudah bubar, / penulisan telah selesai, / pada hari Ahad Wage, / bulan puasa (ramadhan), / <i>mongsa</i> kesepuluh, / hari ke-8 pada jam 9 pagi, / tepat pada wuku <i>Kuningan</i> , / ringkêlan <i>Mawulu</i> , / pada taun <i>Dal</i> terlihat dari <i>sengkalan</i> berikut; <i>tâtâ tâtâ ngèsthi gusti</i> (1855) supaya tetap lestari dalam / belajar keutamaan.

2. Cathêtan *Terjemahan Teks SWP*

Saking asiling *terjemahan teks SWP* ing nginggil kapanggihakên têmbung-têmbung angèl dipunalihbasakakên. Pramilâ, dipunbêtahakên satunggaling cathêtan *terjemahan* ingkang sagêd dipunginakakên kanggé ngandharakên têngesipun têmbung-têmbung mênikâ. Ancasing ndamêl cathêtan *terjemahan* inggih mênika kanggé sarânâ ngandharakên têmbung-têmbung ingkang angèl dipunalihbasakakên manawi kajumbuhakên kaliyan *konteks-ipun* ukara. Cathêtan *terjemahan* mênikâ wujud *pertanggungjawaban* saking asiling damêl *terjemahan* (Widyastuti, 2001: 94). Anggenipun damêl alih bâsâ têmbung-têmbung wontên cathêtan *terjemahan* ngginakakên *kamus Baoesastra Djawa* (Poerwadarminta, 1939) sâhâ nggatosakên *kontekstual*. Cathêtan *terjemahan teks SWP* kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

- 1) *laku kautaman* inggih mênikâ patrap utawi tumindak kanggé nggayuh kasampurnaning gêsang ingkang sagêd awujud tâpâbrâtâ, ngêndhakakên hâwâ nêpsu, tumindak kasaenan dhatêng tiyang sanes, lsp. umpaminipun njagi

lésanipun, tansah ndamêl manahing liyan têntrem, nyingkur sipat umuk (Poerwadarminata, 1939: 257).

- 2) *pitutur* inggih mênika piwulang kabêcikan (Poerwadarminata, 1939: 494). Ing *terjemahan teks* ngginakakên têngbung ‘pitutur’ amargi bobotipun langkung saé tinimbang têngbung ‘nasihat’ ing bâsa Indonesia.
- 3) *Kawruh* inggih mênika ngèlmi ingkang gayutipun kaliyan Gusti utawi ngêwrat *ajaran* sampurnaning gêsang, ingkang namung sagêd kagayuh kanthi laku utawi tirakat. Ing *terjemahan teks SWP* têngbung *kawruh* ing bâsa Jawi tingkatipun langkung inggil tinimbang têngbung ‘ilmu umum’ ing bâsa Indonesia.
- 4) *Urap* utawi *kuluban* inggih mênika dhaharan saking sayuran ingkang dipuncampur bumbu klâpâ anêm. Urap kalêbêt ubarampénipun sêsajèn.
- 5) *Lalaban* inggih mênika ron-ronan ingkang mêngtah limrahipun kanggé lawuh dhahar (Poerwadarminata, 1939: 257)
- 6) *Linuwih* inggih mênika pinunjul ing kawruh (Poerwadarminata, 1939: 275)
- 7) *Kawruh gaib*, têngês kontekstual-ipun inggih mênika kawruh ingkang mulangakên bab manunggalipun kawulâ-Gusti.
- 8) *Mantri-muka* mênika *ibarat*, ingkang têngêsipun patih (Poerwadarminata, 1939: 292)
- 9) *Saloka* mênika têtêngbungan kados déné paribasan nanging ngêwrat suraos pêpindhan (Poerwadarminata, 1939: 541)
- 10) *Rangkâ manjing crigâ* mênika *isbat* Jawi ingkang nêdahakên kamanunggalan antawisipun kawula sâhâ Gusti.

- 11) *Kawruh rasa* inggih mênikå kawruh ingkang mahyakakên prakawis ingkang sipatipun sinamar utawi sinamun ing samudânå (Poerwadarminta, 1939: 521).
- 12) *Mångså* inggih mênikå wulan miturut pranåtå mangsanipun (Poerwadarminta, 1939: 294)
- 13) *Kuningan* inggih mênikå salah satunggaling nãmå pawukon ingkang kaping kalihwêlas (Poerwadarminta, 1939: 237).
- 14) *Mawulu* inggih mênikå salah satunggaling nama pétangan paringkêlan, manawi nyêbar wiji botên badhé thukul (Poerwadarminta, 1939: 530)
- 15) *Dal* inggih mênikå namaning warså ingkang kaping gangsal ing windu (Poerwadarminta, 1939: 63)
- 16) *Sengkalan* inggih mênikå têtêngêring warså ingkang sinandi ing têtêmbungan utawi ukårå (Poerwadarminta, 1939: 558)

D. Pangrêmbaging Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos wontên *Teks Sêrat Wedyå Praståwå*

Panalitèn mênikå ngrêmbag bab suraosing *teks SWP* inggih mênikå kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos adhêdhasar *SWP* kajumbuhakên kaliyan mistik kajawèn sårå Al-Quran. Ananging, sadèrèngipun ngrêmbag langkung lèbêt bab kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos mênikå, kaandharakên rumiyin bab kawontênan gêsangipun manungså ingkang gadhah *kapenginan* pados kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Bab kasêbut kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) Kawontênan gêsangipun Manungså ingkang Gadhah “Kapénginan” Ngudi
Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos

➤ Tiyang ingkang ngraosakên kêképon ing manahipun.

Kanggé mahyakakên suraosing *teks*, panganggit ngandharakên lumantar cariyos satunggaling siswå anåmå Dyan Susená ingkang nêmbé pados kawruh utawi ngèlmi anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos utawi sampurnaning agêsang. Dyan Susená lajêng sowan dhatêng satunggaling padhépokan kagunganipun Resi Mayasidi ingkang mapan wontên ing sêla-sêlanipun rêdi Wahyåmåyå. Salajêngipun, andharan bab Dyan Susená minångkå *representasi* manungså ingkang pados kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kados ingkang sinêrat ing *indikator* ngandhap mênikå.

/o/ siswanirå sang rêsi winarni / langkung pêkik nåmå Dyan Susená / trah wityå radyå jatiné /... (Dhandhanggula, 11: 1-3)

/o/ wus diwåså amêpêk birahi / nêdhêngirå kridhaning asmårå / nanging tå iku jatiné / mring pålåkråmå lumuh / rêmên mangun olah sêmadi / ahli marang suråså / sampurnaning ngilmu / (Dhandhanggula, 12: 1-7).

... / sumêngkå graning gunung / asuméwå mring mårhårêsi / kêképon nèng pratapan /... (Dhandhanggula, 11: 4-6).

... / ngudi amrih datan samar / amikani rasaning urip sajati / adrêng pratignyèng driyå // (Dhandhanggula, 12: 8-10)

... / yun wikan rasaning gêsang / sanityåså cêgah dhahar lawan guling / subråtå mati rågå //m// (Dhandhanggula, 13: 8-10)

Saking *indikator* ing nginggil, dipunmangrêtos bilih Dyan Susená mênikå sajatosipun taksih trahing aluhur. Kacariyosakên bilih Dyan Susená mênikå sampun diwåså ugi sagêd mêpêk raos rêmên dhatêng wanitå. Yuswanipun taksih anèm saénggå nêmbé nêdhêng-nêdhêngipun kasmaran, nanging dèrèng wantun pålåkråmi. Dyan Susená mênikå rêmên sêmadi, ahli *memaknai* ilmu, nanging piyambakipun ngraosakên “kêképon” ing pratapan kagunganipun Resi Mayasidi.

“Kêképon” têngsipun inggih mênikå ngraos sisah ingkang awujud bingung sâhå kéwuhan manahipun (Poerwadarminta, 1939: 197).

Sinaosa sampun gadhah *sangu* ingkang kathah, nanging piyambakipun mênggalih bilih sangu mênikå dèrèng cêkap satêmah ndadosakên tuwuhipun raos samar mênawi nglampahi pagêsan samangké. Awit saking mênikå, Dyan Susénå lajêng ngraos adrêng utawi “kapéngin sangêt” nyinau raosing gêsang ingkang sajatos. Dyan Susénå miwiti nyinau raosing gêsang sajatos kanthi sanityåså cêgah dhahar, tilêm, sâhå tâpå mati râgå.

Mênawi tiyang samênikå ingkang taksih gadhah raos mèri, drêngki, srèi, nguja hâwå nêpsunipun, umuk lsp. sagêd dipunêndhakakên kados déné lampahipun Dyan Susénå inggih mênikå pados kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Manungså samênikå, sinaoså sampun langkung bandhanipun, sampun putus *pendidikan*-ipun, kadangkålå dèrèng sagêd ngraosakên *nikmat* saking bândhå mênikå. Pramilå, mênikå ndayani manungså lajêng pados raosing gêsang ingkang sajatos umpaminipun kanthi mlebet pesantren utawi nyuwun pirså dhatêng tiyang ingkang *pintêr* supados pikantuk kawruh kadospundi cakanipun nggayuh raosing gêsang ingkang sajatos mênikå.

Bab kawontênanipun manungså ingkang gadhah kapénginan nggayuh raosing gêsang ingkang sajatos sampun kaandharakên ing nginggil. Salajêngipun, dipunandharakên bab unggah-ungguhipun siswå ingkang badhé maguru kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

2) Unggah-Ungguhipun Siswå ingkang Badhé Maguru Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos

Saben tumindak ing manungså mliginipun ing tlatah Jawi, kèdahipun ngêcakakên tâtå krami. Samantên ugi siswå dhatêng guru ingkang samangké

badhé mulangakên kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Sadâyâ tumindak ing siswâ kêdahipun ndamêl sang Guru kêrsâ mulangakên kawruhipun. Sanadyan tâ siswanipun saking trahing aluhur nanging mênawi botên sagêd tumindak kanthi ngêcakakên unggah-ungguh milâ sang Guru ugi botên badhé lilâ mulangakên kawruhipun.

Wontên *teks SWP* ugi ngêwrat bab tâtâ krami siswâ dhatêng gurunipun supados gurunipun kanthi lilâ lêgawaning manah kêrsâ paring kawruh utawi pitutur dhatêng siswanipun. Salajêngipun, kaandharakên bab unggah-ungguhipun siswâ ingkang prayogi dipunlampahi déning tiyang ingkang badhé maguru kados ingkang sinêrat ing ngandhap mênikâ.

a. Ngurmat sangêt dhateng gurunipun

Indikator bab urmat dhatêng gurunipun kados ingkang sinêrat ing ngandhap mênikâ.

... / Dyan Susénâ anèng ngayun / sumungkêm mring sang dwijâ /... (Pangkur, 16: 3-4)

... matur aris Dyan Susénâ awotsantun /... (Pangkur, 20: 5)

Saking *indikator* ing nginggil dipunmangrêtos bilih Dyan Susénâ minangkâ siswâ ingkang ngajêng-ajêng ngèlmi utawi kawruhipun guru tansah urmat dhatêng gurunipun. Rikâlâ sowan lajêng sungkêm dhatêng gurunipun, botên namung lênggah mbêgêgêg ing ngajêngipun guru. Sungkêm wontên *teks SWP konteks*-ipun inggih mênikâ siswâ ngraup sukuning guru.

Mênawi sampun sungkêm, lajêng anggènipun siswâ wawan-pangandikan kaliyan gurunipun ugi tansah aris sarta awotsantun. Têgêsipun matur kanthi aris inggih mênikâ matur kanthi lêmbah manah. Ananging, matur kanthi lêmbah manah tuwuh saking manah ingkang lêrêm saénggâ têmbung-têmbung ingkang

dipunucapakên tansah andamêl énaking manah mliginipun tumrap gurunipun. Lajêng, rikâlâ ngestokakên ngendikanipun guru, kajawi matur kanthi aris ugi nyêmbah kanthi nangkêpakên astanipun déné jêmpol dipungathukakên ing grânâ.

Kanthi dipunsowani sartâ sungkem, lajêng anggènipun siswâ wawan-pangandikan kaliyan gurunipun ugi tansah aris sartâ awotsantun, guru ingkang sampun “ngêrti ing sêmu” sagêd mangrêtos bilih niat siswanipun maguru botên namung éthok-éthok. Niat siswanipun sampun saestu badhé maguru ngèlmi utawi kawruh sarta ngajêng-ajêng sangêt bilih gurunipun kêrsa maringakên kawruh utawi ngèlminipun.

b. Tansah sandikâ dhawuhipun guru

Wontên ing *teks SWP* kaandharakên bilih sang Rêsi Mayasidi paring *syarat* ingkang kédah dipunlampahi déning siswanipun Dyan Susênâ kados ing sub-bab 5. Pituturipun guru sampun tinamtu botên badhé mblasukakên siswanipun. Kadosdéne othak-athik basa Jawi, guru mênikâ “digugu lan ditiru”, awit saking mênikâ prayogi minangkâ siswâ nglampahi utawi nggêgâ mênâpâ kémawon ingkang sampun dipun-ngêndikâ-akên déning gurunipun tanpâ sulâyâ.

c. Nyuwun karilaning gurunipun

Mênawi guru sampun pirsâ dhatêng unggah-ungguhipun siswâ ingkang ngrênani ing manah, milâ guru kanthi lilâ lêgawaning manah ugi badhé mulangakên ngèlmi utawi kawruhipun. Kanthi manahipun guru ingkang lilâ lêgawâ ing mangké sasampunipun ngèlmi utawi kawruhipun sampun kawarsitâ, sagêd migunani tumrap dhirinipun siswâ.

Ananging, mênawi guru botên ngraos lilå lêgawå utawi mulangakên kanthi dipunpakså sagêd ndadosakên ngèlmi utawi kawruh ingkang sampun kawarsitå dados musprå botên migunani tumrap dhirinipun siswå pribadi. Dados, karilan utawi pangèstu saking guru ingkang badhé mulangakên ngèlmi utawi kawruh mênikå wigatos sangêt amargi sambêt kaliyan pigunanipun ngèlmi utawi kawruh sasampunipun ngèlmi utawi kawruh dipuntampi déning pårå siswanipun.

Bab unggah-ungguhipun siswå ingkang badhé maguru kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos sampun kaandharakên. Salajêngipun, dipunandharakên bab kawontênanipun manungså ingkang sagêd dipundadosakên guru ingkang mulangakên kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos

3) Kawontênan Gesangipun Guru ingkang Mulangakên Kawruh Anggayuh

Raosing Gêsang ingkang Sajatos

o/ ing sajugå ari sang maharsi / lênggah mungging balé pacrabakan / rêspati sêsawangané / bawané wiku luhung/ sanityåså sårå milangoni / solah bawaning wiprå / mawèh sêngsêm kalbu / kathah sami anjêjanggan / amanguyu nyênyantrik marang sang yogi / supênuh ing pratapan // (Dhandhanggula: 10: 1-10)

.... / dibyå sêkti sidik paningalirå trus / subråtå amati rågå / lènjèh mati jroning urip // (Pangkur: 14: 5-7)

/o/ prasasat sarirå suksmå / yuswanirå ing wanci pan wus lingsir / sarèh titis wicårå rum / momot lêgawèng driyå / solah bawå jatmikå / dèdègnya ngrangkung / pantès pandhitå ing præjå / cahyå wênês anêngsêmi // (Pangkur: 15: 1-7)

/o/ tåtå titi yèn ngandikå / wignyå karya énak tyasing sêsami /... (Pangkur: 16: 1-2)

Adhêdhasar indikator wontên teks SWP ing nginggil, ngêwrat kawontênan satunggaling manungså sagêd dipundadosakên guru ingkang mulangakên kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Kawontênan satunggaling manungså sagêd dipundadosakên guru kasêbut kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

- a) *rêspati sêsawangané* têngêsipun anggènipun mirsani kanthi rêseping manah. Kajawi mênikå ugi *wêruh* ing sadèrèngipun winarah utawi manahipun lantip.
- b) Sipatipun tansah luhur utawi saé. Solah bawanipun jatmikå têngêsipun tansah ngêcakakên tâtå-trapsilå ndadosakên sêngsêming manah utawi kalbu.
- c) Rêmên mangun tâpå mati rågå. Jiwå sårå yuswanipun sampung tutug ing kawruh.
- d) Alus budi sårå basanipun nêdahakên manah ingkang lêgåwå. Ngatos-atos mênawi wawan-pangandikan kaliyan tiyang sanès. Polatanipun tansah rêsik sumringah, saénggå damêl ênaking manah tiyang sanès.

Dados, sintênå ingkang dipundadosakên guru ingkang sagêd mulangaken kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos inggih mênikå tiyang ingkang sabotên-botênipun sagêd nguwaosi sakawan *syarat* ing nginggil. Mênawi tiyang ingkang dipunanggêp guru ingkang sagêd mulangaken kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos nanging dèrèng sagêd nguwaosi sadåyå *syarat* ing nginggil, milå dèrèng sagêd dipunsêbut guru ingkang linangkung.

Bab kawontênanipun tiyang ingkang sagêd dipundadosakên guru sampun kaandharakên. Salajêngipun dipunandharakên bab papan ingkang saé kanggé pamêjangan kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

- 4) Wêkdal sårå Panggènan ingkang Saé kanggé Pamêjangan Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos

Panggènan ingkang saé kanggé pamejangan ngèlmi adhêdhasar sêrat Wirid Hidayat Jati (Simuh, 1988: 364), inggih mênikå papan ingkang suci sårå namanipun ngêwrat têngês ingkang saé. Papan ingkang dipunkajêngakên inggih mênikå papan ingkang tinarbukå, kêdah wontên papan ingkang sêpên, langkung saé malih mênawi wontên papan ingkang inggil kados ta parêdên

Ing pupuh pangkur pàdå 17 sang Rêsi ngêndikå dhatêng Dyan Susená bilih padhépokanipun papan kanggé nyêpên, botên wontên manéka warni bab ingkang andamêl karêman kadostå rasukan ingkang saé sâhå dhaharan ingkang écå. Salajêngipun, ing pupuh kinanthi pàdå kaping 57 inggih mênikå ... **nulyå sami anênåtå / pamêjangan dèn rêsiki / myang dinupan sinêbaran / ing sêkar kang wangi-wangi //**. Saking pupuh kinanthi pàdå 57 dipunandharakên papan ingkang badhé dipunginakakên kédahipun dipuntåtå, dipunrêsiki, lajêng dipunsukani dupå sâhå dipunsêbar sêkar ingkang arum.

Ing pada 58 inggih mênikå /o/ **wus ing wanci têngah dalu / alênggah sang mårå rêsi / mungging balé pamarsitan...** dipunmangrêtos bilih papan pamêjangan ingkang sampun katåtå arupi balé utawi pendhåpå. Prakawis ngèngingi bab papan pamêjangan wontên ing *teks SWP* jumbuh kaliyan andharan wontên ing sêrat Wirid Hidayat Jati inggih mênikå papan ingkang tinarbukå sâhå wontên ing papan ingkang inggil amargi padhépokan mênikå mapan wontên ing rêdi Wahyåmåyå.

Salajêngipun bab wêkdal ingkang sae kanggé pamêjangan kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos inggih mênikå ing wanci têngah dalu. Prakawis mênikå dipunjari saking swasananipun ingkang sêpên. Kados ingkang sinerat wontên pupuh pangkur pàdå 20 gatrå 1-2 inggih mênikå /o/ **såyå ing dalu bårwanyå / nyênyêt sidhêm tan ånå walang sisik /...** saking têmbung nyênyêt sidhêm ingkang dipungaris *bawah* dipunmangrêtos bilih kawontênan ing wayah dalu mênikå sêpên suwung botên wontên swantên mênåpå-mênåpå.

Dados bab panggènan ingkang saé inggih mênikå awujud pendhåpå, amargi pendhåpå mênikå kelêbêt papan ingkang tinarbukå. Lajêng, *konteks*-ipun wontên ing *teks SWP* inggih mênikå papan ingkang inggil kadostå ing parêdèn,

såhå kêdah wontên papan ingkang swasananipun sêpên. Wêkdalipun ugi ing wanci têngah dalu ingkang swasananipun sampun sêpên saking swantên mênapa kémawon.

Bab panggènan såhå wêkdal ingkang saé kanggé pamêjangan satunggaling ngèlmi sampun kaandharakên. Salajêngipun, dipunandharakên bab *syarat* ingkang kêdah dipunlampahi déning siswå sadèrèngipun nampi utawi nyinau kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

5) *Syarat* ingkang Kêdah Dipunlampahi déning Siswå Sadèrèngipun Nampi utawi

Nyinau Kawruh Anggayuh Raosing Gêsang ingkang Sajatos

Adhêdhasar andharaning *teks SWP*, wontên *syarat* ingkang kêdah dipunlampahi sadèrèngipun nampi utawi nyinau kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Salajêngipun *syarat-syarat* ingkang kawrat ing *teks SWP* sagêd dipunpérang dados kalih jinis inggih mênika *syarat lahiriah* såhå *syarat batiniah*. Kalih *syarat* kasêbut kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1) *Syarat lahiriah*

Syarat lahiriah wontên *teks SWP* inggih mênikå ngawontênaken upacårå bujana sêsarêngan. Upacårå mênikå dipunlampahi sabibaripun wanci surup kados ingkang sinêrat ing *indikator* ngandhap mênikå.

/o/ ing sawusé wanci surup / sang pandhitå gyå nimbali / siswå cantrik myang jêjanggan / pårå manguyu sakalir / ing sawusing ngaso samyå / ingajak sarêng abukti // (Kinanthi, 52: 1-6)

Saking *indikator* ing nginggil dipunmangrêtos bilih sang Guru nimbali para siswanipun sasampunipun wanci surup (Maghrib) saprêlu dhahar sêsarêngan sadèrèngipun miwiti pamêjangan kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang

sajatos. Salajêngipun ingkang dipundhahar déning Guru sâhâ siswanipun kados ingkang sinêrat ing *indikator* ngandhap mênika.

/o/ botên wontên pêdhotipun / sêkul tumpêng bêras abrit / lawuhan gudhang kuluban / lalabané kâra putih /... (Kinanthi, 51: 1-4)

Saking *indikator* ing nginggil, dipunmangrêtos dhaharan mênâpâ kémawon ingkang wontên ing upacâra dhahar sêsarêngan. Dhaharan ingkang wontên ing upacâra inggih mênika sêkul tumpêng bêras abrit, lawuhan, gudhang kuluban, sâhâ lalabanipun kacang kâra putih. Sabên dhaharan wontên *makna simbolis*-ipun.

a. Sêkul tumpêng bêras abrit

Sêkul tumpêng wontên ing madyaning masarakat Jawi sampun limrah dipunwontênakên ing sabên upacara minangka sarâna ingkang wajib. Têmbung tumpêng dumados saking ukâra “**tumungkulâ** sing mêm**pêng**” (kaundhuh saking <http://backpackermom17.wordpress.com/2010/04/23/filosofi-nasi-tumpeng/> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 13.00 WIB) sagêd ugi saking ukâra “**tumapaking** panguripan-tumindak lêm**pêng** tumuju pangéran” (kaundhuh saking <http://ngudilaras.blogspot.com/2011/03/serba-serbi-tumpeng.html> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 13.30 WIB).

Kalih othak-athik têmbung ing nginggil mênika ngêwrat têngês bilih manungsâ minangka titahing Gusti mênawi kapéngin pikantuk kaslamêtan kêdahipun tansah ngaturakên pandongâ pamuji, sêtyâ tuhu nglampahi dhawuhipun Gusti ingkang Murbèng Rat sâhâ nilar samukawis ingkang dipunlarang.

b. Lawuhan

Lawuhan ingkang biasanipun wontên ing sêkul tumpêng inggih mênikå ulam, sagêd awujud ulam toyå mênåpå déné ayam. Lawuhan ulam toyå tuladhanipun inggih mênikå lélé sårå têtî/gêrèh pèthèk. Lélé mênikå urip wontên dhasaripun lèpèn. Lélé dados *simbol* kanggé tiyang ingkang gêsangipun tansah nandangi samukawis kanthi sêngkud sårå sarèh manahipun. Simbol guyup rukun sagêd dipunpèndhêt saking têtî utawi gêrèh pèthèk amargi uripipun ing samudrå tansah nggrombol.

Wondéné lawuhan ayam tuladhanipun inggih mênikå ayam bakar wêtah (bucêng). Têmbung bucêng kadadosan saking “nyê**buta** sing kên**cêng**!”, atêgès bilih manungså nêmbé dipunparingi pacoban déning Gusti Allah Swt. Kêdahipun tansah émut lajêng nyuwun pitulungan dhatêng Gusti ingkang Murbèng Dumados.

c. Urap (gudhang kuluban)

Urap *makna*-nipun inggih mênikå “urip-urup-urap”. “Urip” *makna*-nipun inggih mênikå tansah émut sangkan paran gêsangipun, tumindak rikålå gêsang, lajêng mênawi sampun tilar donyå badhé nuju dhatêng pundi. Urip *makna*-nipun inggih mênikå sadanguning manungså gêsang kêdahipun tansah migunani tumrap tiyang, *lingkungan*, bângså, sårå agaminipun. Ingkang pungkasan inggih mênikå urap, *makna*-nipun inggih mênikå gêsang ing samadyaning bêbrayan, manungså kêdah nyawiji kaliyan sasaminipun, utawi sagêd ngumpuli sårå damêl énaking manah tiyang sanès ingkang dipunsrawungi (kaundhuh saking <http://backpackermom17.wordpress.com/2010/04/23/filosofi-nasi-tumpeng/> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 13.00 WIB).

d. Lalaban kacang kårå putih

Wontên ing andharaning *teks SWP*, ubarampé ingkang pungkasan ing upacårå dhahar sadèrèngipun miwiti pamêjangan kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos inggih mênikå lalab kacang kårå putih. *Makna*-nipun kacang kårå putih inggih mênikå manungså gadhah pangangkah utawi *tujuan* ingkang putih utawi rêsik.

2) *Syarat batiniah*

a) Dipunwiwiti kanthi niat ingkang mantêp



“*Innamal a'malu binniyat*” mênikå sabdanipun Rasullah Muhammad Saw. Têgèsipun sabdå ing nginggil inggih mênikå sadâyå tumindak ing manungså gumantung saking niyatipun, niat ingkang saé mênåpå niat ingkang awon. Wontên ing pupuh pangkur pådå 25 gatrå 4-5 inggih mênikå ... / **lamun sireku trimå / kawruh anggêr mantêp pangudimu** /... siswå ingkang badhé ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kapurih mantêpakên niyatipun, déné niat mênikå dunungipun ing batos. Saking niat ingkang mantêp sadâyå “laku” kanggé nggayuh papénginan sagêd kalis lir ing sambekålå.

b) Ngirangi sadâyå wujud håwå nêpsu

Håwå nêpsu inggih mênikå *tenaga* saking salêbêting batos ingkang ndadosakên manungså tansah mburu bab-bab ingkang sipatipun kadonyan. Simuh (1988: 340) ngandharakên bab håwå nêpsu ingkang awon sagêd dipunpérang dados 3 inggih mênikå *nafsu lawwamah*, *nafsu amarah*, sårå *nafsu supiyah*. Nêpsu *lawwamah* mênikå ingkang ndadosakên manungså ngraos ngêlak, luwé,

sâhâ ngantuk. Nêpsu *amarah* inggih mênikâ nêpsu ingkang ndadosakên manungsâ awatak angkara murka, iri drêngki srèi, sâhâ muring. Wondéné nêpsu *supiyah* inggih mênikâ nêpsu ingkang ndadosakên manungsâ gadhah birahi, rêmên dhatêng karêman, lsp.

Dados, siswâ ingkang badhé ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kapurih ngirangi hâwâ nêpsunipun kados ingkang sinêrat wontên ing pada 25 gatrâ 6 inggih mênikâ ... / **nyênyudâ ardaning nâlâ** /... sâhâ ing pândâ 26 gatrâ 2 inggih mênikâ / **acêgahâ hâwâ napsu sakalir** /. Awit hâwâ nêpsu mênikâ “larangan” tumrap tiyang ingkang ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Kanthi ngirangi hâwâ nêpsu ing salêbêting manah atêgês bilih siswâ kêdah gêsang kanthi prasâjâ, botên wontên tumindak ingkang kalangkung. Mênawi siswâ sampun sagêd nyirnakakên hâwâ nêpsu, mila manahipun sagêd ngraos awas sâhâ émut. Awas sâhâ émut dhatêng tumindak ingkang saé mênâpâ déné tumindak ingkang awon.

c) Rilâ, Têmên, Pasrah, sâhâ Pitados Dhumatêng Hyang kang Mâhâ Agung

Wontên ing *teks SWP* pândâ 26 gatrâ 3-5 inggih mênikâ ... / **lakuning ngilmu kang luhung / rilâ têmên myang pasrah / kumandêlâ maring Hyang kang Maha Agung** /, dipunmangrêtos bilih lakunipun tiyang ingkang badhé nggayuh ngèlmi ingkang luhur kêdah rilâ, têmên, pasrah, sâhâ kumandêl dhumateng Hyang ingkang Mâhâ Agung. Raos rilâ dipunwujudakên ing tumindak rilâ nindakakên samukawis krânâ Allah Swt. kémawon. Lajêng, kanthi raos têmên (*bersungguh-sungguh*) nglampahi samukawis supados pikantuk ridhaning Gusti. Wondéné pasrah inggih mênikâ masrahakên sadaya asil sasampunipun ngupados kanthi têmên. Kumandêl dhumatêng Hyang ingkang Mâhâ Agung, bilih Hyang sampun kagungan rêncana ingkang saé kanggé *umat*-ipun.

Raos rilå, temen, pasrah, sâhå kumandêl dhumatêng Hyang ingkang Måhå Agung mênikå dunungipun ing salêbêting batos. Gayutipun kaliyan lakuning siswå ingkang badhé ngudi kawruh luhur inggih mênikå sadâyå pangudi badhé kasil mênawi sampun pikantuk ridhaning Gusti ingkang Måhå Agung.

d) Awatak Asih, Trêsnå, Rêmên Mitulungi Tiyang Sanès, sâhå Gampil Paring Pangapuntên

Wontên ing *teks SWP* pupuh pangkur pådå 27 gatrå 1-2 inggih mênikå /o/ **ambêk asih lawan trêsnå / lan pitulung ngapurå sagung janmi /..** dipunmangrêtos bilih siswå ingkang badhé ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kêdah awatak asih, trêsnå, rêmên mitulungi tiyang sanès, sâhå gampil paring pangapuntên. Watak asih sâhå trêsnå mênikå sipat ingkang dipunrêmêni déning Gusti Allah (kaundhuh saking <http://alrasikh.uui.ac.id/2012/03/23/allah-cinta-hati-yang-berkasih-sayang/> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 15.00 WIB). Satunggal sabdanipun Rasulullah Muhammad Saw. ingkang ngandharakên utamining watak asih sâhå trêsnå (kaundhuh saking <http://tunasilmu.com/khotbah-jumat-islam-agama-kasih-sayang/> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 15.00 WIB) kados ing ngandhap mênikå.

السَّمَاءِ فِي مَنْ يَرْحَمُكَ الْأَرْضِ؛ فِي مَنْ ارْحَمُوا الرَّحْمَنُ، يَرْحَمُهُمُ الرَّاحِمُونَ

“Orang-orang yang penyayang akan disayangi Allah Yang Maha Penyayang. Sayangilah siapa yang ada di atas muka bumi, niscaya kalian akan disayangi oleh siapa yang ada di langit” (HR. Tirmidzi dari Abdullah bin ‘Amr).

Saking hadis ing nginggil dipunmangrêtos bilih manungså ingkang awatak asih sâhå trêsnå dhatêng titahing Gusti ing jagad ugi badhé dipunasahi sâhå dipuntrêsnani déning Gusti Allah Swt. Awatak asih sâhå trêsnå botên winatês

namung dhatêng putrâ, garwâ, tiyang sêpuh, tiyang ingkang bédâ agami, nanging ugi dhatêng sato kéwan sâhâ têtuwuhan.

Salajêngipun, rêmên mitulungi dhatêng tiyang ingkang mbêtahakên. Ananging, *konteks*-ipun mitulung ing tumindak saé, sanès tumindak ingkang awon. Kados *firman*-ipun Gusti Allah Swt. (kaundhuh saking <http://almanhaj.or.id/content/2800/slash/0/perintah-untuk-saling-menolong-dalam-mewujudkan-kebaikan-dan-ketakwaan/> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 16.00 WIB) ing ngandhap mênikâ.

وَتَعَاوَنُوا عَلَى الْبِرِّ
وَالنَّقْوَىٰ وَلَا تَعَاوَنُوا عَلَى الْإِثْمِ وَالْعُدْوَانِ وَاتَّقُوا اللَّهَ إِنَّ اللَّهَ شَدِيدُ
الْعِقَابِ ۝٢

“Dan tolong-menolonglah kamu dalam (mengerjakan) kebajikan dan takwa, dan janganlah tolong-menolong dalam berbuat dosa dan pelanggaran. Dan bertakwalah kamu kepada Allah, sesungguhnya Allah amat berat siksa-Nya” (Q.S Al-Maidah: 2).

Saking *firman* Allah Swt. ing nginggil, dipunmangrêtos bilih sasamin ing manungsâ kêdahipun “*saling menolong*” ing tumindak kasaénan sâhâ botên “*saling menolong*” ing tumindak ingkang awon. Mênawi têtêp mitulung ing tumindak ingkang awon, siksaniipun Gusti Allah mênikâ awrat sangêt.

Sasampunipun rêmên mitulungi dhatêng tiyang sanès inggih mênikâ gampil paring pangapuntên dhatêng tiyang sanès. Paring pangapuntên dhatêng tiyang sanès mênikâ awrat mênawi manungsâ botên gadhah iman, takwa, sâhâ kawruh ingkang lèbêt bab agami Islam. Gusti Allah Swt. ingkang Murbèng Dumados kémawon kagungan sipat Maha Paring Pangapuntên, kêdahipun

manungså ingkang namung titah sawantah ugi gadhah sipat gampil paring pangapuntên dhatêng sasami. Dhawuhipun Gusti Allah Swt. dhatêng manungså supados gampil paring pangapuntên kawrat ing *firman*-ipun Allah Swt. (kaundhuh saking <http://quran.com/7> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 16.30 WIB) ing ngandhap mênika.



خُذِ الْعَفْوَ وَأْمُرْ بِالْعُرْفِ وَأَعْرِضْ عَنِ الْجَاهِلِينَ
 “Jadilah engkau pemaaf dan suruhlah orang mengerjakan yang ma'ruf, serta berpalinglah dari pada orang-orang yang bodoh” (Q.S Al-A'raf: 199).

Saking *firman* Allah Swt. ing nginggil, dipunmangrêtos bilih manungså dipundhawuhi supados gampil paring pangapuntên dhatêng tiyang sanès. Langkung saé bilih anggènipun pasrawungan kaliyan tiyang ingkang gampil paring pangapuntên, sâhå nilar tiyang ingkang sipatipun “*pendendam*” dhatêng sasami.

e) Kanthi lêmbah manah, tlatos, sâhå tékad ingkang antêp


Syarat ingkang salajêngipun inggih mênika **lêmbah manah dèn têlatèn ing lakumu / nékadakên anèng argå /..** (pupuh pangkur pådå 27 gatrå 5-6). Sipat lêmbah manah sami kados sarèh ingkang têngesipun inggih mênika botên kêsêså (Poerwadarminta, 1939: 546). Wontên *teks SWP konteks*-ipun inggih mênika siswå botên prêlu kêsêså anggenipun nyinau kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos, amargi wontên patrap-patrap ingkang kêdah dipuntêtêpi rumiyin. Mênawi sadâyå patrap-patrap sampun katêtêpi kanthi saèstu, tinamtu sagêd nguwaosi kawruh anggayuh raosing gêsang mênika.

Kajawi lêmbah manah, anggènipun nyinau kêdah tlatos. Tlatos têngesipun inggih mênika nglampahi samukawis kanthi sabar sartå tabêri (Poerwadarminta,

1939: 609). Mênawi sampun sarèh lajêng tansah srêgêp sâhâ tabêri anggènipun ngudi kawruh utawi ngèlmi. Salajêngipun, siswâ anggènipun ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kêdah kanthi tékad ingkang antêb amargi mênawi siswâ namung “léda-lédé” mila ngèlmi utawi kawruh badhé awrat dipunkuwaosi. Dados, kanthi lêmbah manah sartâ tabêri dipunkanthèni tékad ingkang antêb sagêd ndadosakên anggènipun nyinau kawruh utawi ngèlmi anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos gampil dipunkuwaosi déning pârâ siswâ.

f) Ngajêng-ajêng pitulunging Gusti kanthi nyêpên sarânâ lârâ lârâ

Syarat salajêngipun inggih mênikâ ngajêng-ajêng pitulunging Gusti kanthi **tumêngâ tumungkul sêpi** // (pupuh pangkur, pâdâ 27 gatrâ 7) sarânâ /o/ **nêmahâ mring lârâ lârâ** / (pupuh pangkur, pâdâ 28 gatrâ 1). Manungsâ kêdahipun namung nyuwun sâhâ ngajêng-ajêng pitulung saking Gusti Allah Swt. amargi namung Gusti Allah Swt. ingkang Nguwaosi saindênging jagad. Bab nyuwun pitulung dhatêng Gusti Allah kawrat ing *firman*-ipun ngandhap mênikâ.



“Hanya Engkaulah yang kami sembah, dan hanya kepada Engkaulah kami meminta pertolongan” (Al-Fatihah: 5).

Saking *firman*-ipun Gusti Allah ing nginggil sagêd dipunmangrêtos bilih manungsâ namung sagêd nyêmbah sâhâ nyênyuwun pitulungan dhatêng Gusti Allah Swt. Ananging, Gusti Allah Swt. namung paring pitulungan dhumatêng tiyang ingkang nyênyuwun kanthi saestu tumindak kasaénan. *Firman*-ipun Gusti Allah Swt ingkang ngêwrat bab pitulunging Gusti Allah kanggé tiyang ingkang tumindak kasaénan kados ing ngandhap mênikâ.

مَنْ عَمِلَ صَالِحًا مِّن ذَكَرٍ أَوْ أَنثَىٰ وَهُوَ مُؤْمِنٌ فَلَنُحْيِيَنَّهٗ
حَيٰوةً طَيِّبَةً وَلَنَجْزِيَنَّهُمْ أَجْرَهُم بِأَحْسَنِ مَا كَانُوا
يَعْمَلُونَ ﴿٩٧﴾

“Barangsiapa yang mengerjakan amal saleh, baik laki-laki maupun perempuan dalam keadaan beriman, maka sesungguhnya akan Kami berikan kepadanya kehidupan yang baik dan sesungguhnya akan Kami beri balasan kepada mereka dengan pahala yang lebih baik dari apa yang telah mereka kerjakan” (QS An-Nahl: 97).

Saking *firman*-ipun Gusti Allah Swt. ing nginggil dipunmangretosi bilih ingkang dipunparingi pitulungan déning Gusti Allah inggih mênikå tiyang ingkang tansah tumindak kasaénan. Tumindak kasaénan adhêdhasar *konteks*-ipun wontên *teks SWP* inggih mênikå awujud nglampahi laku lårå-låpå utawi prihatos.

Wujuding laku lårå-lapa utawi laku prihatos ingkang limrah ing jagad Jawi inggih mênikå (1) siyam, jinisipun wontên siyam sênin-kamis, siyam wêton, siya mutih, siyam ngrowod, lsp, (2) nyêpên sâhå ndedongå ing salêbêting griyå utawi ing pasareyanipun leluhur, (3) tâpå, jinisipun wontên tâpå kungkum, tâpå bisu, tâpå pati gêni, tâpå mêlèk kalong, lsp (kaundhuh saking <http://jowokejawen.wordpress.com/laku-prihatin-dan-tirakat/> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 18.15 WIB). Wontên andharaning *teks SWP*, pårå siswå kapurih nglampahi laku lårå låpå utawi laku prihatos, supados pêpénginanipun nguwaosi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos sagêd kalampahan kanthi gampil.

g) Sampun ngantos amaoni sâhå ngéwani tiyang sanès

Syarat batiniyah ingkang salajêngipun inggih mênikå **åjà dhêmên amaoni** // (pupuh kinanthi pådå 60 gatrå 6) sâhå /o/ **ngéwani samining manus** / (pupuh kinanthi pådå 61 gatrå 1). Têmbung amaoni sami têngêsipun kaliyan têmbung nacad. Dados, siswå ingkang ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang

sajatos kapurih botên nacad tiyang sanès sinaoså tiyang mênikå kathah kirangipun. Gusti Allah ugi botên rêmên dhatêng tiyang ingkang nacad tiyang sanèsipun, kados ingkang sinêrat ing *firman*-ipun ngandhap mênikå.

لَا يُحِبُّ اللَّهُ الْجَهْرَ بِالسُّوءِ مِنَ الْقَوْلِ إِلَّا مَنْ ظَلَمَ وَكَانَ اللَّهُ

سَمِيعًا عَلِيمًا ١٤٨

“Allah tidak menyukai ucapan buruk, (yang diucapkan) dengan terus terang kecuali oleh orang yang dianiaya. Allah adalah Maha Mendengar lagi Maha Mengetahui” (Q.S An-Nisa’: 147).

Saking *firman*-ipun Allah Swt. ing nginggil dipunmangrêtos bilih Gusti Allah Swt. botên rêmên dhatêng tiyang ingkang ngucapakên awoning tiyang sanès kajawi tiyang ingkang dipunpilâra. Lajêng, sipat amaoni mênikå sambêt kaliyan sipat ngéwani.

Ngéwani mênawi katilik saking tâta basanipun sagêd saking têmbung kéwan sâhå éwå. {N-}kéwan{-i} dados ngéwani tiyang sanès atêgês merendahkan martabating tiyang sanès utawi tumindak sawiyah-wiyah. Umpaminipun nDara ndawuh abdinipun tanpa lèrèn ngantos abdinipun nandhang sêsakit mênikå botên prayogi. Wondéné {N-}éwå{-i} dados ngéwani tiyang sanès atêgês bilih pirså solah bawaning tiyang sanès nanging botên ngrênani ing manah lajêng nuwuhakên raos mèri, drêngki, srèi, lsp. Siswå ingkang badhé ngudi kawruh angayuh raosing gêsang ingkang sajatos boten pikantuk gadhah sipat amaoni sâhå ngéwani tiyang sanès, amargi pârå siswå kêdah tansah “karyå énaking tyas sasami” saénggâ manahipun tiyang sanès botên sêrik.

h) Kanthi bênging pangraos sâhå antêng botên mobah-mosik


Siswå ingkang ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kêdah kanthi bênging pangraos, saénggâ kawruh utawi ngèlmi sagêd kanthi

gampil dipunrêsêpakên ing manah mênâpâ déné ing kalbu. Antêng botên mobah mosik atêgês anggènipun mirêngakên pamêjangan ngèlmi botên usrêg, nanging mirêngakên kanthi saestu.

Syarat ingkang kêdah dipunlampahi sadèrèngipun nampi utawi nyinau kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos sampun kaandharakên. Sadâyâ *syarat* kêdah dipunlampahi kanthi saèstu supados kawruh utawi ngèlmi ingkang badhé dipunsinau gampil dipunmangrêtos.

6) Paprincèning Tri Sabâwâ

Mênawi manungsâ sampun nglampahi *syarat-syarat* ingkang sampun dipunandharakên ing nginggil atêgês bilih manungsâ mênikâ sampun *siap* nampi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Adhedhasar *teks SWP*, anggènipun ngudi raosing gêsang ingkang sajatos kêdah mawi wêwaton tri sabâwâ. Salajêngipun supados langkung gampil anggènipun mangêrtosi bab *tri sabâwâ* kadamêl bagan kados ing ngandhap mênikâ.



Bagan 4: Pérangan Tri Sabâwâ

Saking bagan 4 ing nginggil sagêd dipunmangrêtos mênawi badhé anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos kêdah paham dhatêng paprincèning Tri Sabâwâ. Perangan *Tri Sabâwâ* mênikâ wontên tigâ, inggih mênikâ (1) *sabâwâ bawâ* têngêsipun *suara dunia*, (2) *sabâwâ ing driyâ* têngêsipun *suara hati*,

ingkang pungkasan inggih mênikå (3) *sabawaning suksmå têngêsipun suara Jiwa*.

Salajêngipun, bab tri sabåwå lajêng karêmbag kados ing ngandhap mênikå.

1. Sabåwå Bawånå (Swantêning Jagad têngêsipun *Suara Dunia*)

.. / sabawané bawånå iku mangkånå // (Sinom, 70: h)
/o/ sabarang kang kasatmåtå / kalawan ingkang kapyarsi / kamirêngan
déning karnå / barang kang ginåndå sami / barang pangan sakalir /
kang tinåmpå nèng rasamu / iku klêbu pérangan / sabawèng rat dèn
arani / nyatitèknå pan ing wuri maksih dåwå // (Sinom, 71: a-h)

Adhêdhasar cuplikan *teks SWP* ing nginggil, *sabåwå bawånå* inggih mênikå sabarang ingkang katingal déning socå, ingkang kapyarså utawi kamirêngan déning talingan, sabarang ingkang ginåndå, sabarang pangan ingkang dipuntêdhå, sårå sadåyå kang tinampi ing raos.

Sabarang ingkang katingal mawi socå sagêd awujud *barang* utawi tindak-tanduk tiyang sanès, ingkang saé utawi ingkang awon. Ningali *barang* ingkang saé umpaminipun sagêd ningali waosan Al-Qur'an, buku ingkang mupangati, lsp. déné ningali *barang* ingkang awon kadosdéné ningali samukawis ingkang gayut kaliyan *pornografi*.

Salajêngipun, bab tindak tandukipun manungså sagêd kapérang dados tigang warni inggih mênikå nisthå, madyå, sårå utåmå. Tindak tanduk nisthå (durjånå) inggih mênikå tumindak ingkang awon, sagêd awujud *må-limå* (madat, maling, madon, minum, main) cêngkiling dhatêng tiyang sanès, tumindak ambêksiya dhatêng tiyang alit, lsp. Tindak tanduk madyå inggih mênikå tumindak ingkang *tingkat*-ipun têngahan, sagêd awujud rêmên paring pitulung dhatêng tiyang ingkang mbêtahakên. Wondéné, tindak-tanduk utåmå inggih mênikå

tindak-tanduk ingkang tansah *karyå énaking tyas sêsami* kadosdéné botên ngawoni dhatêng tiyang sanès, *berkorban* kanggé tiyang sanès, lsp.

Sabarang ingkang kapyarså utawi kamirêngan déning talingan sagêd awujud pocapan utawi pawicantênan kaliyan tiyang sanès. Pocapanipun manungså ingkang alus, sarwå tåtå sâhå sarèh ndadosakên manah tiyang ingkang mirêngakên langkung sakécå tinimbang mirêngakên pocapan ingkang awujud pisuhan, ingkang sagêd ndadosakên manahing tiyang sanès dados serik.

Wondéné rikålå pawicantênan, *prinsip karya enaking tyas sêsami* tansah dipunanggé. Tiyang ingkang badhé micårå kêdah mênggalihakên sanget mênåpå kémawon ingkang badhé kaucapakên, têmbung-têmbungipun kêdah dipuntåtå supados tiyang ingkang mirêngakên botên ngraosakên sêrik. Tiyang ingkang kaajak micårå kêdahipun siap nampi kanthi legåwå menåpå ingkang badhé dipunucapakên déning tiyang sanès. Kajawi têmbung-têmbung ingkang kêdah dipuntåtå, praèn utawi polatan ugi kêdah dipunjagi kanthi saèstu, amargi polatan tansah dipungatosakên déning tiyang ingkang dipunajak pawicantênan.

Sabarang ingkang ginåndå déning grånå sagêd awujud gåndå ingkang arum mênåpå déné ingkang bacin. Gåndå arum mênikå sagêd gåndå saking sekar, kajêng, ron-ronan, têtêdhan ingkang taksih écå, *parfum*, lsp. Wondéné, gåndå bacin mênikå sagêd gåndå saking bathang (sato kewan), gåndå saking narkoba, alkohol, têtêdhan wayu, lsp.

Sabarang pangan ingkang dipuntêdhå têngêsipun kadospundi asalipun têtêdhan mênikå saking asiling rêjêki ingkang *halal* utawi *haram*. Anggènipun pados rêjêki mawi cårå ingkang *halal* sagêd saking dagang mawi cårå ingkang *halal* (boten *riba* utawi *ngapusi* tiyang sanès), mênawi asalipun têtêdhan saking

asiling rêjêki ingkang *halal* sagêd migunani utawi mbarokahi tumrap dhiri utawi tiyang sanès. Pigunanipun têtêdhan saking rêjêki ingkang *halal* (kaundhuh saking <http://rumaysho.com/umum/pengaruh-makanan-yang-haram-2185> tanggal 4 Juni 2014 tabuh 13.00 WIB) inggih mênika: (1) rêjêki sâhâ têtêdhan ingkang *halal* sagêd *mewariskan* amalan sâlèh sâhâ (2) têtêdhan *halal* sagêd dados *pencegah* sâhâ *penawar* kanggé samukawis sêsakit.

Wontên Al-Qur'an ugi dipunwahyakakên bab têtêdhan ingkang asalipun saking rêjêki ingkang *halal*. Cuplikanipun kados ing ngandhap mênika.

“Hai manusia, makanlah dari apa-apa yang ada di bumi ini yang halal dan baik, dan jangan kamu mengikuti jejak syaitan karena sesungguhnya syaitan itu musuh yang terang-terangan bagi kamu” (Al-Baqarah: 168).

Saking Surah Al-Baqarah ayat 168 ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih sadâyâ ingkang wontên ing bumi, têngesipun sadâyâ têtêdhan ingkang asalipun saking sato, têtuwuhan, anggènipun pados kêdah mawi cârâ ingkang *halal*. Salajêngipun, anggènipun nêdhâ ugi botên waton, *waton sênêng* lajêng umuk utawi murkâ, saénggâ ing têmbé nuwuhakên sêsakit ing badan. Sêsakit ing badan sagêd awujud *kolesterol, diabetes, jantung, kanker*, lsp. Kanthi makatên, manungsâ kêdahipun njagi kanthi saèstu menâpâ kémawon ingkang dipuntêdhâ saénggâ ing têmbénipun botên kénging sêsakit menapa malih ngantos awrat ing badan.

Wondéné mênawi têtêdhan saking asiling rêjêki ingkang botên *halal* utawi *haram* sagêd saking asiling *korupsi, judi, riba*, utawi samukawis ingkang *ilegal* sagêd ndadosakên amal ingkang katindakakên déning pârâ manungsâ ing madyâpâdâ dados musprâ. Saking Hidayatullah.com (kaundhuh tanggal 4 Juni

2014 tabuh 14.00 WIB), kaandharakên bab *dampak* saking têtêdhan saking asiling rêjêki *haram* inggih mênikå : (1) amalipun botên dipuntampi, (2) pandonganipun botên dipun-kabulakên, (3) ngirangi raos iman, (4) sampun tinamtu lumêbêt ing naråkå, (5) ndadosaken *atos* manahipun, (6) haji sâhå *harta*-nipun botên dipuntampi, (7) *shadaqah*-ipun botên dipuntampi, (8) *shâlat*-ipun botên dipuntampi, sâhå (9) *silaturahmi*-nipun musprå.

Adhêdhasar cuplikan *teks SWP* ing nginggil, *suara dunia* ingkang pungkasan inggih mênikå sadâyå ingkang tinampi ing raos. Raos mênåpå kémawon ingkang katampi saking pasrawungan kaliyan tiyang sanès. Kadosdéné raos bingah, gêtun, sêrik, lsp. Ananging, têtêp *tansahå ngénaki tyasing sêsami*, atêgês bilih kita nêmbé ngraos bingah pikantuk berkah saking Gusti Allah Swt awujud rêjêki ingkang kalangkung, kita kêdah tansah émut kaliyan tanggi-têpalih ingkang mbêtahakên. Kajawi tansah émut kaliyan tanggi-têpalih, sasagêd-sagêdipun botên kasangêtên anggèn kita mujudaken raos bingah, umpaminipun botên ngantos saénggå sagêd ganggu raosing tiyang sanès.

2. Sabåwå ing Driyå (Swantêning Manah têngêsipun *Suara Hati*)

/o/ déné kaping kalihirå / têrangé sabawèng ati / yéku råså kang karåså / ciptå pangrasanirèki / budi budâyå kaki / krêkating karså puniku / pérangan sabawèng tyas /... (Sinom, 72: a-f)

Adhêdhasar cuplikan *teks SWP* ing nginggil, sabåwå ing driyå inggih mênikå raos ingkang karaos, gagasan sâhå pangraosipun tiyang sadâyå, nalar, sâhå karså ingkang kêkah sangêt mênikå kalêbêt pérangan sabawa ing tyas utawi *suara hati*.

Raos ingkang karaos mênikå mèh sami kaliyan sadâyå ingkang tinampi ing raos wontên ing pérangan sabåwå bawånå ing nginggil. Bédanipun inggih mênikå

kadospundi ngawékani manahipun piyambak saking raos ingkang karaos mênikå. Raos ingkang karaos sagêd awujud raos sêrik, raos bingah, raos sêdhih, lsp. Raos-raos kasêbut sagêd dipunkawékani kanthi tansah ngraos syukur dhumatêng Gusti Allah Swt amargi wangsul malih bilih ingkang paring gêsang tumrap titah ing madyâpådå mênikå namung Gusti Allah ingkang Murbèng Dumados.

Salajêngipun ingkang kalêbêt sabawa ing driya inggih mênikå cipta utawi gagasan, pangraos, sårå nalaripun manungså. Manungså kaparingan akal budi déning Gusti Allah Swt supados sagêd menggalihakên gagasan-gagasan ingkang saé, gagasan ingkang saé mênikå sagêd dipunginakakên ing samadyaning bêbrayan. Tuladhanipun gagasan ingkang saé inggih mênikå gagasan damêl *generator listrik* saking grojogan ing kalèn supados dhusunipun botên namung padhang sarånå téplok. Lajêng, mawi pangraos, manungså sagêd ngraosakên mênapa ingkang dipunraoskên déning tiyang sanès, kadosdéné raos *simpati* sårå *empati*. Kanthi ngginakakên pangraosipun, botên badhé manungså tumindak ambêksiya utawi sawiyah-wiyah kaliyan tiyang sanès.

Wondéné, nalar inggih mênikå caranipun manungså menggalihakên satunggaling prakawis ngginakakên *logika*-nipun utawi têtimbangan bab saé-awonipun prakawis. Kanthi nalar, manungså sagêd mangrêtos pundi prakawis ingkang lèrês, pundi ingkang lêpat. Kanthi makatên, manungså sagêd mbédakakên tumindak kadospundi ingkang lèrês dipuntindakakên ing pasrawungan padintênan sårå tumindak ingkang botên prêlu katindakakên.


Sabåwå ing driya ingkang pungkasan inggih mênikå karså ingkang kukuh sangêt. Karså ingkang krakêt utawi kukuh sangêt mênikå saénipun dipunarahakên supados botên salah kaprah. Karså ingkang kukuh ing salêbêting manahipun manungså mênawi kaarahakên ing tumindak ingkang saé sagêd migunani sanget

ing samadyaning bêbrayan, déné menawi karså ingkang kukuh mênikå botên kaêmpanpapanakên sagêd ndadosakên rugi. Rugi tumrap dhiri pribadi sâhå tiyang sanès. ngkang wigatos, mênawi karså ingkang kukuh mênikå prelu sangêt dipunêmpan-papanakên kanthi trêp.

3. Sabawaning Suksmå (Swantêning Roh têngesipun *Suara Jiwa*)

..sabawèng suksmå ping katri / lah têrangé karasaning kasabaran //
(Sinom, 72: g-h)
/o/ lawan rasaning karilan / karasèng kasêtyan tuwin / kalayan karåså
pasrah /..(Sinom, 73: a-c)

Adhêdhasar cuplikan teks SWP ing nginggil, ingkang kalêbêt wontên sabawaning Widi inggih mênikå raosing kasabaran, raosing karilan, raosing kasêtyan sâhå raos pasrah. Salajêngipun, saking sabawaning suksmå dipunandharakên malih bab sakawan pralampitå wadananipun sabawaning suksmå. Wondéné, supados langkung gampil dipunmangrêtosi bab pralampita wadananipun sabawaning suksmå kadamêl bagan ing ngandhap mênikå.



Bagan 5: Bab Pralampita Wadananipun Sabawaning Suksmå

Bagan 5 ing nginggil ngêwrat wadananipun sabawaning Suksmâ kanthi ringkês. Lajêng supados langkung cêthâ bab wadananipun sabawaning suksmâ kaandharakên ing ngandhap mênikâ.

- 1) Kaélingan utawi rahseng pramânâ (karaosing kêtêging jantung), dados pralampitâ wadananing kasabaran (*kaelingan atau rahseng pramana mendasari kesabaran*).

Kaélingan dumados saking têmbung *éling*. *Éling* wontên konteks sabawaning Suksmâ têngsipun suara Jiwa inggih mênikâ éling bilih minangkâ titahing Gusti manungsâ kédahipun tansah émut sangkan-paranipun, ngrumaosi bilih manungsâ mênikâ titah ingkang *lemah*, sâhâ sarwi winatês. Tansah *eling* dhumatêng Gusti, amargi sadâyâ wiwit sâhâ kondur dhatêng Gusti (Hadiatmaja, 2010: 74).

..sapisan kaélingamu / padhang rahsèng pramânâ / pralampitané kinardi / wadananing kasabaranirâ samyâ //

Adhêdhasar cuplikan *teks SWP* ing nginggil, ***kaélingamu*** mênikâ rahsèng pramânâ. Rahsèng pramânâ mênikâ têngsipun raos kêtêging jantung. Manungsâ ingkang taksih gêsang tamtu kagungan kêtêging jantung. Mênawi manungsâ sampun paham bilih ingkang paring gêsang mênikâ Gusti ingkang Murbeng Dumados milâ manungsâ lajêng sagêd ngraosakên utawi nuwuhakên ing manahipun menâpâ ingkang dipunsêbut *kasabaran*.

Têmbung sabar mênikâ asalipun saking basa Arab, “shâbarâ” ingkang têngsipun inggih mênikâ mêtêp utawi nyêgah. Kados ingkang kawrat wontên *firman*-ipun Allah Swt. QS Al-Kahfi 18: 28:

“Dan bersabarlah kamu bersama-sama dengan orang-orang yang menyeru Tuhannya di pagi hari dan senja hari dengan mengharap keridhaan-Nya; dan janganlah kedua matamu berpaling dari mereka

(karena) mengharapkan perhiasan kehidupan dunia ini; dan janganlah kamu mengikuti orang yang hatinya telah Kami lalaikan dari mengingati Kami, serta menuruti hawa nafsunya dan adalah keadaannya itu melewati batas”

Wondéné makna-nipun têmbung sabar inggih mênikå mêpêr saking sadaya prakawis ingkang ndadosakên botên sabar, amarah, mêpêr tutukipun supados botên tansah sambat, sâhå mêpêr badan saking tumindak ingkang botên saé. Dados, têngêsipun sabar inggih mênikå mêpêr manah, pikiran, sâhå badan supados botên nindakakên sabarang prakawis ingkang sipatipun awon.

Saking andharan bab éling sâhå sabar ing nginggil, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih supados sagêd paham swantêning Suksma kitå kêdah éling, éling bilih ingkang paring gêsang mênikå Gusti ingkang Murbèng Dumados. Lajêng, sasampunipun kita éling bilih ingkang paring gêsang mênikå Gusti ingkang Murbèng Dumadi, kita sagêd nyêgah utawi mêpêr manah, penggalih, sâhå badan saking tumindak ingkang sipatipun awon ingkang mangké sagêd ngrisak sabarang amal ingkang sampun katindakakên déning manungså.

2) Rasaning iman minangka prapalampitå wadananipun karilan (*rasa iman sebagai dasar dari keikhlasan hati*).

Raos iman inggih mênikå raos pitados wontênipun Gusti ingkang Maha Tunggal. Adhêdhasar teks SWP, raos iman mênikå ***lir péndah gêbyaring rawi***, têngêsipun kados soroting bagaskarå. Raos iman sagêd ugi dipunsêbut nur-illahi. Nur illahi ingkang ngrasuk sabên manahipun manungså ingkang sampun mengimani ke-Esa-an Allah Swt. Iman kêdah membenarkan di hati, diucapkan dengan lisan, dan diamalkan dengan perbuatan. Tumrap tiyang ingkang nganut agami Islam, iman dhumatêng Gusti ingkang Maha Tunggal mênikå wigatos sangêt. Jumbuh kaliyan firman-ipun Allah SWT ing ngandhap mênikå.

“Wahai orang-orang yang beriman. Tetaplah beriman kepada Allah dan Rasul-Nya (Muhammad) dan kepada kitab (Al-Qur’an) yang diturunkan kepada Rasul-Nya, serta kitab yang diturunkan sebelumnya. Barangsiapa ingkar kepada Allah, malaikat-malaikat-Nya, kitab-kitab-Nya, Rasul-rasul-Nya, dan hari kemudian, maka sungguh orang itu telah tersesat jauh”. (Q.S An-Nisa’ : 136)

Saking Q.S An-Nisa’:136 ing nginggil, sagêd dipunmangrêtos bilih manungså kêdah pitados dhatêng Gusti Allah SWT, Malaikat, Kitab, Rasul (Muhammad), sâhå dintên kiyamat. Raos iman ingkang *ndhasari* karilan mênikå taksih awujud *hubungan* kaliyan tiyang sanès utawi *habluminannas*. Umpaminipun kanthi rilå mbiyantu tiyang sanès ingkang sawêg nandhang alangan, nglipur tangganipun ingkang sawêg sêdhih, lsp.

Tiyang ingkang sampun iman mêsthi nindakakên samukawis utawi maringakên samukawis kanthi rilå botên nyuwun piwalêsing tiyang sanes. Miturut Sunarto (lumantar Herusatoto, 1991: 79), sipat rilå inggih mênikå *keihlasan hati dengan rasa bahagia dalam menyerahkan segala miliknya, hak-haknya dan semua buah pekerjaannya kepada Tuhan, dengan tulus ikhlas dan mengingat bahwa semua itu ada dalam kuasa Tuhan*.

Saking andharan ing nginggil sagêd dipunpêndhêt dudutanipun bilih kanthi raos iman sagêd dados dhasaring raos rilå utawi ikhlas. Dhasar tuwuhipun raos rilå anggènipun nindakakên kuwajiban dhatêng Gustinipun sâhå tumindak ing pasrawungan kaliyan tiyang sanès.

- 3) Rahsèng urip ingkang mligi tan ånå regedipun minångkå pralampitå wadananing kasetyan. (*rahseng urip* atau rasa hidup yang bersih dari noda/dosa menjadi dasar dari rasa *kasetyan/kesetiaan*)

Raos gêsang ingkang tanpå rêrêgêd inggih mênikå raos gêsang kanthi èstu botên nindakakên samukawis ingkang awon, utawi dipunlarang déning Gusti Allah SWT. Atêgês bilih anggènipun nglampahi pagêsangan mênikå tansah nuhoni raos sêtyå utawi mituhu nindakakên mênåpå kemawon ingkang sampun dipunpréntahakên déning Gusti Allah SWT, sårå nilar mênåpå ingkang dipunlarang déning Gusti Allah SWT.

- 4) Rahsèng iman ingkang langkung mulya utawi luhur minångkå pralampitå wadananipun pasrah (*rahseng iman ingkang langkung luhur* menjadi dasar dari rasa berserah diri/*pasrah*).

Rahsèng iman ingkang langkung mulya utawi luhur têngènipun inggih mênikå kapitadosan ingkang sampun *jêro* sangêt, bilih samukawis prakawis asalipun saking Gusti Allah ingkang Akarya Jagad sårå têngènipun samukawis prakawis mênikå kondur dhatêng Gusti Allah SWT. Kanthi nuhoni raos iman ingkang sampun *jêro* sangêt ing têngé dados dhasaring raos pasrah. Adhedhasar Baoesastra, têngésing têngbung pasrah inggih mênikå *menehake* menapa kemawon dhumateng Gusti utawi sumeleh. Ananging, boten lajêng sadåyå prakawis dipunpasrahakên dhatêng Gusti, manungså kédahipun *usaha* rumiyin. Mênawi sampun usårå kanthi saèstu, lajêng asilipun dipunpasrahakên utawi dipunsêrahakên dhatêng Gusti ingkang Murbèng Rat.

Lajêng, anggènipun nindakakên iman ingkang sampun *jêro* sangêt, botên namung saking *hubungan dengan Tuhan* nanging ugi *hubungan dengan manusia lain atau masyarakat sekitarnya*, kédah imbang antawisipun *habluminallah* sårå *habluminannas*.

Habluminannas utawi *hubungan* kaliyan tiyang sanès sagêd awujud ndhèrèk nyêngkuyung adicara ingkang dipunwontênakên déning tangga-teparo, shâdaqâh dhatêng tiyang ingkang taksih kirang, lan sapanunggalanipun. Anggènipun nindakakên *hubungan* utawi pasrawungan kaliyan tiyang sanès kêdahipun dipuntindakakên kanthi rila botên nyuwun piwalêsipun tiyang sanès, nanging namung nyuwun ridhaning Gusti Allah Swt. Wondéné, *habluminallah* utawi *hubungan* kaliyan Gusti-nipun sagêd awujud nindakakên ibadah kanthi têmên sâhâ saèstu. Tansah nampi sadâyâ ingkang sampun ginaris, amargi éling bilih kita mênikâ namung manungsâ, sadêrmâ nglampahi.

7) Panuntun sâhâ Pangayomaning Gêsang

Sakawan prakawis wontên sabawaning widi ingkang sampun kandharakên ing nginggil (raos kasabaran, karilan, kasêtyan sâhâ pasrah) mênikâ dados panuntun kanggé nglampahi pagêsan. Wondéné wadânâ ing perangan sabawaning suksma ingkang gunggungipun sakawan prakawis (kaelingan utawi rahsèng pramânâ, rasaning iman, rahsèng urip sâhâ rahsèng iman ingkang luhur) mênikâ dados pangayomaning gêsang.

Wadânâ sakawan prakawis mênikâ namung wontên ing masarakat Jawi kémawon, nagari utawi bângsâ sanès dèrèng tamtu nindakakên ingkang kados mênikâ. Wontên *teks SWP*, pangayomaning gêsang ingkang gunggungipun sakawan prakawis mênikâ dipunsebut *nindyâ mantri* utawi *patih* ingkang sagêd nyirnakakên mungsuhipun nagari (hâwâ nêpsu).

8) Kautamaning Manungsâ ingkang Sampun Paham Tri Sabâwâ

Saking sadâyâ andharan bab *tri sabâwâ* ing nginggil, dipunmangrêtosi mênawi badhé nggayuh raosing gêsang ingkang sajatos manungsâ kêdah paham

papricèning *tri sabâwâ (tiga suara)*. Atêgês bilih manungsâ sampun sagêd mirêngakên utawi ngrêsêpakên ing manah mênâpâ déné ing *qolbu* bab *tri sabâwâ mênika*, milâ sagêd nggampilakên manungsâ nguwaosi nagari Téjâmâyâ (Betal Mukaram ibaratipun dhâdhâ).

Lajêng, lênggah ing kêraton Mayasidi (Betul Mukayat ibaratipun konthâ) satêmah sagêd ndawuh dhatêng pârâ *nindyâ mantri* kanggé nyirnakakên mungsuhipun manungsâ inggih mênika hâwâ nêpsu. Salajêngipun bab nagari Téjâmâyâ sâhâ kêraton Mayasidi kaandharakên ing ngandhap mênika.

1. Nagari Téjâmâyâ ugi dipunsêbut Bétal Mukaram

/o/ têngêsipun téjâ mayâ putraningsun / mângkâ pralampitâ / pasêmon araning nagri / iya iku rasaning Bétal Mukaram // (Pocung, 85: a-d)

Saking cuplikan *teks SWP* têngbang pocung pādâ 85 ing nginggil, dipunmangrêtos bilih Téjâmâyâ mênika pasêmon utawi pralampitâ (*perumpamaan*) Bétal Mukaram. Adhêdhasar Sêrat Wirid Hidayat Jati, Bétal Mukaram mênika mapan ing salêbêting dhâdhâ (Hadiwijono, 1983: 85). Bétal Mukaram sami kados Ka'bah utawi masjid Al-harram. Gusti Allah SWT ingkang maligénipun mapan ing Bétal mukaram ingkang wontên ing salêbêting dhâdhâ *diselubungi déning rahsa, suksma, jinem, budi, jantung hati, sâhâ dada*. Miturut Simuh (1988: 238) bilih saking dhâdhâ mênika tuwuh pangangên-angên, supados kita sagêd nguwaosi nagari Téjâmâyâ utawi Bétal Mukaram mênika sampun ngantos kita gadhah pangangên-angên ingkang awrat.

2. Kêraton Mayasidi utawi Bétal Mukayat

o/ déné kulup Mâyâsidi kratonipun / têtêp ingaran / mayâ siddhi trangirèki / têngbung Arab rasaning Bétal Mukayat/ (Pocung, 86: a-d)

Saking cuplikan *teks SWP* têngang pocung pãdã 86 ing nginggil, dipunmangrêtos bilih Keraton Mayasidi mênikã pasemon utawi pralampitã (*perumpamaan*) Bétal Mukayat. Têmbung mukayat, asalipun saking têngbung *kayat/hayat* ingkang têngêsipun gêsang. Adhêdhasar Serat Wirid Hidayat Jati saking tigã maligé Gusti Allah ing badan manungsã ingkang têngêsipun sami kaliyan *kayat/hayat* (gêsang) inggih mênikã Bétal Mukadas ingkang mapan ing konthã utawi zakar minangkã *sumber kehidupan*.

9) Pituwas Tumrap Manungsã ngkang Botên Manut Wêwaton Tri Sabawã

Salajêngipun, anggènipun nyinaoni bab raosing gêsang ingkang sajatos, wêwatonipun sampun dipuntêmtokaken kados ingkang sampun kaandharakên ing nginggil. Ananging, mênawi manungsã ngraosakên botên sagah nglampahi sadâyã wêwaton ingkang sampun kaandharakên, ing têngbe sagêd manggih pãncã bãyã (*lima godaan hati*). Bab pãncã bãyã kaandharakên kados ing ngandhap mênikã.

1) Sangsarardã (*kesengsaraan hidup*)

/o/ yèn kataman rêkasaning dhiri / lah dèn éling kaki angèsthiã / kang bêtah mêngangkah balé / lawan santosèng kalbu / lêmbah manah sãhãri ratri /..(Dhandhanggula, 93: a-e)

Adhêdhasar *teks SWP* pupuh dhandhanggulã pãdã 93 gatrã satunggal dumugi gangsal, mênawi manggih *sangsarardã* kitã kêdah *éling* lajêng nindakakên kanthi bêtah sãhã kêkah ing ati, sabar sarèh ing siyang mênãpã déné ing dalu. Sabar mênawi manungsã dipunadhêpakên kaliyan samukawis ingkang ndadosakên dhiri ngrêkaos kadostã kirang artã, pikantuk sasêrik lan sapanunggalanipun.

2) Cuwardã (*keceweaan hati*)

... / kapindho ran cuwardå / kaki têngsipun / rêkasanirèng wardâyå / kang ngèsthiå ênêng êning awas éling / ngaliling sabên dinå //
(Dhandhanggula, 93, f-j)

Wujuding pãncå bãýå ingkang kaping kalih inggih mênikå cuwardå utawi *kecewaan hati*. Cuwardå sagêd awujud raos kacuwå ingkang tuwuh rikålå kita sampun ngupados kanthi saèstu satunggaling pakaryan nanging asilipun botên sami kados ingkang dipunajêng-ajêng. Adhêdhasar teks SWP pupuh dhandhanggulå pådå 93 gatrå nêmu dumugi sapuluh, mênawi manungså nandhang cuwardå kêdah nglampahi *ênêng* (ngênêngakên batin), *êning* (*mengendalikan diri*), *awas* (tansah waspada saking godhaning hawa nêpsu), sårå *éling* (tansah émut bilih manungså mênikå titah ingkang *lemah* sårå winatês). *Ênêng êning awas éling* mênikå kêdah dipunlampahi sabên dintên supados cuwardå sagêd sirnå saking dhiri.

3) Rågardå (*penyakit pada badan*)

/o/ kang ingaran rågardå katri / lah têngé sêsakiting badan / lamun nandhang mangkono gèr / ngèsthiyå jroning kalbu / dèn arilå lêngawèn budi / têng narimå ing tyas / ing salaminipun / ... (Dhandhanggula, 94: a-g)

Adhêdhasar teks SWP pupuh dhandhanggulå pådå 94 gatrå satunggal dumugi nêmu, mênawi manungså sagêd nandhang ingkang dipunsêbut rågardå utawi sêsakiting badan. Rågardå awujud sêsakit ing badan, sêsakit ingkang ringan mênapa ingkang awrat, tuladhanipun sêsakit ingkang awrat kadosdéné gadhah sakit *jantung, kanker, darah tinggi*, lsp.

Mênawi nandhang ingkang kados makatên, manungså kêdah nglampahi ing salêbêting manah, rilå lêngawå ing manah, têng nindakakên sadâyå ingkang dipundhawuhakên déning Gusti Allah sårå nampi kanthi lilå lêngawå mênåpå

kémawon ingkang sampun dipunparingakên déning Gusti Allah. Kanthi sampun sagêd nglampahi mênikå kanthi saèstu, milå manahipun manungså sagêd ngraos ayêm lajêng sêsakit mênikå sagêd ical saking badan.

4) Wirangarda (*penyakit hati dan pikiran*)

.. / kaping paté wirang ardå / wardinira sêsakiting ati budi / yèn nadhang kang mangkånå // (Dhandhanggula, 94: h-j) / o/ pomå kaki dèn agé angèsthi / tåtå titi têtêg lan wéwékå /.. (Dhandhanggula, 95: a-c)

Påncå bâyå ingkang kaping sakawan dipunsêbut wirangardå, inggih mênikå sêsakiting manah sårå budi (pikiran). Tuladhanipun wirangarda kadosta ngraosakên sêrik, sêngit, drêngki srèi, lsp. Adhêdhasar teks SWP, mênawi manungså nandhang sêsakiting manah sårå budi, kêdahipun enggal-enggal nindakakên tåtå (*taat pada aturan*), titi (sarwi ngatos-atos), têtêg (pangguh), sårå wéwékå. Tåtå titi têtêg sårå wéwékå mênikå dipunlampahi ing salaminipun.

5) Durgardå (*rintangan yang menghalangi hati*)

... / kalimå durgarda rané / pan pakéwuhing kalbu / lah bukanên sukcinéng bêbudi / dadiné nora ardå / bératen dèn kusus / lamun sinandhang mangkånå / angèsthiyå kang kandêl nêtêl ing ati / ngandêl kumandêl ing Hyang // (Dhandhanggula, 95: d-j)

Påncå bâyå ingkang kaping gangsal dipunsêbut durgardå utawi *rintangan yang menghalangi hati*. Durgardå sagêd awujud raos sombong. Mênawi manungså nandhang ingkang kados makatên, kêdahipun kanthi saèstu ningkatakên raos pitados dhumatêng Hyang ingkang Mårå Tunggal. Kanthi pitados ingkang saèstu dhumatêng Hyang ingkang Mårå Tunggal milå ing manah sagêd éling bilih botên wontên panguwaos ingkang sagêd *madhani* utawi langkung inggil tinimbang Gusti Allah Swt.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Asiling panalitèn sâhâ pangrêmbagipun *naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* sampun dipunandharakên ing bab IV. Adhêdhasar pangrêmbagipun ing bab IV, sagêd dipunpêndhêt dudutanipun ingkang kaandharakên ing ngandhap mênika.

1. Deskripsi naskah sâhâ teks *Sêrat Wêdyâ Prastâwâ*

Adhêdhasar asiling *inventarisasi naskah, naskah* ingkang dipuntêmtokaken dados *sumber data panaliten* inggih mênika *naskah SWP* ingkang kasimpên ing Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya kanthi nomêr *koleksi BB. 1. 134*. Irah-irahaning naskah kapanggihakên wontên *katalog sâhâ* wontên ing samak *dalam naskah SWP*.

Kawontênanipun naskah *Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* taksih saé, jilidanipun namung lêpas ing kâcâ sakawan sâhâ gangsal nanging botên wontên kâcâ ingkang ical nanging botên ndadosakên *teks* botên kawaos. Dlancangipun *naskah SWP* wontên ingkang bolong amargi dipunpangan rêngêt ndadosakên wontên aksârâ ingkang risak nanging taksih sagêd dipunwaos déné warninipun dlancang sampun kuning sêmu soklat. *Naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* kaserat mawi aksârâ Jawa cithak ingkang kaserat jêjêg, déné dhapukanipun *teks* inggih mênika sêkar mâcâpat. *Naskah Sêrat Wêdyâ Prastâwâ* ngêwrat piwulang kawruh wêwatonipun anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos inggih mênika kêdah paham paprincèning tri sabâwâ.

2. Alih tulis teks *Sêrat Wédyå Praståwå*

Alih tulis teks *Sêrat Wédyå Praståwå* inggih mênikå *transliterasi teks*, lajêng dipundamêl *suntingan teks* kanthi ndamêl *aparât kritik*. *Metode transliterasi* ingkang dipunginakakên inggih mênikå *metode transliterasi standar*. *Metode transliterasi standar* inggih mênikå nggantos sêrataning teks adhêdhasar ejaan ingkang sampun dipunsampurnakakên utawi EYD ingkang dipunginakakên nanging taksih nggatosakên têngbung-têngbung ingkang dados titikaning rikålå *naskah* dipunsêrat.

Panalitèn mênikå ngginakakên *suntingan teks edisi standar* dipundamêl kanthi mánthå-mánthå têtêngbung, ukårå, sartå *komentâr* bab kalêpatan-kalêpataning teks. Kanthi *suntingan teks edisi standar* sagêd nggampilakên anggènipun maos sårå mangrêtosî teks. Wondéné *aparât kritik* inggih mênikå wujud tanggêl jawab ilmiah tumrap panaliti teks SWP. *Aparât kritik* ngêwrat andharan bab *penyuntingan* tumrap teks SWP. *Penyuntingan* tumrap teks SWP awujud éwah-éwahan ingkang sagêd nambahi, ngirangi, utawi nggantos wiwit saking aksårå, wandå, utawi têngbung wontên teks SWP.

3. *Terjemahan*-ipun teks *Sêrat Wédyå Praståwå*

Terjemahan teks SWP ngginakakên *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi *makna*, sårå *terjemahan bebas*. *Terjemahan harfiah* inggih mênikå alih bâså sabên têngbung saking bâså Jåwi dhateng bâså Indonesia. Ananging, mênawi boten saged dipun-*terjemah*-akên ngginakakên *terjemahan harfiah*, lajêng ngginakakên *terjemahan isi* utawi *makna*, mênawi botên sagêd dipun-*terjemah*-

akên ngginakakên *terjemahan isi* utawi *makna* lajêng ngginakakên *terjemahan bebas*. Sadâyå *metode terjemahan* dipunlampahi kanthi nggatosakên *kontekstual*-ipun. Kajawi ngginakakên *terjemahan harfiah*, *terjemahan isi* utawi *makna*, sâhå *terjemahan bebas*, anggènipun ndamêl *terjemahan* teks adhêdhasar maos *teks* kanthi *heuristik* sâhå *hermeneutik*.

4. Kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos wontên teks *Sêrat Wêdyå Praståwå*

Teks *Sêrat Wêdyå Praståwå* ngêwrat piwulang bab kawruh wêwatonipun anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos. Wonten ing perangan analisis, sadèrèngipun ngrêmbag langkung lèbêt bab paprincèning tri sabåwå kaandharakên rumiyin bab (1) kawontênanipun manungså ingkang gadhah “kapénginan” ngudi kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos, lajêng (2) unggah-ungguhipun siswå ingkang badhé maguru kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos, (3) kawontênanipun manungså ingkang sagêd dipundadosakên guru ingkang mulangakên kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos, (4) wêkdal sâhå panggènan ingkang saé kanggé pamêjangan kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos, (5) *syarat* ingkang kêdah dipunlampahi déning siswa sadèrèngipun nampi utawi nyinau kawruh anggayuh raosing gêsang ingkang sajatos.

Mênawi sadâyå syarat sampun dipunlampahi kanthi saestu lajêng wiwit ngrêmbag bab (6) paprincèning tri sabåwå, (7) panuntun sâhå pangayomaning gêsang, (8) kautamaning manungså ingkang sampun paham tri sabåwå, pungkasan (9) pituwas tumrap manungsa ingkang botên manut wêwaton tri sabåwå.

B. Pamrayogi

Adhêdhasar panalitèn teks *Sêrat Wédyå Praståwå* ingkang sampun dipungarap têtmtu wontên pamrayoginipun. Pamrayogi kasêbut kaandharakên kados ing ngandhap mênikå.

1. *Teks Sêrat Wédyå Praståwå* taksih prêlu dipuntliti malih kajumbuhakên kaliyan bab sastrå, budåyå, piwulang, mênåpå déné bab sanèsipun.
2. Panalitèn *naskah-naskah* kinå, mliginipun *naskah-naskah* Jawi minångkå têtilaran saking pårå sêsêpuh ing jaman rumiyin taksih prêlu dipungarap kanggé nglêstantunakên isinipun *naskah*. Kajawi kanggé nglêstantunakên isinipun *naskah* ugi supados piwulang ingkang kawrat ing salêbêting *teks* ingkang sagêd dipunjumbuhakên kaliyan pagêsangan samênikå botên ical musprå.

C. Implikasi

Asiling panalitèn sårå pangrêmbagipun sampun kaandharakên ing bab IV. Adhêdhasar asiling panalitèn sårå pangrêmbagipun kasêbut wontên *implikasi*-nipun. Wondéné *implikasi* panalitèn mênikå kanggé lingkungan perguruan tinggi mliginipun ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, lampahing panalitên kanthi filologi (*inventarisasi naskah*, *deskripsi naskah sårå teks*, *alih tulis teks*, *terjemahan teks*) ingkang sampun kalampahan sagêd dipuncakakên wontên ing panalitên *naskah* Jawi sanèsipun.

KAPUSTAKAN

A. Naskah

Sêrat Wédyå Praståwå. Perpustakaan Museum Dewantara Kirti Griya Yogyakarta, nomer BB. 1. 134.

B. Pustaka saking Buku

Anggota IKAPI. 2006. *Pedoman Umum Ejaan Bahasa Jawa Huruf Latin Yang Disempurnakan*. Yogyakarta: Kanisius.

Anjarmartana, A. Sarman. 1991. "Transliterasi Jawa-Latin". Proseding dalam Kongres Bahasa Jawa di Semarang. Surakarta: Harapan Massa.

Baroroh-Baried, Siti, dkk. 1985. *Pengantar Teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

_____. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas (BPPF) Seksi Filologi, Fakultas Sastra Universitas Gadjah Mada.

De Jong. 1976. *Salah Satu Sikap Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.

Darusuprpta. 1984. "Beberapa Masalah Kebahasaan dalam Penelitian Naskah". Widyaparwa No. 26 Oktober. Yogyakarta: Balai Penelitian Bahasa, Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Girardet, Nicolaus, dkk. 1983. *Descriptive Catalogue of the Javanese Manuscripts and Printed Books in the Main Libraries of Surakarta and Yogyakarta*. Wiesbaden: Franz Steiner Verlag GMBH.

Djamaris, Edwar. 2002. *Metode Penelitian Filologi*. Jakarta: CV. Manasco.

Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen: Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: Narasi.

_____. 2012. *Agama Jawa: Menyusuri Jejak Spiritualitas Jawa*. Yogyakarta: Lembu Jawa.

Hadiatmaja, Sarjana dan Kuswa Endah. 2010. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

- _____. 2009. *Pranata Sosial dalam Masyarakat Jawa*. Yogyakarta: Grafika Indah.
- Hadiwijono, Harun. 1983. *Konsepsi Tentang Manusia Dalam Kebatinan Jawa*. Jakarta: Penerbit Sinar Harapan.
- Haryati-Soebadio. 1988. *Relevansi Pernaskahan dengan Berbagai Bidang Ilmu*. Makalah dalam Seminar Pernaskahan Fakultas Sastra Universitas Indonesia.
- Herusatoto, Budiono. 1991. *Simbolisme Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: PT. Hanindita Graha Widya.
- _____. 2009. *Konsepsi Spiritual Leluhur Jawa*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.
- Kaelan. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif Bidang Filsafat*. Yogyakarta: Paradigma.
- Khalid, Amr. 2009. *Spirit Al-Qur'an*. Jogjakarta: Darul Hikmah.
- Krishna, Anand. 2012. *Javanese Wisdom*. Jakarta: PT. Gramedia
- Marsono. 1991. "Sastra Suluk dan Sejarahhnya". Proseding dalam Kongres Bahasa Jawa di Semarang. Surakarta: Harapan Massa.
- Muchtarom, Zaini. 1988. *Santri dan Abangan di Jawa*. Jakarta: Indonesian Netherlands Cooperation in Islamic Studies (INIS)
- Mulyana. 2011. *Morfologi Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Kanwa Publisier.
- Mulyani, Hesti. 2009. *Teori Pengkajian Filologi*. Diklat (untuk Kalangan Terbatas) Mata Kuliah Filologi Jawa pada Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- _____. 2011. *Komprehensi Tulis*. Gegaran Mata Kuliah Komprehensi Tulis 1 pada Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Mulyani, Hesti. 2012. *Membaca Manuskrip Jawa*. Gegaran Mata Kuliah Membaca Manuskrip Lanjut Semester VI pada Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- Padmosoekotjo. 1958. *Ngéngréngan Kasusastran Djawa Jilid 1*. Jogjakarta: Hien Hoo Sing.

- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B Wolters' Uitgevers Maatschappij N.V.
- Robson, Stuart. 1988. *Principles of Indonesia Philology*. Holland: Foris Publications.
- Sujamto. 1997. *Reorientasi dan Revitalisasi Pandangan Hidup Jawa*. Semarang: Dahara Prize.
- Simuh. 1988. *Mistik Islam Kejawen Raden Ngabehi Ranggawarsita*. Jakarta: UI-Press
- Saputra, Karsono H. 2010. *Sekar Macapat*. Jakarta: Wedatama Widya Sastra.
- _____. 2008. *Pengantar Filologi Jawa*. Yogyakarta: Wedatama Widya Sastra.
- Sulastin-Sutrisno.1981. *Relevansi Studi Filologi*. Pidato Pengukuhan Jabatan Guru Besar dalam Ilmu Filologi pada Fakultas Sastra dan Kebudayaan Universitas Gadjah Mada Yogyakarta.
- Suseno, Franz Magnis. 1984. *Etika Jawa Sebuah Analisa Falsafi tentang Kebijaksanaan Hidup Jawa*. Jakarta: Gramedia.
- Widyastuti, Sri Harti. 2001. *Suluk Wujil Suntingan Teks dan Tinjauan Semiotik*. Semarang: Kelompok Studi Mekar.

C. Pustaka saking Internet

- Anonim. Tt. "Pengaruh Makanan yang Haram"
<http://rumaysho.com/umum/pengaruh-makanan-yang-haram-2185> tanggal 4 Juni 2014 tabuh 13.00 WIB)
- Anonim. 2012. "Khotbah Jumat: Islam Agama Kasih Sayang".
<http://tunasilmu.com/khotbah-jumat-islam-agama-kasih-sayang/> tanggal 25 Juni 2014 tabuh 15.00 WIB
- Anonim. 2013. "6 Manfaat Beras Merah Bagi Kesehatan Tubuh"
<http://www.artikelkesehatan99.com/6-manfaat-beras-merah-bagi-kesehatan-tubuh/>, kaundhuh tanggal 25 Juni 2014 tabuh 15.00 WIB.
- Backpackermom. 2010. "Filosofi Nasi Tumpeng".
<http://backpackermom17.wordpress.com/2010/04/23/filosofi-nasi-tumpeng/>, kaundhuh tanggal 25 Juni 2014 tabuh 13.00 WIB.

Minhal, Abu. 2010. “Perintah Untuk Saling Menolong Dalam Mewujudkan Kebaikan Dan Ketakwaan”.

<http://almanhaj.or.id/content/2800/slash/0/perintah-untuk-saling-menolong-dalam-mewujudkan-kebaikan-dan-ketakwaan/> kaundhuh tanggal 25 Juni 2014 tabuh 16.00 WIB.

Notokusumo, Tajuri. 2011. “Serba-Serbi Tumpeng”

<http://ngudilaras.blogspot.com/2011/03/serba-serbi-tumpeng.html>,
kaundhuh tanggal 25 Juni 2014 tabuh 13.30 WIB.

Sutanto, Nur Hamid. Tt. “Allâh Cinta Hati Yang Berkasih Sayang”.

<http://alrasikh.uii.ac.id/2012/03/23/allah-cinta-hati-yang-berkasih-sayang/>
kaundhuh tanggal 25 Juni 2014 tabuh 15.00 WIB.

<http://quran.com/> kaundhuh tanggal 25 Juni 2014 tabuh 16.30 WIB.

LAMPIRAN

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

[illegible]

0 MW

